# QARAQALPAQ XALÍQ ERTEKLERI



UOK 398.21 (575.172)
KBK 82.3(5 Qar)
Q—51

**Qaraqalpaq xalıq ertekleri.**
Nókis. «Bilim» baspası, 2018-jıl. 120 bet.

**UOK 398.21 (575. 172)**
**KBK 82.3(5 Qar)**
**Q—51**

Orta jastagı mektep oqıwshıları ushın arnalǵan bul kitapta «Qaraqalpaq folklorı»nıń júz tomlıǵınan saylap alınǵan qıyalıy, turmıslıq hám haywanatlar haqqındaǵı ertekler kirgizildi.

RESPUBLIKALI'Q MA'LIMLEME-RESURSLI'Q WORAYI'
INV № 89912

T 19

**ISBN 978-9943-4436-6-2**

**© Qaraqalpaq xalıq ertekleri, 2017, 2018.**
**© «Bilim» baspası, 2018.**

## ALTÍN KESE

Burıngı ótken waqıtta bir bay bolıptı. Baydıń úsh balası, úsh qızı bolǵan. Bay úlken balasın shaqırıp alıp:

— Balam, men ólgennen keyin dúnya-múlkti bólisip alarsań. Seniń payıńa úlken qarındasıń da seniń menen bolar. Seniń malıńdı jolbarıs qoymas, onnan keyin qarındasıńdı jolbarısqa ber de qoya ber. Dúnyanı tawısıp, talap islep ketkeninde, úlken dalańlıqqa ushırasarsań, sen sonda qonbaǵaysań,— dedi. Bay ekinshi balasın shaqırıp alıp:

— Sen, men ólgennen keyin tiyisli dúnya-múlkiń menen ortanshı qarındasıńa basshı bolarsań. Seniń malıńa qasqır shawıp qoymas, sonda qolıńdaǵı qarındasıńdı qasqırǵa ber de qoya ber. Biraq, talap izlep ketkeninde de qamıslıq jerde qonbaǵaysań, — dedi. Bay kishi balasın shaqırıp alıp:

— Men ólgennen keyin paylı dúnya-múlkiń menen kishi qarındasıńdı qasıńa alarsań. Seniń malıńdı túlki qoymas, sonda qolıńdaǵı qarındasıńdı túlkige ber de qoya ber. Al, talap izlep ketkeninde áwliyeshilikke qonbaǵaysań, — dedi.

Kúnlerden bir kúni bay dúnyadan ótti. Baydıń balalarınıń mallarına bayaǵı atasınıń aytqanınday jolbarıs, qasqır, túlki shabadı. Balalar qarındasların jolbarıs, qasqır, túlkige berip jiberip qoya beredi. Úshewi ákesiniń dúnyasın bir jılǵa jetpey-aq tamam etti. Úlken aǵası eki inisine:

Atamızdan qalǵan dúnyanı tawıstıq, endi talap eteyik, — dep eki inisin ertip talap izlep ketti. Dos bola ma, dushpan bola ma, — dep atasınan qalǵan jalǵız qara qılıshtı ózleri

menen birge alıp ketti. Túni menen jol júrip kesh bolǵanda sheksiz maydanshılıq jerge tap boladı. Eki inisi, usı jerde jatayıq dep sol jerde qonbaqshı boldı. Sol kúni aqsham sol jerde qonadı. Úlken aǵası atamnıń aytqan jerinde ne bar eken dep qolına qara qılıshtı alıp qarawıl turadı. Tún jarpı awǵanda bir dáwdiń kiyatırǵanın kóredi. Bala aldınan shıǵıp dáw menen urıs etip, qılısh penen shawıp taslap, dáwdiń altın pıshaǵın aladı. Erteńine tań atıp, jolǵa rawana boladı. Kúni menen jol júrip keshte kóp qamıslıq jerge tap boladı. Sol jerde baydıń ortanshı balası menen kishisi qonbaqshı bolıp zorladı. Al, aǵası eki inisiniń sózin qıymay sol jerde qonaq boladı. Ortanshısı atamnıń aytqan sózi bar edi dep, qolına qara qılıshtı alıp qarawıl turadı. Tún jarpı awǵanda adam turalmastay qattı dawıl boladı. Dawıldan keyin ısqırıp dem tartqan áydarhanı kóredi. Áydarhaǵa qarsı júrip, qılıshtı kese tutıp turıp aladı. Áydarha qaq bólinip, áydarhanıń sırtqı qayısın soyıp alıp, beline buwadı.

Sonıń menen, tań atıp júrip ketti. Kúni menen jol júrip, úlken áwliyeshilikke tap boladı. Kishkene inisi áwliyeshilikte jatpayıq degende, eki aǵası zorlıq etip sol jerde qonatuǵın boladı. Atamızdıń aytqanı bar edi dep kishi inisi qılıshtı qolına alıp, qarawıl boladı. Tún jarpı awǵanda áwliye jaqqa qarap tursa, jıltıldaǵan ottı kóredi. Bul ne ot eken, xabar alayın dep barsa, bir tigiwli turǵan úydi kóredi. Ishkerige kirip barsa, úsh qızdıń uyqılap atırǵanın kóredi. Altın kese, altın sháynek, samawrında shay qaynap turǵanın sezedi. Bala qızlardıń uyqısın buzbay-aq qoyayın, mınaw belgi bolsın dep altın keseni aldı da qoynına saldı. Sonıń menen, tań atıp, jol júrip ketti. Úshewi ketip baratırsa, bir túyeniń izin kóredi. Sonda turıp úlken aǵası:



— Mına túyeniń gúrek tisi ketik qusaydı, — dedi. Birazıraq júrgennen keyin ortanshısı ayttı:

— Bul túyeniń oń kózi soqır qusaydı, — dedi. Jáne birazıraq jol júrgennen keyin kishkentay inisi ayttı:

— Bul túyeniń bir jaǵına qaq artıptı, bir jaǵına pal artıptı, al ústine júkli qatın minipti, — dedi. Birazıraq jol júrgennen keyin izinen bir atlı kisi jetip keledi.

Joq joyıtqan adam edim, túye kórdińiz be? — dedi. Úlken aǵası turıp:

—Túyeńniń gúrek tisi ketikpedi? — dep soradı.

— Awa, ketik edi, — depti túyeniń iyesi. Ortanshı inisi turıp:

— Túyeńniń oń kózi soqır ma edi? — dedi.

— Awa, soqır edi, — dedi. Kishkene inisi:

— Túyeniń bir jaǵına qaq artqan, bir jaǵına pal artqan ba edi? — deydi, joq joyıtqan adam:

— Tap ózi, urım sizler ekensizler, — dep úshewin patshaǵa alıp keldi.

Túye joytqan patshanıń aldına kelip:

— Men túye joytqan edim, mına adamlar túyemniń túr-túsin aytadı, biraq túyemdi bermeydi, — dedi. Patsha turıp:

— Túyesin kórdińler me? — dedi.

— Joq, taqsır, túyesin kórgenimiz joq, tek izin kórdik, — dedi.

— Izin kórip, túr-túsin bilgenimiz mınaw edi: Túye ketip baratırǵanda jol boyındaǵı jantaqtıń eki shetin qalpıp, ortası qalǵan eken, sonnan soń gúrek tisi ketik eken dep oyladım,— dedi... Ortanshı inisi:

— Túye joldıń shep jaǵın otlap, oń jaǵın otlamaǵan, sol ushın oń kózi soqır eken dep oyladım, — dedi. Kishkentay inisi:

— Bir jerlerge barǵanda túyeni shógiripti. Shógirgen jerinde shıbın úymelep atırǵanın kórdim. Ústine mingen adam maydanǵa shıqqanda qolın tayanǵanın kórip, bir jaǵına qaq artqan, bir jaǵına pal artqan, ústindegi júkli qatın eken dep oyladım. Basqa hesh zat kórgenimiz joq, taqsır, — dedi. Patsha wázirge ım qaqtı. Wázir ketti de bir qırmamıń ústine tóńkerilgen keseni ákeldi: «Sizler sınshıl bolsańız usı keseniń astında ne bar? — dep soradı. Úlkeni turıp ayttı:

— Keseniń astında domalaq zat bar, — dedi. Ortanshısı ayttı:

— Domalaq ta bolsa qara eken, — dedi. Kishkentayı turıp:

— Ózi domalaq bolsa, ózi qara bolsa ánjir shıǵar,— dedi. Keseni kóterip qarasa aytqanınday ánjir eken. Patsha túye iyesin quwıp jiberip, úshewin sol kúni aqsham miyman aladı. Miyman alıp, ústine ot jaqqısh qoyıp, bular ne sóylesedi eken dep ot jaqqıshqa qattı tapsırıp jiberedi. Bulardıń ústine barıp, patsha da sóylesip otırıp ketti. Patsha ketkennen keyin úlkeni turıp ayttı:

— Patsha nanbaydıń balası eken, — dedi. Ortanshısı ayttı. Bergen sharabı adamnan bár alǵan eken, — dedi. Kishkentay inisi:

— Jegen etimiz iytten bár alǵan eken,— dedi. Ot jaqqısh shıǵıp ketken qusap, patshaǵa bulardıń sóylesken sózin ayttı. Patsha qolına qılıshın alıp sheshesine bardı.

— Qáne, men kimniń balasıman? — dedi.

— Shıraǵım, ózimniń balamsań,— dedi.

— Joq, shınındı ayt, bolmasa shawıp taslayman! — dedi. Sheshesi qorıqqanınan:

— Shınımdı aytsam, men patshanıń hayalı edim, men ómirimde ul tuwmadım. Mına qońsı nanbaydıń hayalı da júkli boldı, men de júkli boldım. Bul hayal meniń qıyametlik dosım edi. Ol qızǵa zar edi. Ekewimiz tuwmastan burın sırlasıp, ol ul tuwsa maǵan bermekshi boldı, men qız tuwsam oǵan bermekshi boldım. Aytqanımday men qız tuwdım, ol ul tuwdı. Ekewimiz almastıq. Seniń nanbaydıń balası ekeniń ıras, shıraǵım, — dedi.

— Qáne, sen sharabıńa adam qostıń ba?! — dedi.

— Joq, adam qosadı degen ne, mınaw biyday, mınaw jiyde, usılardan isledim, — dedi.

— Joq, shınıńdı aytpasań shawıp óltiremen, — dedi. Sharap satıwshı:

— Shınımdı aytayın, taqsır. Usı jerge bir adam kelip, sharap iship jarılıp óldi. Sol adamdı mına bochkanıń astına kómip edim, sonnan bár alǵan, bolmasa, qosqanım joq, — dedi. Patsha bunnan ketip, qozını bergen jerge bardı. Barıp:

— Qáne, seniń qozıń neden biná bolǵan? — dedi. Sonda qozınıń iyesi:

— Joq, ózimniń qoyımnıń balası, — dedi. Patsha qáhárlenip:

— Shınıńdı aytpasań shawıp taslayman! — dedi. Ol adam qorıqqanınan:

— Taqsır, shınımdı aytsam sol qozımmıń anası tuwıwdan óldi. Sol kúni mına qanshıǵım da kúshikledi, jas qozı shóp jey almaytuǵın bolǵan soń ólip qalar dep qanshıǵıma emizip edim, basqa hesh nárse joq, — dedi. Patsha búyerden qaytıp, miymanlardıń ústine kirdi.

— Qáne, miymanlar, meniń nanbaydıń balası ekenimdi qaydan bildińizler, — dedi.

— Seniń nanbaydıń balası ekenligińdi sezgenimiz, eki shórekti bir búklep awzıńa tıqtıń da qoydıń. Bizler bir-birlep jeleymiz. Sonıń ushın, seni nanbaydıń balası dep aytqanımnıń sebebi sol, — dedi.

— Ishken sharabıńnıń adamnan bár alǵanın qaydan bildiń? — dedi. Ortanshısı ayttı:

— Sharaptı iship bolǵannan keyin ishim ulı way-way bolıp ketti, sol sebepten adamnan bár alǵan dep oyladım, — dedi.

— Sen jegen qozınıń iytten biná bolǵanın qaydan bildiń? — dedi, patsha eń kishkenesine.

— Tamaqtı jep bolǵannan keyin ishim ulı ırıldı bolıp ketti. Sol sebepten iytten bolǵan dep oyladım, — dedi bala. Patsha:

— Sózlerińiz durıs, naǵız kózi ashıq ekensiz, — dedi. Sol kúni sol jerde miyman bolaman dep patsha solar menen birge boladı. Tún jarpı awǵanda kishkentay inisi oyanıp qarasa, qattı dawıl bolıp tur eken. Kishkentay inisi qolma qılıshtı alıp juwırıp shıqsa, dawıl bolıp turǵan áydarhanıń demi eken. Bala áydarhanı teń bólip taslaydı. Bunnan keyin qılıshtı qınapqa salayın dep atırǵanda qılısh shıńǵır etip ses beredi. Sol waqıtta patsha oyanıp ketip, meni shabayın dep atırsań dep balanıń qolınan táp berip uslap aladı.

— Joq taqsır, sizdi óltireyin dep atırǵanım joq. Dem tartıp turǵan áydarhanı shawıp keldim, — dedi. Patsha balanıń sózine inanbadı. Sonıń menen, tań atıp, patsha dalaǵa shıqsa bir áydarhanıń ólip atırǵanın kóredi. Patsha bulardıń ıras aytqanın bilip, miymanlardı arzaxanaǵa aparıp, ne awhallar ushırasqanın soradı. Sonda úlken aǵası atasınıń óler aldında aytqan sózin aytıp, dáwdi óltirip alǵan pıshaǵın patshanıń aldına qoydı. Ortanshısı atasınıń ólerdegi qamıslı jerde jatpa

degen sózin aytıp, jolda áydarhanı óltirgenin, sırtqı qayısın alıp orağanın aytıp, qayıstı patshanıń aldına qoydı. Kishkentay inisi áwliyeshilikke qonğanda úsh qızğa ushırasıp, olardıń altın kesesin urlap alğanın aytıp, bul da altın keseni shığarıp patshanıń aldına qoydı.

— Áne, sol úsh qız usı patshanıń qızı edi. Adam balası kórmesin dep uzaqtağı áwliyege qondırıp edi. Patsha qızların bulardıń kórgenin bilip, úsh qızın úsh jigitke nekelep berdi.

Úshewine enshisin berip basqa shığardı. Sonıń menen birge, úshewi óz aldına talap isledi. Sonıń ishinde eń kishkene inisi asqan dáwletli boladı.

Bir kúni kishi bala Ádil shikarğa shığıp júrgende bir kempir tap boladı. Kempir «ulım joq, men bir júrgen biysharaman. Sen meni úyińe alıp barsań otıń menen kirip, kúliń menen shığayın, seniń óle-ólgenshe xızmetińde bolayın, — dep jalındı. Ádil kempirdi úyine alıp keledi. Ádildiń hayalı aqıllı nashar edi. Ol kempirdiń úyine kirip keliwinen-aq onıń erkek ekenin tanıydı.

— Ádil, sen usı kempirdi jaman ákeldiń-aw, bul kempir emes, erkek adam ğoy, — deydi. Ádil hayalınıń sózine qulaq aspay:

— Ne ózińniń aytıp otırğanıń, kempir de erkek adam bola ma eken,— dep keyip taslaydı. Sonıń menen, kempir Ádildiń úyinde bolıp, otı menen kirip, kúli menen shığıp júre berdi.

Bul kempir qızdıń aytqanınday úsh qırlı kóse degen adam edi. Qırlı kóseniń úsh ayaq atı bar edi, jer menen júrmey aspan menen ushar edi. Bir kúni úsh qırlı kóseniń kewline jamanlıq kirip, úsh ayaq atın shaqırıp, Ádil uyqılap atırğan waqıtta qızdı attıń aldına salıp, alıp qashadı. Ádil azanda

oyanıp qarasa, qasındağı hayalı da joq, úyindegi kempiri de joq ekenin kóredi. Ádil hayran bolıp, bayağı hayalmıń aytqanı esine túsip, kempir dep ákelgeni erkek ekenin biledi. Ózimniń tapqan bálem ğoy, bunı atlı izlemeyin, piyada izleyin dep, qálender kiyimin kiyip, hayalın izlep kete beredi. Neshshe kún jol júrip, bir awılğa tap bolsa, bir top balanıń ishinen bir bala ayırılıp shığıp, «haw, meniń dayım kiyatır ğoy» dep aldına túsip kete beredi. Ádil de bul ne qılğan meniń jiyenim dep balanıń izinen júre beredi. Bala júrip otırıp, bir úyge kiredi. Ádil de izinen kiredi. Kirse, bayağı jolbarısqa bergen apasın kórip jılasıp-sıqlasıp, saw-salamat sorasadı. Kún batıp, ımırt jabılğanda Ádil jolbarıstıń ıńıranıp kirip kiyatırğanın kóredi. Sol waqıtta apası jolbarıstıń aldına shığıp:

— Úyge qonaq keldi, ústińdegi kebińdi taslap kel! — deydi. Jolbarıs keyin shığıp, ústindegi kebin sheship, bir jas jigit bolıp úyge kirip keledi. Bir apamızdı jolbarısqa berdik desek, bul jolbarıs emes, bahadır jigit eken ğoy dep oylaydı Ádil. Sol kúni miyman bolıp, azanda úy iyesi Ádilden jol bolsın soraydı. Ádil hayalın bir kempirdiń urlap ketkenin aytadı. Sonda jezdesi:

— Sol kúni men mına tawdıń ústinen túsip kiyatırğammda tún jarpı waqtı edi, sol waqıtta aspanda «Ádil-Ádil» dep ketip baratırğan birewdiń dawısı qulağıma kelip edi. Sol seniń hayalıń eken-aw. Úsh qırlı kóse degen bar dep esitiwim bar edi, seniń hayalıńdı alıp baratırğan sol eken-aq. Endi qasqır jezdeń bar, bir bilse sol biler, — dedi.

Ádil erteńine jolbarıs jezdesinen qasqır jezdesiniń jolın sorap kete berdi. Neshshe kún jol júrip bir awılğa kelse, bir top balanıń oynap júrgenin kóredi. Kóp balanıń ishinen bir bala juwırıp shığıp, «dayım kiyatır eken, apamnan súyinshi

sorayman», — dep juwırıp úyine qaray kete berdi. Ádil de balanıń izinen qalmay, bala kirgen úyge bul da kirip baradı. Barsa, qasqırǵa bergen ortanshı apasın kóredi. Jılasıp-sıqlasıp, apaq-shapaq bolıp tabısıp atırǵanınıń ústine kók sur shunaq qasqır jetip keledi. Hayalı:

— Úyge miyman keldi, ústindegi kebindi taslap kel, — degende, qasqır ústindegi kebin taslap, jas jigit qálpine kelip, kirip keldi. Sálemlesip, tanısıp, qonaqtı bir kún miyman qıladı. Azanda Ádilden jol bolsın soradı. Ádil hayalın kempir bolıp kelip bir jigittiń alıp ketkenin ayttı.

— Sol kúni men taw basında júrgenimde «Ádil-Ádil» dep joqarıdan dawıs shıǵıp edi, sol seniń hayalıń eken-aw. Ana tawdıń bawrayında úsh qırlı kóse bar degendi esitiwim bar edi, onda sol alıp ketken. Jolıńda túlki kúyew balań bar, sol adamnıń qáyerde ekenin taqıq biledi, sen sonnan soray ǵoy, — dedi.

Bir-eki mezgil jol júrgennen keyin Ádil keshikpey bir awılǵa gezlesti. Awıldı aralap júrse kóp balanıń oynap atırǵanınıń ústinen shıqtı. Sol balalardıń ishinen bir bala juwırıp kelip, dayı dep jabısa ketti. Bul da jiyenim dep, tanımasa da tanıǵanday bolıp, máğar bolsa, túlkige bergen qarındasımnıń balası shıǵar dep balanıń izine erdi. Bala óz úyine alıp bardı. Kirip barsa, qarındasınıń otırǵanın kórip, jılap-eńiresip, hal-jaǵday sorasıp otırǵanınıń ústine tisi ırjıyıp túlki kúyew balası jetip keldi.

— Shıq maydanǵa, ústindegi kebindi taslap kel, úyge miyman keldi! — dedi qarındası túlkige. Túlki dalaǵa shıǵıp ketip, kebin taslap bir sulıw jigit bolıp úyge kirdi. Sol kúni miyman qılıp, azanda jol bolsın soradı. Ádil túlkige basınan ótkenin, qatınının úsh qırlı kóseniń alıp ketkenin ayttı. Túlki duwaxan jigit edi. Ózi alǵır, epshil shaytan edi.



— Sol kúni men túnde dalaǵa shıqqanımda joqarıdan tómenleńkirep «Ádil-Ádil» dep jerge túskendey boldı, sol seniń hayalıń eken-aw. Usı tawda neshshe jıldan kiyatırǵan úsh qırlı kóse degen bar. Onıń úsh ayaq atı bar. Ol ushqan qustan hám júyrigirek. Úsh qırlı kóse qattı bahadır palwan jigit. Izińe jetip alar da jelkeńnen tutıp alıp, aspanǵa alıp shıǵar. Jerge taslap jiberip, qatınıńdı qaytıp alıp keter, barmay-aq qoysań qáytedi, aǵa, — dedi.

— Joq, barmasam bolmaydı, bir barıwǵa baraman, — dedi.

— Onda, bir mıńǵa jaqın jılqım bar, qálegenińdi uslap min, qolıńa jaw-jaraǵıńdı alıp, barsań bara ǵoy. Bir táwekel etseń ete ǵoy. Eger ólseń ózim járdem etermen, — dedi. Túlki kóldegi jılqısına aparıp, kóp jılqının ishinen Ádilge tańlaǵan atın uslap berdi.

Ádil atlanıp, túlki kúyew balasın aldına salıp tawdı aralap kete beredi. Bir jerlerge barǵanda, túlki:

—Al, aǵa, men qaytaman. Usı tawdıń eteginde úsh qırlı kóseniń úyi bar, ol ózi ańǵa ketken shıǵar. Bar da qatınıńdı alıp qasha ber, — dedi. Ádil kúyew balasınıń aytqan jerine barıp, úsh qırlı kóseniń úyine bardı. Barsa hayalınıń otırǵanın kórip, qushaqlasıp kórisip:

— Al, endi keteyik, at alıp keldim, — dedi. Hayalı bunı maqul kórdi. Ádil hayalın artına mingestirip qashıp shıqtı.

Úsh qırlı kóse ań awlap ketken edi. Keshte ańnan kelse, úyinde qatın joq ekenin kóredi. Kóse úyine bir atlınıń kelip ketken izin kóredi. Ol Ádildiń kelip, hayalın alıp ketkenin sezedi. Bunnan keyin kóse úsh ayaq atına minip Ádildiń izinen quwıp ketti. Bir jerlerge kelgende Ádildiń izinen jetti. Kóse Ádildi at ústinen kóterip alıp, joqarıǵa shıǵarıp taslap

berdi. Joqarıdan túsken soń ne ońsın, Ádil túsken jerinde jan tapsırdı. Úsh qırlı kóse qatındı alıp úyine baradı.

Túlkige tınıshlıq bar ma, ana taw menen mına tawdı gezip júrgende bir ólikke tap boldı. Ólikti jıynastırıp qurastırıp qarasa, Ádildiń túr-túsine usaǵan. Túlki dárriw duwanı oqıp, dem urıp, Ádildi óz qáddine keltiredi.

— Aytpadım ba aǵa, úsh qırlı kóseden qatındı alıw qıyın dep, aytqanım keldi me,— dedi.

— Endi barıwdıń qanday jolı bar, inim. Sen bolsań jerdiń astın-ústin qoymay júrseń, bir esabın sen tappasań, — dedi.

Qatınǵa piyadalap barıp, úsh qırlı kóseniń úsh ayaqlı attı kimnen, qayerden alǵanın soraǵaysań. Sen de sol attıń tuqımınan bir at tawıp alıp, sonnan soń hayalıńdı alıp qashpasań, basqa ilaj joq, — dedi. Qatınına barıp, oylasıp-keńesip, bar sumlıǵın ayttı.

Qatını da maqul kóredi. Bunnan keyin Ádil ketip, bir tawdıń jırasına barıp jasırınıp jatıp aladı. Keshte úsh qırlı kóse kelgennen keyin qatın oynap-kúlip otırıp:

— Sen bunday júyrik attı qaydan tapqansań? — dep soradı. Kóse hesh aytpadı. Qatın arjaq-berjaǵına shıǵıp aytpasına qoymadı.

— Sen ǵoy qoymadıń, aytayın endi. Men talap etip júrip úsh kún tomar qopardım. Úsh tawdıń baslanǵan jerinde bir dóńgelek taw bar. Sol tawdıń ústine tomardı úyip úsh kúnge shekem órtedim. Úsh kúnnen keyin taw eki ayrıldı. Áne, onnan keyin úsh qoydı úytpe qılıp sol tawdıń jarıǵına kirip kettim. Tawdıń qarnında úsh aq otaw bar eken, aldında qulınlı ala baytal baylawlı tur eken, qulının ala qashtım. Tórt iyt quwdı. Úsh úytpe qoyımdı úsh iytke tasladım, al bir

iytke berer hesh nársem bolmadı, qalǵan iyt ala qulınnıń bir ayaǵın julıp alıp qaldı. Sol sebepli úsh ayaq at boldı, — dedi. Qatın attı qaydan alǵanın bilip aldı. Úsh qırlı kóse atın minip azanda ańǵa ketti-aw degen waqıtta Ádil qatınına jetip kelip, attı qaydan alǵanın soradı. Qatın attı qaydan alǵanın birim-birim bayan etti. Ádil sol jerden ǵırra keynine qaytıp, túlki kúyew balasına kelip, attı qaydan alǵanın ayttı. Túlki kúyew balası tórt qoy beredi. Ádil tórt qoydı aydap, bayaǵı tawǵa keldi. Úsh kún tomar qoparıp, úsh kún tawdıń basında ot jaqtı. Bir waqıtları taw qaq jarıldı. Ádil tórt qoydı úytpe qılıp tawdıń jırasına kirip ketti. Ádil tómenge barsa, tigiwli turǵan tórt aq otawdıń aldında baylawlı turǵan ala baytaldı kórdi. Ádil ala baytalǵa mindi de ala qashtı. Sol waqıtta tórt iyt tórt jaǵınan harlap shıǵa keldi. Tórt úytpe qoydı tórt iytke tasladı. Endi ala baytalǵa shúw dese, bir adım baspaydı. Bir qara kórim jerge bir mezgilde zorǵa jetti. Qatınǵa kelip:

— Siziń aytqanıńız benen tapqan jılqımız mınaw, haqqa táwekel etip, usı baytal menen bir qashıp kóreyik, — dedi.

— Qashshaq qashayıq, úsh ayaq ala attıń anası ǵoy, jılqı da bolsa miyrimi túser, — dep ekewi atqa mingesip qashtı.

Úsh qırlı kóse ańnan kelse, úyinde hayalı joq. Ádildiń tirilip kelip alıp ketkenin biledi. Úsh qırlı kóse Ádildiń izinen quwa jóneldi. Ádil adım-adım qashıp kiyatırsa, bir jerlerge kelgende ala baytal toqtap qalıp, aspanǵa qaray gúldir-gúldir kisneydi. Sol waqıtta baytal izinen úsh qırlı kóseniń quwıp jetkenin, qulınınıń jaqın kelgenin bilip kisnegen eken. Sol waqıtta aspanda kiyatırıp úsh ayaq at ta kisneydi. Aqıllı jamwar anasınıń sestin tanıp, úsh qırlı kóseniń ayaǵına awız salıp, jerge zıńǵıtıp jiberedi. Úsh qırlı kóse aspannan túsken

soń ne ońsın, súyegi kúl-kúl boladı. Bunnan keyin úsh ayaq ta aspannan áste-áste jerge túsip, anasın taltayıp emip tura qaladı.

Áne, Ádil ólimnen qutıldı. Ekewi ekewin minip, túlki kúyew balasınıń úyine keledi. Sol kúni miyman bolıp, erteńine juwap sorap eline qayttı. Túlki kúyew balası kóp altınlar berip jolǵa shıǵarıp saladı. Ádil sol ketisten qasqır jezdesinikine baradı. Búyerde hám bir aqsham miyman bolıp, bir batpan ǵarejeti menen Ádildi shıǵarıp saladı. Jáne neshshe kún jol júrip jolbarıs jezdesinikine barıp, bir aqsham miyman boladı. Erteńine at ton sarpayı menen Ádildi jolǵa shıǵarıp saladı. Ádil neshshe kún jol júrip aman-esen eline quwıstı. Eline kelip, zawqı-sapasın súrip, murat-maqsetine jetti.

## QARA ATLİ BALA

Burmǵı ótken zamanda bir ǵarrı bolıptı. Onıń bir balası bolıptı. Ol ózi batır, ózi palwan, qaytpas qara dáw boladı, jası jigirmaǵa keledi. Balanıń murnına jigitlik shamalı enip, óziniń boyına ılayıq yar izleydi. Hár jerlerge barıp ózine miyasar yar taba almaydı.

Áne, bir kúni bala uyqılap jatır edi, túsinde úsh qızı bar patshanı kóredi. Onıń eń kishkenesi kútá sulıw, kórgen jannıń es-aqılın alatuǵın bir periyzat eken. Bala oǵan ashıq bolıp mashaqatlanıp atırǵanda oyanıp ketedi. Oyansa, túsi eken.

Áne, bul qız jatsa túsinen, oyansa oyınan shıqpaydı. Sonıń jolında japa shegip sarǵayadı, qapalıq penen qaraydı, aqıl-huwıshın alıp esten ayrıldı. Keyin bala ata-anasına kórgenlerin aytıp, tilek bildirdi.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
INV № 59912

— Men sol qızdı tappağan shelli kewlim qarar tabatuğın emes, sizler mağan ruqsat beriń, men sol qızdı izlep tawıp, baxtımdı sınayın, — dedi. Ata-anası baladan ayrılıp qalamız dep qáwiplense de, balasınıń ashıqlıq dártinen japa shekkeninen sarğayıp ketkenin kórip, haq pátiyasın berip, ruqsat etedi.

Bala ashıqlıq dártine túsip japadan jalğız jolğa rawana boladı. Birneshe kún jol júrip pıshıq murnı batpas toğaylıqqa keledi. Bala harıp-sharshap dem alıp otırsa, toğaydıń ortasında ıńırsığan jolbarıstıń sestin esitedi. Bul ne eken dep bala ayağın ańlap basıp jaqınlap qarasa, ayağına jiydeniń shóngesi kirip júre almay azap shegip atırğan jolbarıstı kóredi. Bala jolbarıstı ayap juwırıp qasına baradı da, ayaqların sıypap, uwqalap óldim azar degende ayağınan shóngeni suwırıp aladı. Balanıń jolda jermen degen azğantay sarı mayı bar edi, kóyleginen jırtıp, sarı maydı jağıp, jolbarıstıń ayağın tas qılıp orap tasladı. Birneshe kúnnen beri tınıshlıq kórmegen jolbarıs uyqılap tınısh taptı. Bala da sol jerde otırıp awqatlanıp dem aldı.

Jolbarıs uyqıdan oyansa, qasında bir adamnıń otırğanın kórip, onıń jaqsılıq etkenin bildi. Ol bılay dedi:

— Siz mağan jaqsılıq ettińiz, men siziń jaqsılığıńızdı umıtpayman, siz meniń jelkemnen bir qısım jalımdı kesip alıńız, tarıqqanıńda usınıń birewin tútetkeysiz, men tayın bolaman, meniń qolımnan keler jaqsılığım usı, — dedi de jolbarıs kózden ğayıp boldı.

Bala bunı túsi ekenin yamasa ońı ekenin bilmey, ań-tań qalıp, alğa qarap júrip kete berdi. Birneshe kún jol júrip, aqırında júriwge halı kelmey, bir jerge barıp jığıldı. Usı jerde bayağı jolbarıstıń berip ketken bir qısım jalı yadına túsip, birewin tútetip edi, jolbarıs «ne jumısıń bar» dep tayın boldı.



— Maǵan qarıw-jaraq, bir at, bir qus, bir tazı tayın qılıńız! — dedi. Jolbarıs hámmesin taym etti. Bala attı minip, jaw-jaraqtı iynine ilip, qustı qolına qondırıp, tazını ertip, jolǵa rawana boldı. Qus salıp,ań awlap izlegen qızdıń eline kelgenin de bilmey qaldı.

Bala atın toyındırıp, qusın jemlep jata beredi. Biraq, qalaǵa kiriwdiń esabın tabalmadı. Áne, bala otırıp oy taptı.

— «Qolımdaǵı qusımdı, astımdaǵı atımdı, qarıw-jaraqlarımdı joq qılmayın, taz kebine túsip qoyshı bolayın, sóytip hámelin tawıp qalaǵa kireyin», — dedi. Sóytti de jolbarıstıń bir jalın tútetip edi, jolbarıs tayın boldı.

— Ózimnen xabar bolmaǵansha usı attı, jaw-jaraǵımdı toǵayǵa aparıp, sırtınan qarawıllap júre ber! — dedi. Jolbarıs maqul dedi. Bala basına taz kebin kiydi, ústine alba-dulba shapan kiyip, samayı aǵarǵan bir quw taz boldı da qaldı. Ol zamanda ana qala menen mına qalaǵa kárwan júriwshi edi, bala qoy aydaǵan shopan boldı da sol kárwanlar menen birge qalaǵa kirip ketti.

Bala qalanı aralap júre berdi. Sol waqıt qawın pisiktiń waqtı eken. Bala sóytip júrip patshanıń qawının baǵıp otırǵan ǵarrıǵa jolıqtı. Bala sol qawınshı ǵarrınıń qol balası bolıp júre berdi.

Endigi gápti patshanıń qızınan esitiń. Patshanıń úsh qızı bar edi. Eń kishkene qızı aqıllı, ay dese awzı, kún dese kózi bar sulıw qız edi. Ol uyqılap jatıp tús kórdi. Túsinde astında qara atı bar, ústinde qarıw-jaraǵı, qolında qusı, izinde tazısı bar, ózi jigirma bes jasında, túr-sımbatı kelisken bir jigitti kórip, soǵan ashıq boldı. Oyanıp ketse, túsi eken. Túsinde kórgen jigitti kóz aldında eleslep, qızdıń kewlinde ashıqlıq otı

tawlap, sol jigittiń jolında ashığıw zar boldı. Qız jigittiń bul elatqa kelip, qawınshı ğarrınıń qasında júrgenin bilmeytuğın edi.

Bir kúni qız jigittiń túr-túsin aytıp, kóshede bolsın, el arasında bolsın, qayda bolmasın mağan tawıp ákelip beriń dep qolına altın menen gúmis berip, el arasına jansız da jiberedi, biraq hesh jerden tabalmay qaytıp keldi. Qızdıń ashıqlıq dárti kúnnen-kúnge artıp, júzi zapıranday sarğaydı. Aqırında, eldegi qorrandozlarğa qorra taslatıp ta kórdi, olar:

— «Ol jigitiń hesh jaqta emes, ózińniń oyaq-buyağında. Ol da sağan ashıq bolıp, seni túsinde kórip, bir kóriwge intizar bolıp júr eken. Ol ózi bul jerdiń adamı emes, uzaq jerden kelgen eken, ózi bahadır, xoshúrey jigit eken. Usı kúnleri ústindegi kiyimlerin taslap, túr-túsin bidirmey taz kebine túsip júr. Usı jigitti qawınshı ğarrınnan bir sorap kór» — dedi. Qız usı sózdi esitip, birew bolmasa birew kórip qoyar, ózim anıqlap kóreyin, dep qawınshı ğarrınıń qasına bardı. Qawınshı babanıń qasında káli samayına túsken, eńsesi joqarı qaray ósken, hár kózleri botanıń kózindey bir músindey jigitti kórdi. Qız, túsinde kórgen qara atlı, saltanatlı jigittiń usı ekenin, ózin sezdirmew ushın taz kebine túsip hiyle menen júrgenin bildi.

Áne, bir kúni patsha taxtında otır edi, qawın jegisi keldi. Úsh qızın shaqırıp alıp:

— Balalarım, meniń qawın jegim keldi. Qawınshı atańa barıp, bir-birden qawın alıp keliń! — dedi. Úsh qız ájep boladı dep, qawınshı babağa barıp, patsha atasınıń qawınğa jibergenin ayttı. Sol waqıtta bala qızlardı kórip, túsinde kórgen qızğa kewli ketti.

Bala úshewiniń de boy jetkenin kórip, qızlar «men boy jettim» dep atasına qalay aytsın, men qızlarınıń boy jetkenin

patshaǵa bildireyin dep, palızǵa barıp, irip-pisip ketken qawındı úlken qızǵa, soǵan jete ǵaba qawındı ortanshı qızǵa, tolıǵıp pisken qawındı kishkene qızǵa ákelip beredi.

— Úsh qız qawındı kóterip atasına aparıp berdi. Patsha úlken qızdıń ákelgen qawının jarıp edi, jewden ótisip ketken eken, ortanshı qızınıń qawını jewden ótisińkirep baratırǵan eken, al kishi qızının qawını naǵız pisip jetilisken eken. Patsha aylanıp otırıp, — bul sırǵa túsindi. «Ha, úlken qızımnıń irip-pisip ketken qawını ákelgeni, men boy jetip, waqtım ótip baratır degeni eken, ortanshı qızımnıń da men de sonday boldım degeni eken, kishi qızımnıń dál pisken qawındı ákelgeni, boy jetip, shaǵıma toldım degeni eken» — dep oyladı.

Patsha erteńine qızlardıń anasın shaqırıp alıp, bolǵan isti aytadı.

— Men sizge qızlar erjetti dep qashshan-aq aytpadım ba, siz tıńlamaǵan edińiz, aldıńızǵa keldi me? Endi sizge meniń tilegim, qızlar endi kimdi qálese, soǵan berińiz! — dedi qızlardıń anası. Patsha qızların shaqırıp alıp, úshewiniń qolına úsh alma berdi.

— Sizler qálegen jigitińizdi alma menen urıń, men sizlerdi sol urǵan jigitińe beremen, — dedi. Patsha erteńine jar urdırıp, barlıq elatın jıynadı. Adamlar qızlardıń aldınan óte basladı. Endi jetpis, seksen jasar ǵarrılar da qalmay kelip, patshanıń qızlarına talaban boldı. Patshanıń úlken qızı wázirdiń balasın, ortanshı qızı baydıń balasın urdı, al kishkentay qızı hesh kimdi urmadı. Qız ayttı:

— Ata, qalańızda ele kelmey atırǵan bala bar, sonı aldırıń? — dedi. Patsha wázirlerine buyrıq etti.

— Patshayım, siziń qawınshı ǵarrıńızdıń janında bir kál bala qaldı, onnan basqası kelip boldı, — dedi wázir. Patsha

sol balanı alıp keliń dep ámir qıldı. Wázirler balanı zirildetip qızdıń aldına kelip edi, qız kál balanı alma menen urdı. Patsha qızınıń káldi urǵanına qattı ashıwı keldi.

Patsha úsh qızın jigitke qostı da, úlken qızı menen ortanshı qızına eki otaw tigip berdi, al kishi qızına hesh nárse bermedi. Bul eki ǵárip mal baylaytuǵın seyisxananıń bir múyeshin alıp, ekewi sonda bola berdi.

Bir kúni patsha ań etin jegisi kelip, eki kúyew balasın ańǵa jiberdi. Bunı bala bilip, bul da eshekke minip izinen júre berdi. Bala awıldan shetirek shıǵıp, bayaǵı jolbarıstıń jalın tútetip edi, jolbarıs balanıń atın, jaw-jaraǵın alıp jetip keldi. Bala keshke shekem júzlegen qoyan-qırǵawıl atıp aldı. Al, ana ekewi hesh nárse atalmadı. Bala at-jaraǵın jolbarısqa taslap, alǵan ańların eshegine artıp kiyatırsa, alǵan soqır qoyanı joq, súmireyip kiyatırǵan eki bajasın kórdi. Eki bajası bos barıwdıń ilajın tappay baladan toǵız-toǵızdan qarız beriwge qoyan, qırǵawıl soradı. Bala bulardı masqara eteyin, eki bastan patsha meni mensinbey, mal menen teń sanap seyisxanadan orın berdi. Bularǵa aq otaw tigip berip, mennen artıq kórdi dep, bılay dedi:

— Jaqsı, men qarızǵa bermey-aq qoyayın, biraq, qolımdaǵı júzigimdi qızdırıp quyrıqlarına basayın, onnan keyin ekewińe toǵız-toǵızdan qoyan, qırǵawıl bereyin, — deydi. Eki mırza oylasıptı. «Quyrıǵımızdı birew kórip atır ma, biziń bos barǵanımız uyat bolar», dep júzikti quyrıqlarına bastıradı. Sóytti de, olar tiyisli qoyan, qırǵawıllarını alıp kete berdi.

Úshewi úylerine kelip, keshqurın patsha atasın úylerine tamaqqa shaqırdı. Patsha úlken qızı menen ortanshı qızınıń asqan tamaqları ashshı bolǵanlıqtan, jey almadı. Al, kishi

qızınıń úyinen jegen awqatı mazalı, jegen sayın jegisi kele beredi. Patsha awqatlanıp úyine qayttı. Bir kúni sol elde úlken toy boldı. Patsha menen eki kúyew balası hayalları menen túrli hasıl kiyimlerin kiyip toyǵa ketti. Bala hayalı menen ekewi toyǵa shaqırıwsız qala berdi. Bunnan keyin bala: men bulardı qızıq qılayın dep oyladı. Ol hayalın toyǵa jiberdi de, ózi bayaǵı qara atın minip jaw-jaraǵın asınıp toyxanaǵa bardı. Toy iyesi uzaqtan kiyatırǵan jolawshı eken dep, toyxanadan orın berip, húrmet etti. Bala toy payın jep bolǵannan keyin:

— Sizlerdiń jas ullılarıńız qayda boladı, men bir qul qashırǵan adam edim, sol qullarımdı usı toydan tawıp otırman,— dep bayaǵı eki bajasın kórsetedi.

— Qanday belgiń bar? — deydi.

— Quyrıǵında basqan júzigimniń belgisi bar, — dep qolındaǵı júzigin kórsetedi. Sheshindirip qarasa, ıras eken. Patsha ań-tań boladı. Bunnan keyin bala sol jerde patsha atasına islerdiń hámmesin birme-bir aytıp beredi hám óziniń kim ekenin tanıstıradı. Patsha óziniń kishi qızınıń kúyewi ekenin bilip, otız kún oyın, qırıq kún toyın berip, sán-saltanatı menen qızın uzatadı. Bala birneshe kún jol júrip eline kelip, ǵarrısına aman qosılıp, bay dáwletli, perzentli bolıp, muradı-maqsetine jetedi.

## TÚLKI MENEN BÓDENE

Bir bar eken, bir joq eken, burınǵı ótken zamanda bódene hám túlki bolǵan eken. Jolı dus kelip, ekewi joldas bolıptı. Jol qısqarsın dep ekewi qızǵın áńgimege kirisipti.

Túlki quyrıǵın tawlap taslap:

— Bódenejan, ash boldıq ġoy, bir ilajın kórsek qáytedi? — deydi.

Bódene:

— Boladı Túke, jónekey birneme kórermiz-dá.

Túlki menen bódene jol boyı jegendey jemek gezlespes pe eken degendeyján-jaġına qaranıp kiyatırsa, baslarına jaymaq kóterip bir jaqqa ketip baratırġan hayallardı kóredi. Bódene búlk etipti. Túlki de dárriw súzile qalıptı.

Bódene dárhal ushıp barıp hayallardıń aldına tomp etip túsipti. Ol sol qonıwı boyı jol menen jorġalay beripti. Hayallar bódeneni uslamaqshı bolıp japa-tarmaġay umtılıptı. Olar dasturqanların jerge qoya sala, bódeneni quwa jóneledi. Bódene de áste-áste jorġalaptı da otırıptı. Hayallar bódeneni quwa baslawdan túlki dasturqandaġı tamaqlardı bir shetinen jey beripti, jey beripti.

Hayallar bódeneni tuta almay dasturqanına qaytıp kelse, ishinde náwiye hesh nárse joq, barlıġı da ada bolıptı. «Wah» dep qalıptı.

Bódene sol jorġalawı menen biraz uzap ketip, endi túlkini izlep taba almay júrse, onıń jol shetindegi bir torańġıldıń túbinde shalqasınan túsip jatırġamn kóre sala:

— Ha, Túke, qalaysań, toydıń ba? — depti oġan.

Sonda túlki:

— Way, bódenesi bar bolġır-ey, toydır degende, usınshama toydır, — dep pe edim. Tas bolmasa, qarmm tarsa jarılıp kete jazladı ġoy, — depti.

Túlki menen bódene jáne jolġa túsip ketipti. Bir jerlerge kelgende túlki:

— Bódenejan, tamaq bolsa toydı, waqtımız ele barshılıq, endi bir ház etip kúldirseń, — depti.

Bódene:

— Boladı, Túke, seni hás ishek-sileń qatqansha kúldireyin, — depti.

Ekewi júrip kiyatırıp, bir awılǵa kelipti. Awıldıń shetindegi qarashalaw úydiń qasında káywam kempirdiń sıyır sawıp otırǵanın kóripti.

— Túke, sen usı putanıń túbinde buǵıp jat, — deydi bódene túlkige.

Túlki bódeneniń aytqanın islew ushın buǵıp jatsa da, eki kózin bódeneden ayırmaydı. Bódene jorǵalap barıp kempirdiń basına qonıptı. Kempir uslayın degende, bódene pır-r etip ushıp ketipti. Birtıma ótpey taǵı aylanıp kelip qonadı. Kempir uslayın degende taǵı da pır-r etedi. Eń aqırında kempir:

— Bódene, há, bódene! — dep baqıradı.

Úyden ǵarrı juwırıp shıǵadı. Kempir sıyırın sawa baslaǵanda bódene taǵı da kempirdiń basına barıp qonadı. Kempirdiń basına bódeneniń qonǵanın kóre salıp ǵarrısı:

— Kempir, ha, kempir, hesh qozǵalma, — dep baqıradı.

Ózi úyge qaytıp kiredi de súyewli turǵan beldi alıp kelip, ayaǵın aqırın-aqırın basıp kempirge jaqınlasadı. — Seni urıp ǵana alayın, — dep, beldiń sabınan uslap, onıń bası menen kerilip turıp salıp qaladı. Bódene pır-r etip ushadı da ketedi. Al, kempir bolsa, sılq etip qulaydı.

Endi ǵarrı bódeneniń izine túsedi. Bódene buǵıp jatırǵan túlkiniń qasına kelse, túlkiniń ishek-silesi qatıp, jer tırmalap kúlip otırǵanın kóredi. Bódene:

— Usı, saǵan ne bolǵan? — deydi.

Túlki:

— Ne bolsın, kúldir degende, usılay kúldir dep pe edim, — deydi túlki.

— Babay keldi, qash! — deydi bódene.

Ǵarrı jaqınlasqanda túlki menen bódene tura qashıptı. Olar joldı dawam etipti. Jolda kiyatırıp túlki:

Bódenejan, tamaq ta toydı, qızıqtı da kórdik, endi bir qorqıtsań qáytedi? — deydi.

— Boladı, Túke, júre ber, jolda kórermiz, — deydi bódene.

Ekewi júrip kele beredi, júrip kele beredi, bir jerlerge kelgende:

—Túke, endi meniń quyrıǵımnan tisle de, kózińdi tarsa jum, sóyt te izime erip júre ber, — deydi bódene.

Túlki solay isleydi, bódene ushıp otıradı, túlki elpildep juwırıp otıradı. Bir jerlerge kelgende bódene awıldıń sırtındaǵı keń maydanda toyǵa jıynalıp gúres tuttırıp atırǵan alamandı kóredi. Bódene tuppa-tuwrı sol toydıń ortasına baradı. Jıynalǵan jurt:

— Haw, ananı qarań, wa!?

— Túlki!

— Bódene!

— Qızıqtı qara!

— Usla!

— Tut!

— Quw!

— Jet!

— Jazdırma!, — dep baqırısadı.

Bódene túlkige:

— Kózińdi ash, — deydi.

Túlki kózin ashsa, ján-jağınan qaplap kiyatırğan adamlardı kóredi. Bódene:

— Qash! — deydi de ózi pırıldap ushıp ketedi.

Túlki óldim-taldım degende qutılıp bir jerlerge kelip otırsa, qasına bódene de keledi. Túlki muńayıp otıra berdi.

Bódene:

— Haw Túke, ne boldı? — dep soraydı.

— Ne bolsın túwe, qorqıt degende usınshelli qorqıt dep pe edim, — deydi jılamsırap. Hám ol ózine kelgennen keyin:

— Há, bir seni ğana jep qoyayın, — dep, bódenege táp berdi. Bódenege awız sala bergende, bódene de pır-r etip jerden kóterile berdi, biraq quyrığı túlkiniń awzında qalıp ketti. Bódene pırıldap ushtı da ketti. Sol boyı bulardıń doslığı da tamam boldı.

## ÓGIZ, TEKE HÁM QORAZ

Erte áyyem zamanda bir ógiz, teke hám qoraz úshewi joldas bolıp toğayğa barıptı. Jolda ólip qalğan úsh ańnıń kewip qalğan úsh terisin ógizge arqalatıp kete beripti. Toğaydı aralap júrip kiyatırsa, aldınan bir búktiń astınan uya gezlesedi. Uyanıń awzı ádewir tar eken. Sonlıqtan, uyağa qoraz benen teke kirip ketedi de, ógiz uyanıń awzına sıymay maydanda qalıp qoyadı.

Qoraz benen teke uyağa kirip kelse, jolbarıs, qasqır hám túlki úshewi otır eken. Olar qoraz benen teke kirip keliwden-aq ógizdiń maydanda qalğanlığın bilip, jolbarıs:

— Úsh túrli jemit óz ayağınan júrip jetip keldi, — dep más boladı.

Bunı esitken qoraz:

— Bizler toǵayǵa kirgende toǵaytóre bizlerden altı terige pul alıp edi, úsh terisin joldan tapqan edik, úsh terisi usı jerde eken, — depti.

Sonnan keyin túlki hawlıǵıp maydanǵa shıqsa, uyanıń awzındaǵı ógizdi hám úsh terini kóredi. «Bulardıń aytqanı durıs eken» dep, qaytıp uyaǵa kirmey-aq qashıp óte shıǵadı.

Qasqır da uyadan shıǵıp qarasa, úsh terisi qasında, uyanıń awzında ógiz jatır eken. Bul da «Bulardıń sózi haqıyqat eken» dep qashıw menen boladı.

Eń keyninde jolbarıs shıǵıptı. Ol da ógizdi hám terilerdi kórip bolıp, qarasın batıradı. Solay etip, qoraz benen teke uyadan shıǵıp ógizge oylasadı:

— Olar ketiwin ketti, men bilsem, olar kóp bolıp kelejaq. Endi olardan qorǵanıwımız kerek, — depti.

Ógiz, teke hám qoraz úshewi qashıp panalaytuǵın jer izleydi, biraq heshbir pana jer taba almaydı. Sonıń arasında qoraz aǵashtıń basına shıǵadı. Aǵashtıń basına shıǵıp qarasa, jolbarıslardıń kóp bolıp kiyatırǵanlıǵın kóredi. Qoraz dárriw jerdegi teke menen ógizge terektiń basına miniw kerekligin aytıp baqıradı.

Teke de dárhal aǵashtıń basına órmelep shıǵıp ketedi. Ógiz ne qıların bilmeydi. Eń aqırında bul da kóp qıyınshılıqlar menen daraqtıń bir kese ósken shaqasına shıǵıp aladı.

Al, jolbarıslar bolsa bulardıń izin quwıp kele beredi. Olardıń mingen aǵashınıń qasına kelgen jerde izdi joǵaltadı. Qay jaqqa ketkenin bile almay hayranlar boladı. Óz ara oylasadı, sóytip hayran bolıp oylasıp turǵanda, túlki turıp:

— Men shalqama jatıp qarayman, — dep shalqasına jatıp qarasa, qaltırap zordan turǵan ógizdi kóredi:

— Áne, kórdim, — degenshe bolmay-aq, qaltırap zordan turǵan ógiz túlkiniń ústine qulap túsedi. Sonda qoraz turıp ógizge:

— Mańlayı qara, sen túlkini uslama, jolbarıstı usla, — dep qattı baqırıptı.

Bunı kórip turǵan jolbarıslar, aldı-artına qaramay, tım-tıraqay bolıp qashadı.

Sol-sol eken, qoraz, teke hám ógiz úshewi qáwip-qáterden qutılıp, janları aman qalıptı.

## SHÍMSHÍQ TÚLKINI QALAY JEŃDI?

Bir bar eken, bir joq eken. Burıńǵı ótken zamanda bir túlki bolǵan eken. Ol bir kúni toǵayda shımshıqtı kórip qalıptı hám oǵan bildirmesten shaynamay jutıp jiberipti. Sonda túlkiniń ishinen saza kelipti:

— Háy túlki, meni jutıp jibergeniń ushın ele pushayman jeyseń!

Túlki úndemepti.

Bir kúni túlki tawıq urlawǵa baratırǵanda túlkiniń ishinen shımshıq shúykildep baqıra baslaptı:

— Háy adamlar, adamlar! Túlki kiyatır, abaylańlar!

Bul dawıstı awıldıń iytleri esitip, túlkiniń izinen quwıp jónepti. Túlki qansha juwırǵanı menen de sharshap boldırıptı. Birden ayaǵı bir tomarǵa súrnigip ommaqazan atıp jıǵılıptı. Al, iytler tarpa bas salıptı. Háp zamatta túlkini ekige ayırıptı. Bir waqıtta túlkiniń qarnında kúni menen qısılıp atırǵan shımshıq «pırr» etip ushıp ketipti.

## ARÍSLAN HÁM TÚLKI

Kúnlerdiń birinde toǵay patshası bolǵan Arıslan ańǵa shıǵıptı. Arıslan ján-jaǵına alańlap kiyatırsa, tumsıǵınıń túbine kelip qalǵan qoyandı Túlki shaqqanlıq penen tutıp alıptı. Sóytip, Túlki qoyandıház etip jep alıptı. Bunı baqlap turǵan Arıslan qattı ashıwlanıp, Túlkini aldına shaqırıp:

— Meniń aldıma kelgen oljanı jewge seniń qanday haqıń bar? — dep baqırıptı.

Sonda Túlki:

— Húrmetli shahım! Bul qoyan kesellikke shalınǵan eken. Sizge zıyanı tiymesin, dep ózim jewge májbúr boldım. Házir men awırıp zorǵa turman, — dep aldaptı.

Arıslan bolsa Túlkiniń gápine isenip, onıń sadıqlıǵına quwanıptı. Biraq, Túlkige sır bermey:

— Ekinshi bunday qılma, — depti Arıslan hóktem dawıs penen.

Aradan waqıt ótip, Arıslan menen Túlki jáne ańda duslasıp qalıptı. Túlki tapqan oljasın tek ózi jewge ádetlengen eken. Bul saparı da Túlki Arıslannıń gózlep otırǵan qırǵawılın dárhal uslap alıp, jep qoyıptı. Túlki bul ret te «Arıslandı qáytip aldasam eken?» — dep oylanıp turǵanda toǵayda ańshını kórip qalıptı. Túlki hiylekerlik penen ańshınıń oǵına ózin tuwrılaptı. Oq dawısın esitken Arıslan:

— Biyshara Túlki-ay! Meni qutqaraman dep ózin oqqa tuttı-aw! Eger tiri qalǵan bolsa, álbette, onı sıylıqlayman! — depti.

Al, Túlki bolsa, Arıslandı baplap aldaǵanına más bolıp:

— Keyingi ańda kóriskenshe! — dep óz jolına túsipti.

## QOY HÁM PÍSHÍQ

Bir kúni iyt qattı awırıp qalıptı. Onıń awhalın sorawǵa barlıq haywanlar kelipti. Biraq, olardıń arasında pıshıq kórinbepti. Iyt pıshıqtıń qayda ketkenligin soraptı. Sonda qoy pıshıqtı jamanlaptı. Ashıwı kelgen iyt qoyǵa pıshıqtı shaqırıwın buyırıptı. Pıshıq kelgende iyt onnan qayda júrgenligin soraptı. Sonda pıshıq:

— O, qádirdan dostım, men saǵan awırıwıńnıń emin izlep júr edim, — depti.

— Xosh, emi qanday eken? — depti iyt.

— Eger sen qoydıń artqı ayaǵın jeseń, sappa-saw bolasań, — dep pıshıq ózinshe mardıyıptı.

Buǵan isengen iyt pıshıqtı alıp kelgen qoydıń ayaǵın tislep julıp alıptı. Bul halattan ráhátlengen pıshıq qoyǵa qarap mardıyıp:

— Meni jamanlaǵanıń ushın bul saǵan jaza! — depti.

Sonda iyt bul ekewiniń islegen háreketinen qattı qáhárlenipti de olar menen qaytıp dos bolmaptı.

## SUMLÍQLÍ SHAǴAL

Bir kúni qasqır jolda ketip baratırsa, aldınan bir shontıq shaǵal shıǵıp, qasqırǵa «ekewimiz jora bolayıq» — depti. Qasqır «bolsaq bolayıq», — depti.

Sóytip, ekewi ketip baratırıp, jolda qasqır shaǵalǵa:

— Jora, seniń ne káriń bar? — depti.

Shaǵal oǵan:

— Men postın tigemen, — depti.

Sonda qasqır:

— Olay bolsa, mağan jaqsılap bir postın tigip ber. Neshe teriden boladı? — depti.

Shağal oylanıp turıp:

— On eki teriden boladı, — depti.

Bunnan keyin qasqır áweli bes qoydı ákelip:

— Bunnan postın shığa ma? — depti.

— Jaq, — depti shağal.

Qasqır altınshı qoydı ákelipti hám:

— Postın pitti me? — depti.

— Jaq, — depti shağal.

Qasqır jetinshi qoydı da ákelip:

— Postın pitti me? — dep sorapti.

Sol waqıtta shağal qasqırğa:

— Sen endi ekinshi ret esikten qarama, qarasań, postın buzıladı, — dep, jáne qoy ákeliwge jiberedi.

Qasqır toğızınshı qoydı ákelip:

— Postın pitti me? — depti.

— Jaq, — depti shağal.

Qasqır onınshı qoydı da ákelip, jáne sorapti.

— Erteń kele ğoy, — dep juwap beripti shağal.

Sóytip, sumlıqlı shağal on qoydı da jep bolıp, toğayğa baradı. Toğaydan qırq shağaldı jıynap, hámmesiniń de quyrıqların kesip, ózi de solar menen aralasıp júre beredi.

Qasqır erteńine postının alayın dep shağalğa kelse, shağal joq. Qasqır toğayğa izlep barsa, shağallardıń hámmesiniń quyrıqları shontıq. Sóytip, qasqır bayağı on qoyın jegen shontıq sumlıqlı shağalın taba almay, pánt jep qaytıptı.

## ALTİN SHAQLİ KIYIK

Bayağı ótken zamanda bir kempir bolıptı. Onıń perzent degennen jalǵız ulı, mal degennen onlaǵan eshkisi bar eken. Kempirdiń balası kúnde jaylawǵa ketip eshkilerin baǵadı eken.

Bir kúni bala eshkilerin baǵıp júrip, bir top kiyikti kóredi. Kiyiklerdiń arasında bir altın múyizli kiyik te bar eken. Bala keshte úyine kelip:

— Men dalada jayılıp júrgen bir top kiyikti kórdim. Kiyiklerdiń ishinde altın múyizli shubar kiyik te bar eken. Usı kiyikti uslap, xanǵa sıy etsem, xan maǵan sıy berer me eken? — depti.

— Balam, sen sol kiyikti uslay alsań, xanǵa sıyǵa apara ǵoy. Xan seniń altın múyizli kiyik aparǵanıń ushın sıy berer,— deydi.

Bala eshkisin baǵıwǵa ketedi. Baǵıp júrse, altın múyizli kiyik jáne kelipti. Ol kóp qıyınshılıq penen kiyikti uslap aladı. Uslaǵan kiyigin xanǵa alıp baratırıp, jolda xannıń wázirine dus keledi. Ol balaǵa:

— Kiyikti maǵan ber, — depti.

— Men kiyikti xanǵa atap alıp kiyatırman, — dep onı bermepti.

Bala kiyikti xanǵa alıp baradı. Xan kewli tolıp, wázirin shaqırıp alıp:

— Qane, balaǵa qanday sılıq beremiz? — deydi.

Sonda wáziri:

— Bunday kiyiktiń ózine múnásip, bir jaǵı altın suwına, ekinshi jaǵı gúmis suwına malıngan taxtı boladı. Bala usını tawıp kelse, ol sawǵaǵa múnásip boladı, — depti.

— Onday bolsa, sen usı nárseni tawıp keleseń, taba almasań, basıńdı alaman, — depti xan balaǵa.

Bunı esitken bala jılap anasına keledi.

— Balam, qapa bolma! Bir ilajı tabılar, — depti de, ózi balasınıń aytqan zatınıń dáregin izlep qalaǵa ketipti.

Ol qalaǵa kelip, barlıq ónermentlerden bir jaǵı altın, ekinshi jaǵı gúmis taxttı qayaqtan tabıw múmkinligin sorastıra baslaptı. Aqırı, bir ǵarrı usta oǵan:

— Bunday usta Mısır sháharinde jasaydı. Balańnıń qolına mıń tilla berip, sol sháharge jiberseń, usta mútájińdi pitkerip jiberedi, — depti.

Hayal úyine qaytıp kelip, balasına mıń tilla tawıp berip, onı Mısır sháharine jiberedi. Bala bir kárwanǵa qosılıp, uzaq jol júrip, aqırı Mısır sháharine jetip keledi. Ol ustanı kóp qıyınshılıqlar menen tawıp aladı hám oǵan kelgen jumısın aytadı:

— Mıń tilla berseń, taxttı islep beremen, — deydi usta.

Usta úsh kúnnen keyin taxttı tayar etedi. Bala taxttı alıp, jáne uzaq jol júrip jurtına keledi. Xan balanıń tapsırmanı orınlaǵanına qanaatlanıp, jáne wázirin shaqırıp:

— Endi bul balanı sıylıqlasaq bola ma? — depti.

— Bul kiyikke múnásip jáne bir nárse bar, bul — altın japıraqlı terek. Bala usını alıp kelip, háwlińizge ornatsa, bári kewildegidey bolar edi, — depti.

— Onda, sen sol terekti tawıp kel, — depti patsha.

Bala endi altın japıraqlı terekti izlep ketedi. Ol birneshe kún jol júrip, jolda bir ǵarrıǵa gezlesedi. Bala jol bolsın soraǵan ǵarrıǵa basınan ótkenniń bárin aytıp beredi. Sonda ǵarrı oǵan:

— Usı baratırǵan jolıń menen júre ber. Aldıńnan bir biyik taw shıǵadı. Aldıńnan shıqqan qoyannıń izinen barıp, ol

kirgen úńgirge kir. Úńgirde saǵan qırq qaraqshı dus boladı. Ózińdi olarǵa, xızmetke kelgen aspazban, dep tanıstır. Qaraqshılar isine ketkennen keyin, olarǵa awqat tayarlap, ishine úńgirdegi sandıqtaǵı záhárden qos. Qaraqshılardıń bári ólgennen keyin olar qarawıllap otırǵan altın japıraqlı terekke iye bolasań, — depti.

Bala ǵarrınıń siltegen úńgirine kelip, qaraqshılarǵa ózin «aspazban» dep tanıstırıptı. Olar balaǵa awqat tayarlawdı buyırıp, ózleri kúndelikli talabına ketipti. Ol awqattı pisirip, ishine ǵarrınıń aytqanınday etip, záhár salıptı. Qaraqshılar qaytıp kelip, awqattan jep, bári til tartpay jan tapsırıptı. Bala altın japıraqlı terekti alıp óz mákanına qaray jol tartıptı.

Ol eline kelip, altın japıraqlı terekti patshaǵa alıp barıptı. Patsha balaǵa qarap:

— Sen júdá dáwjúrek jigit ekenseń! Meniń barlıq sınaqlarımnan óttiń. Men kóp waqıtlardan berli ózimniń ishi tar wázirimniń ornına múnásip adam izlep júr edim. Búginnen baslap meniń bas wázirim bolasań. Meniń saǵan ataǵan sıyım usı edi, — depti.

Usılay etip, bala xanǵa bas wázir bolıp, anasın qasına aldırıp, baxıtlı ómir súripti.

## AQÍLLÍ BALA

Burıńǵı ótken zamanda bir kempir hám onıń jalǵız balası bolǵan eken. Bala hár kúni mektepke ketip baratırıp, dáryanıń kópirinen ótedi eken. Sol dáryadaǵı bir úlken ılaqa balıq balanıń ótetuǵın waqtın kútedi eken.

Sebebi, bala oǵan kúnde bir bólek nan taslap ketedi eken.

Aradan jıllar ótip, bala on altı jasqa shıǵıp, anasın baǵıw ushın jumıs izlep qalaǵa kelipti. Bala qalaǵa kelip, «Bir kúnlik is bar! Miynet haqına qırq kún baǵıp jáne mıń som aqsha beremen», — dep jar urıp júrgen adamdı ushıratıptı. Onıń bul gápin esitken bala hayran bolıp: «Tek bir kún jumıs islep, qırq kún qarnım toq bolsa, onıń ústine mıń som aqsha alsam, shep bolmaspan» dep táwekel etip, jańaǵı adamnıń aldına barıp, onıń xızmetine tayın ekenin aytıptı.

Biytanıs kisi balanı úyine ertip áketip, ózi wáde etkenindey qırq kún baǵadı. Qırq birinshi kúni balaǵa bir semiz ógizdi jeteletip, jolǵa túsedi. Olar bir kún jol júrip biyik tawdıń etegine toqtaptı. Balanı ertip kiyatırǵan adam oǵan ógizdi soyıwdı buyırıptı. Bala ógizdi soyıp, góshin, terisin óz aldına ayırıptı.

Bir waqıtta jańaǵı adam balaǵa:

— Mına teriniń arasına kir! — depti.

Bala teriniń arasına kiripti. Onı ertip kelgen adam terini teben iyne menen tigip shıǵıptı. Tap sol waqıtta hawadan úlken bir búrkit kelip, terini ishindegi bala menen qosıp kóterip ushıp, tawdıń basına qonıptı. Qus terini ótkir pánjesi menen jırtqan waqıtta, bala teriniń arasınan dárriw jırılıp shıǵıptı. Búrkit balanıń tiri ekenin kórip, qaytıp ushıp ketipti.

Bala ózine kelip átirapına qarasa, dógereginde altın taslar menen ólgen adamlardıń súyekleri jayrap jatırǵan eken. Tawdıń tóbesinen tómenge qarasa, onı ertip kelgen adam:

— Balam, sol átiraptaǵı altınlardı tómenge taslay ber! Keyin, men seni tómenge túsirip alaman,— dep baqırıptı.

Ol jan aybat penen dógeregindegi altınlardı jıynap, tómenge ılaqtıra baslaptı. Tómende turǵan adanı olardı qaltaǵa jıynay baslaptı.

Qalta tolǵannan keyin jańaǵı adam altın tolı qaltanı arqalap, balanı tawdıń basında qaldırıp ketip baratırǵan qusaydı. Sonda bala onıń izinen:

— Haw ata, meni tómenge túsirip almaysań ba? — dep onıń izinen baqırıptı.

— Sen de endi anaw jatqan ólilerdiń biriseń,— depti ol balaǵa.

Qorqıp ketken bala janı kózine kórinip, arman-berman juwırıp, tawdan túsetuǵın joldı izlepti. Tawdan túsetuǵın joldı tappay, aqırı: «Báribir ólemen ǵoy» dep ózin tómende aǵıp turǵan dáryaǵa taslaptı. Ol dárya suwın jutıp, mantıǵıp baratırsa, onı bayaǵı ózi nan berip baqqan ılaqa balıq kórip, arqasına mindirip qurǵaqqa alıp shıǵıptı. Bir ólimnen qalǵan bala aman-esen úyine, anasınıń qasına qaytıp kelipti.

Aradan birneshe jıllar ótkennen keyin, bir kúni bala bazar aralap júrip, bayaǵı bunı tawdıń basında qaldırǵan adamdı ushıratıptı. Ol jáne: Bir kúnlik is bar! Miynet haqına qırq kún baǵıp jáne mıń som aqsha beremen» dep qalaǵa jar salıp júr eken. Bala onıń qasına barıp sálemlesken eken kisi onı tanımaptı. Sonda bala oǵan:

Siziń bir kúnlik xızmetińizdi islewge men baraman,— depti.

Kisi balanı izine ertip, úyine alıp kelipti de, onı sarras qırq kún jaqsılap baǵıptı. Qırq birinshi kúni bayaǵıday bir ógizdi jeteletip jolǵa rawana bolıptı. Bir kún jol júrgennen keyin olar bayaǵı tawdıń etegine kelipti. Bir waqıtta jańaǵı adam balaǵa ógizdi soyıwdı buyırıptı. Bala onıń aytqanınday etip, ógizdi soyıp, góshin terisinen ayırıptı.

— Endi mına teriniń arasına kir! — dep buyırıptı balaǵa.



Bala jańagı kisini ayağınan shalıp jığıtıp, onı eki búklep teriniń arasına tığıptı. Ol ári-beri balağa qarsılasqan menen, kúshi jetpepti.

— Endi meni tanıdıń ba? Men — bayağı sen tawdıń basında qaldırğan balaman. Sen házir tawdıń basındağı altınlardı jerge taslaysań! Sonda ğana seniń gúnańnan keshemen, — depti. Bir waqıtta tawdan bayağı búrkit ushıp kelip, terini ishindegi kisi menen qosa tawdıń tóbesine alıp ketipti. Jańağı adam balanıń aytqanınday etip, joqarıdağı altınlardı tómenge ılaqtıra baslaptı. Bala dım úndemesten altınlardı qaltağa jıynap, ketip baratırsa, jańağı adam:

— Haw! Meni jerge túsirip almaysań ba? — dep onıń izinen baqırıptı.

— Sen de endi anaw ólilerdiń biriseń, — depti bala.

Solay etip, ol bayağı adamnan óshin alıp, bir qalta altınlardı arqalap úyine rawana bolıptı.

## ARİQ MERGEN

Ertede Arıq mergen degen bir mergen bolğan eken. Arıq mergen bir kúni toğayda uslağan ańlarınıń góshin pisirip jep otırsa, qasına bir qız keledi. Arıq mergenniń otına jılınıp otırıp, mergennen kábap soraydı. Arıq mergen isten birewin alıp beredi. Bunıń ayıw qızı ekenin bilip, Arıq mergen góshin jep bolğannan soń, qolındağı maydıń jugın basına jağadı. Qız da Arıq mergendey qolındağı maydıń jugın basına jağadı. Sol waqıtta qızdıń tırnağına Arıq mergenniń kózi túsedi.

— Atıń kim? — deydi, qız Arıq mergenge:

— Atım — Bıltır.

Arıq mergennıń shashı joq eken. Maydı jaǵıp bolǵannan keyin basına shoqtı tiygizedi. Qız da basına bir shoqtı tiygizedi. Arıq mergennıń basına hesh nárse qılmaydı. Al, qızdıń shashı kúyip qaladı. Qız basın kúydirip jılap ketedi. Aldınan hárkim shıǵıp:

— Saǵan kim tiydi? — deydi.

— Bıltır tiydi, — deydi qız.

— Bıltır tiygendi bıyıl qaydan tabamız, jılamay kete ber, — dep jónine kete beredi adamlar.

Aradan birneshe kún ótkennen soń Arıq mergen ańnan kelip otıradı. Bayaǵı qız qaytıp keler dep oǵan bir hiyle islemekshi boladı. Ózine bir shuqır qazıp, óziniń kiyimin seksewildiń tomarına jawıp, ózi jatqanday etip qoyadı. Bayaǵı qızdı kórgen ornında yarım aqshamǵa shekem uyqılamay otıra beredi. Bir waqıtlarda qız kelip, Arıq mergen usı ǵoy dep, tomarǵa pánjeni uradı. Pánjesi tomarǵa ótlesip ketip, tartıp ala almaydı.

Mergen shuqırda jatıp ayıwdı atadı. Ayıw gúrkirep julqınadı da, tomardan tırnaǵın suwırıp alıp qashadı. Taǵı atadı. Ádepkisi búyrekten, keyingisi qulaq-shekeden tiyedi. Ayıw óledi. Ayıwdı óltirip, terisin soyıp aladı.

Arıq mergen bir kúni ań awlap júrip bir tawtaylaqtı kóredi. Tawtaylaq Arıq mergenge qarap juwıradı. Arıq mergen onı qulaq-shekeden atadı. Tawtaylaq jıǵıladı. Arıq mergen bir tastı panalap jatadı, taǵı da bir tawtaylaq Arıq mergen jatqan tastı jaǵalap oǵan qarap aynaladı. Onı da atadı. Arıq mergen bir almas pıshaqtı alıp, tilin kesip aladı. Taǵı da bir jerde bir top qoylardı kóredi. Joldası barmay-aq qoyayıq, — dese de qılmaydı. Qoylardıń izinen eredi. Qoylar bir jıraǵa kiredi. Bular da jaqınlap kelip, bir jıranı kóredi.



Jıra onsha úlken emes, tek qara úydiń kólemindey eken. Bular da qoy kirgen awızdan kirip ketedi. Kelse úńgirdiń ishinde qulaqları sıpıraday, kózleri uraday, murnınıń uzınlıǵı kelsaptay, tanawınıń úlkenligi qolbarday, boyınıń uzınlıǵı aq terektey bir dáw bar eken. Bunı kórip Arıq mergenniń eki joldası qashıp shıǵadı. Qashıp qutıla almaysań, «qashpań» deydi, olarǵa Arıq mergen. Sóytip ózi dáwge barıp: — Atıspaq kerek pe, tutıspaq kerek pe? — deydi. Dáw bir qolına Arıq mergendi uslap, bir qolı menen ana ekewin uslap kóredi. «Mına ekewi semiz eken, bul ekewin keshke tamaq qılaman» — dep ekewin eki temir iske shanshıp kábap etedi.

Arıq mergenge «sen azanǵı asqa mınanı pisire tur», — dep eki janbastıń etin beredi. Dáw sóytip qattı uyqıǵa ketedi. Arıq mergen kábaplardı ılaqtırıp taslap, hár qaysısı bir pudlıq temirdi qızdıra baslaydı. Temir isler qıp-qızıl shoq boladı. Eki temir isti kóterip ákelip dáwdiń eki kózine suǵadı. Dáwdiń kózi kúyip «way-way» — dep ornınan órre turadı. Eki kózi soqır boladı. Dáw Arıq mergendi uslamaqshı bolıp, oyaq-buyaqqa quwadı. Arıq mergen: «Mındaman, dáw mındaman», — dep qasha beredi. Dáwdi «oyaqtaman, buyaqtaman» dep uslatpay aldap kúydiredi. Azanda qoylardı sanaǵanda «seni jekke tutıp alıp, qaytıp kelmeske jiberemen», — dep oylaydı dáw.

Arıq mergen bunı esitip, úlken bir toqlını soyadı. Toqlınıń ishek-qarnın alıp taslap, aldınǵı eki ayaǵına óziniń qolı sıyǵanday etip, tayarlap qoyadı. Tań da atadı. Kún shıǵa qoylar jamırap shuwlasadı. Qoydıń dalaǵa shıǵatuǵın waqtın bilip dáw esikti sıypalap, ishki esiktiń aldındaǵı elli put tastı ılaqtırıp taslaydı. Sóytip, qoylardı shıǵara baslaydı. Arıq mergen de

ózinińqoy terisin jamılıp alıp qoyǵa qosıladı. Dáw qoylardı búgin birim-birim jiberedi. Qoydıń jartısın ótkerip bolıp, az ǵana toqtalıp turǵan waqıtta, Arıq mergen anasınan ayrılǵan qozı bolıp, dáwge qarap «má-máá...» dep juwıradı. Dáw anası aldında ketip qalǵan qozı eken, anasına qosılsın dep oylap shıǵarıp jiberedi. Arıq mergen dalaǵa shıǵıp terini taslap, mıltıǵın qolına alıp, dáwdiń qulaq-shekesinen atadı. Dáwdi óltirip, bayaǵı dáwdiń qolında ólgen eki joldasınıń súyegin jıynap, jaqsılap kómedi.

Barlıq qoylardı aydap ákelip, doslarınıń qatın-bala shaǵalarına úlestirip beredi.

Sóytip, úyine kelip, taǵı awǵa ketedi. Bir kúni bir ózekke kelip, ózekten óteyin dep atırǵanda bir nársenińbalasınıń ólip atırǵanın kóredi. Buǵan bir nárse keler, nede bolsa kóreyin, dep jardıń basında jatadı. Bir waqıtta iytke uqsaǵan, domalap kiyatırǵan bir kirpitikendi kóredi.

Sol waqıtta, Arıq mergen de jerge ayaǵın tirep atıp taslaydı. Bir waqıtta kirpitiken awdarılıp túsedi. Juwırıp barıp taǵı da ókpeden atadı, ayaǵın serppesten qaladı. Bir waqıtta, ısqırıp kiyatırǵan bir áydarhanı kóredi. Áydarha kirpitikenniń ólgenin bilip, Arıq mergendi kórip, júresiz degendey basın bılǵap isharat etedi. Arıq mergen izinen júrip úńgirdiń awzına barıp turıp aladı. Áydarha:

— «Kirińiz» — dep ishke mirát etedi. Arıq mergen jıraǵa kirip ketedi.

Áydarha Arıq mergenge at basınday altın beredi. Ol bayaǵı jolı menen jerdiń betine shıǵadı. Arıq mergen áydarha bergen altın menen bay bolıp, bir neshe jıldan keyin ólip ketken.

## BAY BALASÍ HÁM JARLÍ BALASÍ

Burıngı ótken zamanda bir bay hám bir jarlı balaların mektepke beredi. Eki bala mektepte oqıp júre beripti. Bir kúnleri jarlınıń balası baydıń balasınan sabaqtan ozıp ketedi. Baydıń balası awırǵan adamǵa uqsap úyine barıp jatıp qaladı. Anası kelip:

— Balam, qay jeriń awırdı, — dep balasınan soray baslaydı. Balası:

— Meniń hesh jerim awırǵan joq. Meniń ayaǵımda etik joq, basqa baylardıń balasınıń ayaǵında jaqsı etik bar. Sonday etik ákelip ber! — deydi.

— Ol qáyerden tabıladı eken? — dep soraydı bay balasınıń anası.

— Barsakelmes degen jerde.

— Oǵan kim baradı, balam? — dep soraydı.

— Oǵan jarlınıń balası barsın, — deydi. Sonnan soń jarlınıń balasın shaqırıp aladı.

— Barsakelmes degen jerde bir adam etik tigedi eken, sonnan meniń balama etik ákelip ber, — deydi bay. Bunnan keyin jarlınıń balası ata-anası menen xoshlasıp, jolǵa atlanadı. Ketip baratırsa, biyik tawdıń arjaǵında bir úlken úydi kóredi.

Nede bolsa, men usı úyge ushırasayın dep bala úyge baradı. Qarasa, bir ǵarrı hám kempir otır eken. Bala kempirge sálem beredi. Kempir balaǵa táp berip juwıradı. Bala «seniń balań boldım», — deydi.

— Eger balań bolaman demegende, men seni jep qoyatuǵın edim, balam qaydan keleseń? — deydi kempir.

Bala kelgendegi maqsetin aytadı. Sonda kempir:

— Meniń úsh balam bar. Onday jumısıń bolsa tawıp berer. Olar qus salmaǵa ketti. Házir keler, — deydi.

Keshte kempirdiń balaları keledi. Kempir úlken balası — Sarı dáwge: Mına balaǵa bir etik ákelip ber, — deydi. Sarı dáw ketip bir etik alıp kelip beredi. Bala etikti alıp birneshe kún jol júrip úyine jetedi. Kelse baydıń balası sabaqtan ozıp ketken eken. Bul da qosılıp oqıy beredi. Eki aydan soń baydıń balasınan jáne ozadı.

Baydıń balası jáne awırǵan kisi usap, úyine barıp, jatıp qaladı. Bay balasınan:

— Qay jeriń awırdı? — dep soraydı. Balası:

— Meniń hesh jerim awırǵan joq. Basqa baydıń balaları toyǵa jaqsı at minip baradı. Solardıń atınday bir at kerek.

— Ol at qayaqta, balam?

— Barsakelmes degen jerde, kólden bir tulpar suw ishedi eken, sonı maǵan ákelip bersin.

— Onı kim ákelip beredi?

— Bayaǵı jarlınıń balası. Ákesi jarlınıń balasın shaqırıp aladı.

— Meniń balama Barsakelmes degen jerde kólden suw ishetuǵın tulpardı uslap ákelip ber.

Bala bayaǵı kempirdiń úyine jetedi. Kempirge:

— Usı kólden suw ishetuǵın tulpardı qalay uslaymız? — deydi.

— Onı uslaw qıyın. Kólge barıp bir aqım qazıp alasań. Bolmasa, ol adamnıń iyisi bar jerge jaqınlamaydı. Ol tulpardıń dúbiri birneshe kúnlik jerden esitiledi.

— Ol tulpar usı kólden basqa jerde suw ishpeydi. Balam, sen onı uslaw ushın meniń balam Qara dáwdi ertip ket, — dep kempir keńes beredi.

Bala Qara dáwdi ertip barıp, ekewi kóldiń jaǵasınan aqım qazıp jatadı. Tulpar sol kúni suwǵa úsh ret kelip, adamnıń iyisin bilip jaqınlaspaydı. Eń sońǵı kelgeninde tumsıǵın suwǵa basqan waqıtta, bala ornınan turıp, suw iship atırǵan tulparǵa sekirip minip aladı. Tulpar suwǵa qanıp, qurǵaq jerde arman-berman shapqanda, bala jıǵılmaydı. Jáne tulpar hawaǵa ushadı. Tulpar suwǵa túsip súńgip, birneshe waqıttan soń shıqsa da bala ústinen túspeydi. Sonda at balaǵa:

— Endi men seniń minetuǵın atıń boldım, — deydi. — Meniń er-toqımım mına jerde tur, sonı meniń arqama sal, — deydi. Bala er-toqımdı attıń arqasına saladı. Attı minip dáw menen kempirdiń úyine keledi. Kempirdiń úyinde sol kúni bolıp, azanda awılına qaytadı.

Baydıń balasına tulpardı ákelip beredi. Baydıń balası oqıwdan ozıp ketken eken, sonnan taǵı oqıy beredi, jarlınıń balası taǵı ozadı. Baydıń balası «awırdım», — dep úyine kelip jáne jatıp qaladı.

— Balam, qay jeriń awırdı? — dep soraydı ákesi.

— Meniń hesh jerim awırǵan joq, mına baylardıń balaları úylenip atır, tek men eken úylenbegen, — deydi.

— Usı jerde ózińniń qálegen qızıń bar ma, balam? — deydi ákesi.

— Bayaǵı tulpar uslaǵan jerdiń arjaǵında bir bayterek degen terek bar. Sol jerde bir úyde kúndey sulıw qız bar. Sol qızdı maǵan alıp beriń, deydi balası.

— Balam, oǵan kim baradı?

— Jarlınıń balası jolın biledi, sol barsın, — deydi. Jarlınıń balasın shaqırıp:

— Bayaǵı tulpar uslaǵan jerdiń arjaǵında bir baydıń qızı bar. Sonı balama alıp kelip ber, — deydi. Jarlınıń balası atına

minip alıp, bayağı kempirdiń úyine birneshe kúnde jetedi. Kempir:

— Balam, qanday jumısıń bar? — dep soraydı.

— Usı jaqta bir baydıń qızı bar, sonı meniń balama alıp kelip ber, dep bay buyırdı, — deydi.

Balam, ol qızdı alaman dep birneshe adamlar barıp ólgen. Onı sen alıp qaytıwıń qıyın, ol seniń aldıńa birneshe shárt qoyadı, balam. Sonıń ushın qasıńa men Qara dáw balamdı qosıp jibereyin. Sol balam tawıp beredi, — deydi.

Bala Qara dáwdi ertip, qızdıń úyine baratırsa, attı uslağan jerde bir dáw kóldiń suwın urtına jıynap, jáne bir kólge quyıp otır eken. Bala qasına barıp:

— Sen ne islep atırsań? — deydi.

— Usı kólden bir tulpar suw iship ketetuğın edi, sonı taba almay otırman, — depti dáw.

— Ol tulpardı biz uslap aldıq, — deydi bala.

— Ol qayda?

— Tap usı astımdağı at.

— Olay bolsa, men de senlik boldım, — deydi dáw. Sóytip úshewi ketip baratırsa, birew bir tawdı bir qolına jáne bir tawdı ekinshi qolına uslap otır.

— Sen ne qılıp otırsań? — deydi bala.

— Bir tulpar usı tawda otlaytuğın edi. Men sol attı úsh-tórt kúnnen beri izlep júrmen, hesh kóre almadım, — deydi.

— Ol ushın háleklenbe, onı men uslap alğanman. Sóytip ol da «sen tárepte bolaman», — deydi. Endi tórtew bolip kete beredi.

— Tağı bir jerde birew jerge basın kómip, ayağın aspanğa qaratıp atır eken. Sen ne qılıp atırsań, basıńdı jerge kómip? — dep soraydı bala.

— Sonday bir tulpardıń tuyaǵınıń sesti úsh kúnlik jerden keletuǵın edi. Búgin esitilmeydi. Sonı tıńlap atırman, — deydi.

— Ol tulpar meniń astımda, — deydi bala. Sonıń menen ol da balaǵa senlikpen, — deydi. Besewi kete beredi. Bala bárine de ózi haqqında aytıp túsindiredi.

Bir waqıtta tıńlawshı: — Men usı jerde qalayın, mınaw turǵan úy qızdıń úyi. Qızdıń qayaqta otırǵanın, ya ne islep atırǵanın tıńlayınan, — deydi de solmanda qaladı.

— Seniń xızmetiń ne? — dep suw urtlawshıdan bala soraydı.

— Meniń xızmetim seni otqa jaqpaw. Men seni, ottan aman alıp qalaman, — dedi.

— Al seniń xızmetiń ne? — dep tawdı tawǵa urıp otırǵannan soraydı.

— Meniń xızmetim gúreske túsirer. Sonda ózim gúreske túsemen, — deydi. Qızdıń úyine tıńlawshıdan basqası baradı. Baydı shaqırıp aladı.

— Seniń qızıńdı ózindey baydıń balası ayttırıp jiberdi. Soǵan jawshı bolıp keldik, — deydi olar.

— Sizlerdiń aldıńızǵa bes shárt qoyaman. Sonı irikpey orınlasańız qızımdı beremen, — deydi bay.

— Onda orınlaymız, — deydi jawshılar.

— Birinshi shártim — mına bayterektiń basına bir shelek suwdı tókpey alıp shıǵadı hám túsedi; ekinshi shártim — bayraqqa at qosaman, sonda atıń ozsa alasań; úshinshi shártim — palwan tuttıraman, sol qızdı tawıp aladı; besinshi shártim — balanı otırǵızıpján-jaǵına sheńgel menen qorshap ot beremen. Sonnan aman qalsa, qızdı aladı, — deydi bay.



Bala shelekti tókpey alıp shıǵadı hám alıp túsedi. Ekinshi shárti boyınsha bay bir attı bayraqqa qosadı. Bala tulpardıń beline minip, bul da bayraqqa shıǵadı. Birneshe kúnlik jerden atlardı shabadı, há demey-aq tulpar ozıp, aldın keledi. Úshinshi shárti boyınsha bay palwanın gúreske saladı, bala da tawdı kóterip otırǵan palwandı shıǵaradı. Balanıń palwanı baydıń palwanın jıǵadı, tórtinshi shárti boyınsha bay, qızın jasıradı. Bala qızdı izlep taba almaydı. Bala bayaǵı tınlawshıǵa barıp soraydı. Tıńlawshı: — onı ele tabalmay júrmediń, ol qız baydıń otırǵan orınlıǵınıń artında jerde keste tigip otır, — deydi. Sonnan bala barıp, baydıń otırǵan jerin qaraydı, qızdı da tabadı.

Eń sońǵı shárti boyınsha bala menen bir kóldiń suwın bir urtına jıynap júrgen dáw otıradı. Onnan soń balanıń shet jaǵasına kóp otınlardı úyedi. Sóytip, bay otınǵa ot beredi. Otınlar alısadı. Ottıń qızǵını balaǵa jaqınlaǵanda qasındaǵı dáw, azmazdan suw jiberip balanı ottan saqlap otıradı. Baylar bala qashshan ot penen janıp ketti, dep oylaydı. Otınlar da janıp boladı, bir waqıtta bala menen dáw birge qosılıp, qozdıń arasınan shıǵadı.

Bay balaǵa qızın beredi.

Bala tulparǵa qızdı mingizip qaytıp ketedi. Balanıń qasındaǵı adamlar hárqaysısı bayaǵı ózleriniń ushırasqan jerlerinde qaladı. Qara dáw menen bala kempirdiń úyine keledi, bala sol jerde bir aqsham qonıp, erteńine awılına qaytadı. Kelse baydıń balasınıń ólgenine eki kún bolǵan eken. Bala baydıń balasına alıp kelgen qızdı ózi hayallıqqa aladı. Sóytip, muradı-maqsetine jetedi.

## ALDAR KÓSE, MUXTAR KÓSE, DUXTAR KÓSE

Burıngı ótken zamanda, Xorezmniń elinde Aldar kóse degen birew bar eken. Buxarada da Muxtar kóse, Duxtar kóse degen eki kóse bolıptı. Xorezmnen Buxaraǵa barǵanlar «Xorezmde Aldar kóse bar, sizlerden kóselikti ótkeredi», dese, «wah, som bir kórsek» deydi eken.

Buxaradan kelgenler «Buxarada Muxtar kóse, Duxtar kóse degen eki kóse bar. Olar sennen kóselikti ótkergen» dese, Aldar kóse turıp «wah, solardı bir kórsem, sol jaqqa ketsem» — deydi eken.

Bir kúni Duxtar kóse menen Muxtar kóse shıday almay Xorezmge kelipti.

— Aldar kóse, seni sonday aldaǵısh deydi, bizler menen bir kelle kórseń qáytedi? — depti. Aldar kóse túrip:

— Úyimde otırǵan qonaqsızlar, sonlıqtan uyat bolar, dúzge shıǵayıq, — depti. Analar da bunı maqul tawıptı.

Aldar kóse bir qadaq gúrish, onı pisiretuǵın bir qazan tawıp alıp, bir toǵaydıń ishine barıp qazandı asıp, gúrishin salıp, dem beripti de:

— Al Muxtar, Duxtar jora, kim jaqsı tús kórse, sol jesin, — depti. Analar maqul dep, úshewi oshaqtıń úsh jaǵında jatıptı. Duxtar kóse menen Muxtar kóse ırastan uyqıǵa ketken máhálde, ótirik uyqılaǵansıp jatqan Aldar kóse ornınan turadı, palawdıń bir gúrishin qoymay jep aladı da, jáne uyqılaǵan bolıp jatıp aladı. Analar bir máhálden soń turıp Aldar kóseni oyatadı. Aldar kóse turıp:

— Qáne joralar, túslerińdi aytıń, — deydi.

— Men aq at minip, aq bultqa shıqtım, — deydi Duxtar kóse.

— Men kók at minip, kókke shıqtım, — deydi Muxtar kóse. Aldar kóseden: — Sen ne tús kórdiń? — deydi. Aldar kóse: — Sizlerdiń aq at, kók at minip baratırǵanıńızdı kórip, keler, keler dep kúttim, endi kelmes dep, palawdı jep qoydım, — deydi. Analar qazandı ashıp qarasa, hesh nárse joq.

Pánt jegenin bilgen Muxtar kóse sol jerde turıp «men toba ettim, Aldar kóseń qursın, men qaytaman» — dep Buxaraǵa ketedi. Duxtar kóse turıp:

— Joq, men qaytpayman, bul kóse menen jáne bir, eki kálle kóremen, — dep ketpey qaladı.

Duxtar kóseni ertip Aldar kóse úyine qaytıp ketedi, oǵan bılay deydi:

— Duxtar jora, biziń eldiń patshası jaqında ólip, onıń ornına balası patsha bolǵan edi. Men bir saǵan aqıl aytaman, biraq ta aldap ketpeyseń!

Sen sol patshaǵa bar. Sálem berip kir. Men Buxaradaǵı Duxtar bayman de. Ákeńiz áskeriniń ǵárejeti jetpey, mennen mıń tilla qarız alıp edi. Men ákeńizdiń densawlıǵın bileyin, sálem bereyin, sol mıń tillamnıń deregin sorastırayın dep kelip edim. Kelsem, ákeńiz dúnyadan qaytıptı. Endi ákeńizge pátiya eteyin hám sol mıń tillamnıń deregin bileyin dep siziń aldıńızǵa kelip turman de, patshanıń balası isenbey turar. Sen sonda: Eger de, isenbeseńiz ákeńizdiń górine barayıq, ákeńiz bir pirli adam edi, men Duxtar bay keldim desem, ol bir saza berer de. Al, sizler bul jaqtan kelemen degenshe men patshanıń górine kirip jatıp, aytatuǵın sózlerdi kelistiremen,— deydi.

Duxtar kóse Aldardıń aytqanın isleydi. Patsha onıń sózine inanbay otıradı.

Duxtar turıp:

— Eger de, inanbasańız, atańızdıń górine júriń. Atańız bir pirli adam edi. Men, Duxtar bay keldim desem, qalay saza bermes eken, — deydi.

Patshanıń balası menen Duxtar kóse patshanıń górine keledi. Duxtar kóse quran oqıp bolıp, patshanıń górine qarap:

— Taqsır, patsham, siz tiri waqtıńızda shın ádalatlı patsha ediñiz. Men bayağı Buxarada sizge mıń tilla bergen Duxtar bayman. Sizge sálem beriwge hám sol mıń tillanı sorawğa kelsem, siz bunday bolıpsız. Quday sizge beyishten jay berip, húrdiń qızın qushaqlap jatırğan shığarsız. Mına balańızğa aytıń. Meniń mıń tillamdı bersin. Górden saza esitiledi:

— Duxtar baydan mıń tilla qarız alğanım ıras. Meniń shın hadal perzentim bolsań, mıń tillasın eki mıń tilla etip ber.

Aldar kóse patshanıń górinen kúndiz shığıwğa qorqqanınan keshke deyin jatıp, qarańğı túskennen soń úyine kelip hayalınan soraydı.

— Duxtar kóse keldi me?

— Joq.

— Pay, maqaw kóse-ay. Bizdi aldap ketken-aw, — dep óziniń mańlayına ózi dúmpeshlep qalağa baradı. Qalağa barıp Duxtar kóseni kórgen bar ma? — dep sorasa, «Duxtar kóse 17 teńgege bir eshekti satıp alıp, Buxarağa ketti» — degen xabardı esitedi.

Aldar kóse baradı da, birewdiń atın alıp, mına jerge barıp kelemen, sağan 1 tilla beremen dep, minip jolğa shığadı. Ketip baratırıp etikshiden qarızğa bir báykemi aq etik satıp aladı da, atlı shawıp izinen ketedi. Jolda Duxtar kóseniń qosıq aytıp baratırğan dawısın esitip, joldan shığıp toğay menen aldın orap barıp, báykem etiktiń bir payın taslaydı da, ózi ağashtıń

panasında jasırınıp turadı. Duxtar kóse jol menen kiyatırıp etikti kórip:

— Pay, mına etikti alar edim, biraq bir payı ǵana bar eken, — dep óte beredi.

Aldar kóse atın toǵaydıń ishi menen shawıp otırıp taǵı Duxtardan ozıp ótip jolǵa etiktiń ekinshisin taslaydı. Duxtar kórip:

«Áttegene-ay, bir payı mında túsken eken ǵoy, pay jańaǵını nege almadım, dáwlettiń azı-kóbi bola ma» — dep esheginen túsip etikti aladı, onı qorjınına salıp keynine qaray juwırıp ketedi. Sol máhál Aldar kóse keledi de, qorjınındaǵı tillanı alıp, toǵaydıń ishinen keyin qaytadı. Duxtar kóse etikti alıp, eshegine kelse, tilla túwe hesh nárse joq, «Wah, meniń sorım qursın. Bul is Aldar kóseden basqa heshkimniń de isi emes», — dep, bul da keyin qaytadı.

Aldar kóse úyine qaytıp keledi de, altındı shıǵarıp ortaǵa qoyıp hayalına bılay deydi:

— Mına altın ekewimizdiń óle-ólgenshe jewimizge jetedi. Biraq, Duxtar kóse kelmey qalmaydı. Sonnan bir ilajın tawıp qutılıw kerek. Men barıp patshanıń górine kirip jatayın, sen maǵan nan-suw ákelip turarsań. Duxtar kóse keliwden kúyewim seniń menen birge ketip edi, kúyewimdi sen óltirdiń, bolmasa tawıp ber dep shawqımdı shıǵarıp, jaǵasınan alıp, jiberme. Sóytip, onnan qutılmasaq basqa ilaj joq. — Al, altındı qay jerge kómemiz?

Hayalı ekewi oylasıp, altındı qazannıń túbeleginiń astına kómip, ústine qazandı qoya beredi. Aldar kóse qoynına eki nan salıp, patshanıń górine barıp kirip jata beredi.

Hayal keyninen tamaq aparıp qaytıp júrgenin Duxtar sezgen edi.

«Bul tillanı Aldar kósege bersem, meni quday bir kúni urar», dep Aldardikine jetip keledi. Keliwden Aldar kóseniń hayalı jaǵasınan tutıp alıp, shawqımdı saladı.

— Kúyewim seniń menen ketip edi. Onı sen óltirdiń, bolmasa tawıp ber! — dep betinen ala ketedi.

— Qurdas, toqtap tur, ketken bolsa keler.

— Joq, bayımdı tawıp ber.

— Al, qurdas, men Buxaraǵa qaytpaqshı bolıp, xoshlasayın dep kelip edim. Maǵan bul jerde dayım eki eshki, jiyenim eki eshki, nemerem eki eshki, barlıǵı altı eshki berip edi. Alıp keteyin desem ol bolmadı, satayın desem bul bolmadı, eshkiler arıq, ele kógin almaǵan. Hárqaysısınıń izinde bir-bir jas ılaǵı bar. Qoy, bunı dostım Aldarǵa berip keteyin, sawıp iship, kógin aldırıp mal eter dep keldim. Eshkiler ana tóbeniń arjaǵında jayılıp júr, som alıńlar, — dep, Duxtar kóse úyinen shıǵıp bir jerde jasırınıp jatadı. Hayalı kúyewine aparayın dep bir gúzege jarmam quydı da «bes eshki ılaǵı menen bir talay mal ǵoy» dep oylap, gúzeni jerge qoyıp, eshkini qıdırıp bir tóbeden astı, eki tóbeden astı. Duxtar kóse gúzeni aldı da áwliyege barıp, hayalınıń kúndegi júretuǵın soqpaǵı menen patshanıń górine barıp, sırttan gúzeni beredi. Hayal dawısı menen:

— Má, Aldar, ash bolıp qalǵan shıǵarsań-aw, — dedi.

— Duxtar kóse keldi me?

— Joq, joq kelgen joq. Biraq, esiktiń aldınan uzaǵıraqtan ótti.

— Kelse jańaǵını isle, altın bar ma?

— Aytpaqshı, Aldar-aw. Men sol altındı qay jerge kómgenimizdi umıtıp ketip, degbirden sastım ǵoy.

— Oy, óziń miyaylan ekenseń ǵoy. Qazannıń astına kómilgeni qayda?

— Aytpaqshı, solay eken-aw. Miyim qursın meniń. Qoy, men qaytayın, — dep Duxtar kóse juwırıp Aldar kóseniń úyine keledi. Altındı aladı, gúzege qaytadan jarmanı toltırıp ornına qoyadı da ózi Buxaraǵa qaray hayt qoyadı.

Hayal bes tóbeden astı, biraq heshqanday eshkini taba almadı, sharshadı, eshkisi de qurısın, ılaǵı da qurısın, kúyewim ash bolıp qalǵan shıǵar dep úyine ólip-talıp jetedi. Gúzeni ala sala áwliyege qaray juwırıp, Aldar kósege baradı.

— Aldar, Aldar.

— Bul kim?

— Men, má mına jarmanı iship al!

— Jańa ákelip ediń ǵoy.

— Alla bárekella, Duxtar kóse eken-aw. Sen qayda ediń? Hayal bárin aytıp beredi. Kún batıp qarańǵı túskennen soń Aldar górden shıǵıp, úyine kelip hayalına urısıp:

— Qoy, endi bolmas, ol kóse endi jetkermeydi. Kóylek-ıshtanımdı juwıp ber, men Buxaraǵa ketemen, — deydi:

Aldar kóse azıqlanıp, eshekli Buxaraǵa rawana boladı.

Duxtar kóse úyine jetip, altındı ortaǵa qoyadı da, hayalı menen keńesedi.

— Mınaw eki mıń tilla. Ekewimizdiń óle-ólgenimizshe jewimizge jetedi. Biraq, maqaw Aldar kóse, erteń bir kún jetip keler. Onnan eplep qutılıp, altındı ózimizge qaldırayıq. Ol hárdayım mına kúnbatıs tárepten keledi, eki kóziń usı jaqta bolsın. Úydiń ana jerine bir boyra tósep, peshexananı qurıp qoy. Kórgennen men ólgen bolıp jatayın, sen way-waydı sala ber. Sóytip, bir onnan qutılayıq — deydi.

Bir kúni Duxtar kóse menen hayalı túste shay iship otırsa, kúnbatıs jaqtan eshekli birewdiń kiyatırǵanı kórinedi.

— Ana birew kiyatırıptı ǵoy, — deydi hayal.

Duxtar qarasa, Aldar kóseniń tap ózi. Barıp boyranıń ústine jata qaladı, hayalı bay-baydı sala beredi. Bir máhál hayal sharshap bay-bayın qoyǵannan keyin Aldar kóse muńayıp jılamsırap:

— Duxtar meniń bir joram edi. Onı húrmetlep óz qolım menen aq jawıp, arıw kepinlep kómeyin. Suw ısıt qurdas, — deydi.

Aldar kóse ólikti arqasına tańıp alıp kete beredi. Bir waqları toǵaydıń ishindegi bir áwliyege baradı. Zańgige tańılǵan Duxtar kóseniń ayaǵın joqarı qaratıp, basın tómen qaratıp bir mazardıń diywalına súyep qoyadı da, ózi sol jerdegi bir jayǵa kiredi. «Úh» dep demin alıp otırǵanda, ǵawırlasıp bir top adamlar kele beredi. Aldar qasında turǵan gewek tomarǵa kirip jata beredi. Bul kelgen qırq qaraqshı eken. Usı jerge kelip urlıqtan tapqan dúnyaların bólisedi eken. Hámmesi attan túsip ortaǵa dúnya, puldı qoyadı. Bir jas úlkeni hámme nárselerdi teń bóledi. Bólinbey tek bir hasıl qılısh qaladı. Ol qılıshtı jigitlerdiń barlıǵı da alǵısı keledi. Onı qaraqshılardıń baslıǵı sezip:

— Bul qılıshtı anaw turǵan úlken gewek tomardı bir urǵanda kim qıyıp túsirse, sol aladı, — deydi. Bir jigit sekirip turıp:

— Men shabaman, — dep qılıshtı kótere bergende, Aldar kóse shıǵa tap beredi:

— Óliler, tirini basıń? — dep baqıradı.

— Duxtar kóse de kepinin jırtıp, qolın shıǵarıp, zańgisin súyretip:



— Óliler, tirini basıń, dep baqırıp, qaraqshılarǵa táp beredi. Qaraqshılar dúnyanı taslay sala atlarına minip qashadı. Qashıp bılay shıqqan soń baslıǵı:

Usı áwliyege burın eki qoydan sadaqa ákeletuǵın edik. Bul saparı nápsiqawlıq etip, qoy ákelmedik. Áne, sonıń nátiyjesi shıǵar. Endi sonsha dúnyanı qalay qıyıp taslap ketemiz, aqırın ǵana ańlıp keliń, — dep eki adamdı jiberedi.

Olar barıp diywaldan sıǵalap turıp ishtegi: «Há, meniń jarım pulım qayda» — dep baqırısqan sesti esitedi.

Sol waqıtta súyewli turǵan tabıttaǵı Duxtar, qasında tıńlap turǵanlardıń taqıyasın ılaqtırıp, «jetpese má saǵan» — dep

baqıradı. Bulardıń qorqqanı sonday, barǵan soń entigip zorǵa sóyleydi.

Qaraqshılar «dúnyası qurısın» dep ketip qaladı.

Aldar kóse oljanıń hámmesin ortaǵa salıp:

Alıp kel, eki mıń tillanı, qosıp bólemiz, — deydi Duxtarǵa.

Duxtar kóse eki mıń tillanı alıp keledi. Sóytip, dúnyanıń bárin teń bóledi. Ortada tek pul qaladı. Sonı bir-birewine kózi qıymay kóp waqıt otıradı. Aqırında onı qılısh penen eki bólip aladı. Sóytip, Aldar kóse Xorezmge qaytadı.

## MÓJENETAS

Burıńǵı ótken zamanda bir bay menen baybiyke hám olardıń jalǵız balası bolıptı. Bay hár bazar sayın mıń tilla alıp bazardan zat aladı eken de, kelesi bazar onı qımbatına satadı eken. Bir kúnleri bay qaytıs bolıptı. Endi baydıń hayalı xojeyininiń hár bazar isleytuǵın bazarlıq jumısların balasına tapsırıwdı oylaptı. Biraq, balasın sınaw ushın ne bazarlaytuǵının aytpay, qolına mıń tilla beripti. Balası sol mıń tillanı alıp, bazarǵa baradı. Bazarǵa baratırıp jolda bir adamnıń eshekti sabap atırǵanın kóredi. Bala sol jerde irkilip:

— He, bunı nege sabap atırsız? — dep soraydı.

— Áy, bul eshek meniń ayaǵımdı tewip aldı, — depti iyesi.

— Onda usını maǵan satasız ba? — deydi bala.

— Boladı, — deydi eshektiń iyesi.

— Bunıń bahası ne boldı? — deydi bala.

Ol mıń tilla soraydı. Bala mıń tilla berip, ekewi qol urısıp, eshekti úyine alıp qaytadı. Anası balasınıń eshek alıp kelgenin kórip «Eshek te túlik, minseń, jekseń, jumsasań — kólik.

Eshek alıptı, shep bolmaptı. Bir oylaǵanı bar shıǵar» dep, basqa hesh nárse aytpaydı.

Kelesi bazar kúni anası jáne mıń tilla beripti. Balası bul saparı bergen mıń tillanı alıp taǵı da bazarǵa tartıptı. Bazarǵa baratırsa, jolda bir adam bir pıshıqtı keseklep júrgenin kóredi. Bala:

— He, bul pıshıqtıń ne jazıǵı bar edi? — deydi.

— Áy, bul meniń ayaǵımdı tırnap aldı, — dep juwap beredi iyesi.

— Usı pıshıǵıńızdı maǵan satasız ba? — dep soraydı bala.

— Mıń tilla berseń sataman, — deydi jańaǵı kisi.

Bala mıń tillanı qolma-qol sanap beripti. Sóytip, bala pıshıqtı alıp úyine qaytıp keledi. Balasınıń pıshıq alǵanına tańırqaǵan anası «Pıshıq bar jerge jin-jıpır jolamaydı. Bul bala birdeńeni biledi eken», — dep ózinshe oy túyipti.

Keyingi bir bazar kúni anası balasına taǵı mıń tilla beredi. Bala sol mıń tillanı alıp, bazarǵa ketedi. Bala bazarǵa ketip baratırsa, jolda bir adamnıń bir jılandı urıp júrgenin kóredi. Bala sol adamnıń qasına barıp, jılandı nege urıp júrgenin soraydı.

— Áy, bul jılan meniń ayaǵımdı tislep aldı, — dep juwap beredi om urıp júrgen kisi.

— Jılandı maǵan satasız ba? — deydi bala.

— Sataman, mıń tilla ber de, ala ǵoy! — deydi jańaǵı adam.

Bala buǵan da mıń tilla berip, sol jılandı alıp úyine qaytadı. Anası balasınıń jılan ákelgenine jáne tańlanıp, «Jılan bar jerge baylıq jıynaladı. Bul bala bir baylıqtıń dáregin biletuǵın boldı-aw» dep, onıń endi ne isleytuǵının kútipti.

Eshek, pıshıq, jılan birneshe kún úyde bolǵannan keyin bala olardıń qasına keldi. Úshewin bir jerge jıynap bir sóz ayttı:

— Mına tawdıń arjağında, bir baydıń murnında mójenetas degen tas bar. Onı men ákem qaytıs bolgannan keyin qapa bolıp júrgenimde bir aq saqallı babadan esitip edim. Sol mójenetas bárimizdi baylıqqa, baxıtqa jetkeredi. Áne, endigi jumısımız — sol tastı barıp alıp qaytamız, — deydı bala.

Olar buğan qayılshılıq bildiredi. Sóytip bala, eshek, pıshıq, jılan tórtewi jolğa rawana bola beredi. Jolğa shığa bere eshek aytadı:

— Úshewiń de meniń ústime miniń, men sol tawğa sizlerdi shığarıp, ózim sol jerde otlap qalaman, al sizler bolsańız baydıń úyine barıp, mójenetastı alıp, usımanğa kelesiz.

— Yaqshı, — deydi olar.

Endi bala, pıshıq, jılan úshewi eshektiń ústine minip, tawdıń etegine kelgende eshek sol jerde qaladı, al basqaları baydıń úyine qarap júre beredi. Olar baydıń esigine kelgende, esiktiń eki jağında aybat shegip eki áydarha tur hám onıń dógereginde hár tústegi túrli jılanlar qaplap júr eken. Áydarhanıń qasındağı jılanlar ısıldap kelip balağa umtılısıptı. Sol waqıtta jılan hám pıshıq balanı qorğaw ushın ısıldap kelip qalğan jılanlardı ońnan da, soldan da bir tislep ılaqtırıp, óltire beripti. Pıshıq penen jılan sonday jıldam háreket etip jılanlardıń barlığın da hápzamatta qırıp taslaptı, hátteki bulardıń mına ábjilliginen alıstan aybat shegip turğan áydarhalar da qorqısıp qalıp, tez-tez jılısıp qasha baslaptı.

Bala, pıshıq, jılan úshewi ishke kirip barsa, bay arqayın uyqılap jatır eken. Sol waqıtta baydıń uyqılap atırğan tóseginiń ayaq ushınan bir tıshqan qashıp baratır eken, pıshıq onı dárhal tutıp alıp jep, tek quyrığın qaldıradı. Sóytip ol quyrıqtı tawlap-tawlap baydıń murnına tıqqıshlaydı, sol gezde bay qattı túshkirip jiberedi. Túshkirgen waqıtta murnınan mójenetas

ushıp túsedi. Mójenetastı qaqshıp alǵan bala dalaǵa qaray qashadı. Pıshıq ta, jılan da balamń izinen sırtqa qaray atıladı. Olar sol qashıwı menen tawdıń arǵı jaǵına kelse, baǵanaǵı qalǵan eshegi otlap júr eken. Eshekke bári atılıp minip alıp, awılına qaray hayt qoyadı.

Olar awılǵa jaqınlaǵanda bala mójenetasqa:

— Sen maǵan baǵ-sharbaqlı háwli dúzetip ber, — deydi.

Bala sol gápti aytıp awzın jumbay-aq, óziniń burıńǵı úyiniń ornında úlken sawlatlı jaydı, qasındaǵı ájayıp baǵdı kóredi. Baǵda bolsa alma, júzim, erik kógerip turǵanın kórip, mójenetastıń káramatın biledi. Úyine kelse, anası balasınıń aldınan shıǵıp kútip tur eken. Anası balasmıń puldı biykarǵa sarplamaǵanın bilip, onıń ózinshe islegen bul háreketlerine súysinipti. Sóytip, mójenetasqa qolı jetken bala mol baylıqqa jetisipti hám qayır-saqawatlı bay bolıp dańqın shıǵarıptı.

## SUM ESHEK

Burıńǵı ótken zamanda bir adam haywanlar patshasına barıp:

— Maǵan haywanlar tilin úyret! — dep ótinish etipti.

Haywanlar patshası ol adamǵa haywanlardıń tilin úyretipti. Ol adam eki ógizdi qosqa qosıptı. Keshte eki ógizdi, bir eshekti bir qoraǵa baylaptı. Eki ógiz sóylesipti. Adam bunı ańlıp turıptı. Birinshi ógiz ekinshi ógizge:

— Jora, sen qalaysań, men júdá sharshadım, — depti.

Sonda ekinshi ógiz:

— Hey jora, nesin soraysań, sharshaǵanda óleyin dep turman, — depti qıynalıp.

Sonda eshek turıp:





— Men bir aqıl aytayın, ógiz jora, — depti.
— Ayt, jora! — deydi ógiz.
— Sen búgin ot-shóbińdi jeme, sonda seni Xojeyin «he, biyshara búgin awırǵan eken» dep qostan azat eter, — depti eshek.
Sol kúni ógizdiń birewi ot-shóp jemepti. Adam bunı kórip, azanda bir ógizdiń janına eshekti qosıptı. Eshek júdá sharshap qalıptı. Keshte eshek ógizge kelip:
— Há, búgin bir sóz esittim, sen búgin otıńdı jemeseń, soyajaq qusaydı, — depti.
Sonnan ógiz ot-shóp jey baslaptı. Sóytip, sum eshek miynetten qutılıptı.

## AǴALİ-INILI TALAPKERLER

Burıngı ótken zamanda, el-jurt amanda, bayı ólip tul qalǵan bir kempir bolıptı. Sol kempirdiń eki balası bar eken. Bir kúnleri kempir balalarınan:
— Ne talap qılasańlar? — dep soraptı.
— Meniń qılıp júrgen hesh talabım joq, — dedi úlken balası. Kishi bala da sonı ayttı. Kempir úlken balasına qarap:
— Talapsız bolmaydı, balam, qılatuǵın talabıńnıń atın ayt. Molla bolasań ba?
— Molla bolmayman.
— Baqsı bolasań ba?
— Bolmayman.
— Endi ne talap qılasań?
— Endi men urı bolaman, — dedi úlken balası.
Kempirdiń kishi balası da aǵasınıń sózin quwatlap:
— Men de urı bolaman — dedi.

— Balam, urı bolsań, mınaday is qıl. Uzaqtan kóringen Qaratawda ósken uzın bayterek bar. Bayterektiń basında qańǵıp ushqan qaraqustıń uyası bar. Sol uyada qustıń úsh máyegi bar. Sol úsh máyekti bildirmey urla, sonda ǵana sen urı bola alasań, — deydi.

Sonnan keyin kishi balasına qarap:

— Qaraǵım, sen balam, aǵań qaraqustıń máyegin urlawǵa bayterektiń basına shıǵıp baratırǵanda bildirmesten aǵańnıń ıshtanın sheship al, sonda sen urı bola alasań, — deydi.

Kempirdiń úlken balası urlıqqa shıǵıp Qaratawdıń basındaǵı bayterekke bardı. Bayterekke barıp qaraqustıń máyegin kórdi. Máyekti urlayman dep bayterekke órmelep minip ketti. Ol bayterektiń basına minip baratırǵanda inisi keyninen kelip, putındaǵı ıshtanın bildirmesten sheship alıp qaldı. Bayterektiń basındaǵı máyekke kewil bergen jigit putındaǵı ıshtandı sheship alǵandı sezbey qala berdi. Jigit bayterektiń basına shıǵıp, qaraqustıń máyegine qolı tiydi. Birinshi máyekti aldı, ekinshi máyekti aldı, al úshinshi máyekke qol salǵanda, qaraqus bilip qalıp shuw shıǵardı. Urlıqqa kelgen bala úshinshi máyekti ala almay qalıp, ilajsız qayta berdi.

Eki bala bir kúnlerde awılına qaytıp úyine keldi, ne qılǵan jumısları sheshelerine málim boldı. Sheshesi balaların shaqırıp alıp, úlken balasına:

— Balam, sen urlıq qılsań, eki ret etken urlıǵıń bilinbes, al úshinshi urlıǵıń bilinip qalar. Al, kishi balam, seniń urlıǵıń sirá bilinbes, — dep, kempir eki balasına pátiyasın beredi. Sonnan keyin úlken balası xannıń ǵáziynesin urlaw qastında boladı. Al, kishkene bala:

— Men xannıń esiginde dáret suwın jılıtıp, xannıń kewlin xoshlap júre beremen, — deydi.

Sonday bolıp kishkene bala xannıń esiginde jumıs qıladı, al úlken bala xannıń ǵáziynesine túsip urlıq etpege kirisedi.

Bir kúnleri xan:

— Men hár kún ǵáziyneni barlastıraman, al ǵáziyne kún sayın kemip baratırıptı, kúnnen kúnge azayadı, endi ne ámel qılamız? — dedi esiginde júrgen kempirdiń kishi balasına. Bul bala:

— Xan taqsır, men jállatlar menen sóylesip kóreyin, ne aytar eken, — deydi.

Bul kishkene bala jállatlar menen sóylesip, xanǵa keledi.

— Xan taqsır, jállatlar menen sóylestim, oylasıq ettik. Endi ózińizge aytatuǵın bir sózim bar, sol meniń aytqanımdı qılasız, — deydi.

— Yaqshı, seniń aytqamńdı qılayıq, ne qıl deysiz? — dedi xan.

— Sizge aytajaǵım mınaday: Siz ǵáziynexananıń aldına bir uranı qazdırıń. Sol uranıń ishin jelim qaynatıp, jelim menen toltırıńlar. Kúnde urlıqqa kelip júrgen taǵı keler. Sol kiyatırǵan waqtında aldındaǵı uradan xabarı joq, qarańǵıda bilmey uraǵa túsip, jelimge batıp qatıp qalar. Sonnan keyin ol urını uslap alamız, — deydi.

Bul aytqan maqul túsip, xan uranı qazdırıp, jelimdi qaynattırıp quydırıp, úyine barıp jata beredi. Bayaǵı kúnde kelip júrgen urı taǵı kelip, uraǵa jıǵılıp, jelimge batıp qatıp qaladı. Inisi aǵasınıń izinen barıp, xannıń esigindegi qarawıldı uyqılatıp, bul ne awhal dep uradan xabar aladı. Uraǵa kelse, aǵası uraǵa túsip jelimge batıp qalǵan.

— Aǵa, búgin de kelip pe ediń? — depti.

— Qaraǵım, meni xanǵa bildire kórme. Xan meni zaya qıladı, — dep inisine jalınıptı. Inisi hesh kimge aytpay aǵasın

uradan shıǵarıp qutqarıp alıptı hám olar usınnan keyin urlıǵın qoyıp, ańshılıqtı kásip etken eken.

## ÁDIL QUTLÍQ

Burıńǵı ótken zamanda bir Ádil degen shopan bala jasaǵan eken. Ol jurday jetim bolıp, júdá kámbaǵal jasaptı. Shopan hárkimniń malın, qoy-eshkilerin baǵıp kún kóredi eken. Biraq, ol hesh adamlardıń malına qıyanet etpey, is haqısın hadallap alatuǵın bolıptı.

Kúnlerdiń birinde Ádil shopan jaylawda malların baǵıp júrse, bir qus ushıp kelip, onı aylanshıqlay beripti. Shopan qustı ári-beri quwsa da ol ketpepti. Bir waqıtta toparlasqan atlı adamlar shopannıń qasına kelip qalıptı. Olar shopanǵa:

— Bizler dáwlet qusımızdı izlep kiyatırmız. Jańa usı dógerekte onı kórgendey bolıp edik. Qustı sen jasırmadıń ba? — degeni sol, jańaǵı qus birden payda boladı da, shopannıń basına qonadı. Patshanıń adamları bolsa oǵan isenbey, qustı qaytadan ushıradı. Ol jáne shopannıń basına qonadı.

Úshinshi ret ushırǵanda da qus Ádildiń basına qonadı. Solay etip, patshanıń adamları shopandı eline alıp keledi. Dáwlet qusı shopannıń basına qonǵanın esitken patshanıń balaları qattı qáhári keledi. Biraq, bul dúnyadan ótip ketken ákesiniń wásiyatın orınlawǵa olar májbúr boladı. Ákesi óleriniń aldında balalarına:

— Dáwlet qusımdı ushırıńlar, ol kim bay bolsın, kim jarlı bolsın, sonıń basına qonsa, sol eldiń patshası boladı, — dep ketken edi.

Ádil shopan bunday baxıtqa isenbey:

— Men patsha bolıwǵa ılayıq emespen, — depti.

— Bul patshanıń buyrıǵı. Sen patsha bolıwıń shárt! — deydi patshanıń wázirleri.

Shopan biraz oylamp turıp:

— Onday bolsa, meniń de shártlerim bar, — depti.

— Siziń aytqanıńız bolsın, tilegińizdi orınlaymız, — dep jabırlasıptı wázirleri.

— Birinshiden, meniń shopan júrisimdegi kiyimlerimdi jayıma ildirip qoyaman. Hár waq onı kiyip, burıńǵı shopan bolǵan kúnlerimdi eslep turıwım kerek, — depti bala.

Solay etip, Ádil shopan patsha bolıptı.

Qońsı eldiń patshası «bası taz shopan bala patsha bolıptı» degen xabardı esitip, onı kórmekshi bolıp, jolǵa túsedi. Patsha kárwan túye tartıp kiyatırsa, aldınan bir bala shıǵıp:

— Meni alıp ketiń, biraq, meniń aqsham joq, — deydi.

— Aqshań bolmasa, ne bereseń? — depti patsha.

Bala oylanıp turıp:

— Sanımnan bir kespe gósh beremen, — deydi.

Patsha ırazı bolıp, onı túyesine mindiredi. Kúni-túni jol júrip, olar Ádil patshanıń qalasına jaqınlaydı. Qarasa, qalanıń sırtınan úlken diywal salınıp atırǵan eken. Bala túyeniń ústinde oylanıp:

— Eger mına diywaldıń arjaǵına sekirip tússem, kárwanbasıdan qutılaman ǵoy, — dep túyeniń ústinen diywaldıń arǵı jaǵına ırǵıp túsedi. Ol baǵda dem alıp jatırǵan baǵman ǵarrınıń dál ústine túsedi. Baǵman sol jerde-aq jan tapsıradı. Baǵmannıń balaları onı uslap aladı. Ózin «kárwanbasıman» dep júrgen patsha da sol waqıtta jetip kelip, birgelikte balanı taza xan, yaǵnıy, Ádil patshanıń aldına alıp keledi. Xanǵa arız etedi.

Bağmannıń balaları:

— Mına bala bizlerdiń ákemizdi óltirdi, — deydi.

— Qalay óltirdi? — dep soraydı patsha.

— Diywaldıń arjağınan sekirip túsemen dep ákemizdiń ústine tústi, — deydi balaları.

— Onda bul balanı ákeńniń jatırğan jerine aparıp jatqarıńız. Seni túyege mingizip, bir sekirgennen usı balanıń ústine tússeń, ólse ólgeni, ólmese, ózińdi darğa astıraman. Soğan qayılsań ba? — depti patsha.

Sonda bağmannıń balaları arızınan birden wazkeshipti. Ekinshi arzagóy kárwanbası patshağa arızın aytadı.

— Biz Jánibek xannıń elinen kárwan tartıp kiyatırsaq, bul bala «túyege miniwge aqsham joq, sanımnan gósh kesip beremen» dep, mánzilge jetkennen keyin qashıp ketpekshi boldı, — deydi.

Sonda patsha:

— Seniń qolıńa ótkir pıshaq beremen. Balanıń sanınan bir kespe gósh kesip alasań. Eger gósh artıq yamasa kem bolsa, óleseń! — deydi.

Ólim sawdasınıń awır ekenligin bilip, kárwanbası da arızman bas tartadı hám patshağa:

— Sizdi sınaw ushın aldıńızğa arız etip kelip edim. Men de sizdey patsha bolaman. Siz bizden de aqıllı patsha ekensiz. Tapqırlığıńızğa qayıl qaldım, — depti.

Áne, sonnan baslap eki patsha jaqsı tanısıp, eki el arasında qatnasıqtı bekkemleydi.

Jánibek xan qızın Ádil patshağa múnásip dep oğan beredi.

Solay etip, dağıstanda qoy bağıp júrgen shopan bala baxıtlı dáwran súredi. Eline ádil patsha bolıp, xalqı qutlı qonısta,

abadanshılıqta jasaptı. Sonnan baslap bul el «Ádil Qutlıq» dep atalıp ketken eken.

## DÚNYANİŃ ZORİ

Ertegim erte boldı,
Qulağı kelte boldı,
Ğaz qarawıl boldı,
Tırna jasawıl boldı,
Hakke biysımaq boldı.
— Hakke, sen neden biysımaq boldıń?
— Muzğa tayıp shatım ayrıldı.
— Muz, sen neden kúshli boldıń?
— Men kúshli bolğanda, kún eritermedi?
— Kún, sen neden kúshli boldıń?
— Men kúshli bolğanda, bult basarmedi?
— Bult, sen neden kúshli boldıń?
— Men kúshli bolğanda, jamğır tesermedi?
— Jamğır, sen neden kúshli boldıń?
— Men kúshli bolğanda, jer sorırmedi?
— Jer, sen neden kúshli boldıń?
— Men kúshli bolsam, tıshqan tesermedi?
— Tıshqan, sen neden kúshli boldıń?
— Men kúshli bolğanda, pıshıq alarmedi?
— Pıshıq, sen neden kúshli boldıń?
— Kúshlimen, men kúshlimen,
Ayağımda zerli ğáwish,
Kúnine ekki mıń tıshqannan sáwish.

## DÁW MENEN BALA

Burıngı ótken zamanda bir kempir menen ǵarrınıń jalǵız ulı bolıptı. Olardıń qorasında jeti eshkisi bolıp, mudamı olardı baǵıp júredi eken. Bir kúni bala eshki baǵıwǵa keterde kempirine:

— Apa! Maǵan qatıq ber, ishkim kelip tur, — depti.

— Qatıq ishseń, dúzde uyqılap qalasań ǵoy, balam, — depti.

— Uyqılamayman, apa, bere ber, — depti balası da.

Anıq qoymaǵannan keyin anası:

— Meyli, ishe ǵoy, — dep, onıń aldına bir gúze qatıqtı ákelip qoyıptı.

Bala qatıqqa toyıp alıp, eshkilerin aydap, tawǵa qaray kete beripti. Bir jerge barǵanda bala buyıǵıp uyqılap ketipti. Uyqıdan tursa, hesh jerde eshkiler kórinbeydi. Ushıp túrgelip, átiraptıń bárin qarap shıǵadı. Biraq, hesh jerden eshkilerin tabalmaydı. Kórdim-bildim degen adam joq. Bir waqıtları uzaqtan eki iyttiń dawısı shıqqan tárepke qaray kete beredi. Biraz júrgennen keyin tawdıń janbawırında turǵan bir úydi kóredi. Úyge barıp ishine úńilse, tórde qol-ayaǵı baylanǵan bes-altı adam jatır. Olar bunı kórip:

— Háy, bala! Sen bul jerde ne islep júrseń? Tezirek qarańdı batır! Bul jer dáwdiń úyi, házir ol kelip qalsa, bizler menen qosıp seni de jeydi, — depti.

— Ketpeymen! Sizlerdi jegen dáw, meyli, meni de jey qoysın, — dep juwap beripti bala.

Bir waqıtları dáw qoylardı aydap kelipti, bala dárhal adamlardıń artına jasırınıp tura qalıptı. Dáw átiraptı iyiskep:

— Búgin bóten adam keldi me? Bóten iyis shıǵadı ǵoy, aytıńlar, — depti.

— Yaq! Bul jerge hesh adam kelgen joq, kórmedik, — dep juwap beripti ayaq-qolı baylawlı adamlar.

Sonnan keyin dáw qoylardı úyirge qamap, oshaqta turǵan adamnıń góshin jep, uyqılap qalıptı. Bala dáwdiń bir qoyın uslap alıp soyıp, terisin tulıp etip kiyip alıp, góshin adamlarǵa berip, qoylardıń arasına kirip ketedi. Dáw uyqıdan turıp qoylardı quyıdan suwǵarayın dep shelek penen suw tartıp atırǵan waqıtta quyınıń túbinde bir nárse kórinedi, bul ne eken dep úńilip atırǵanda, bala arqasınan kelip qattı pát penen iyterip jiberedi. Dáw qudıqtıń ishine qulaydı.

Dáwden qutılǵan adamlar qattı quwanısıp, oǵan raxmet aytıp, dáwdiń bar múlkin balaǵa berip ketedi.

Bala úyine kelip, dáwden qalǵan dúnya maldı awıldaǵı kámbaǵallarǵa bólip beredi. Ol aman saw ata-anasına qosılıp, kámbaǵallıq ne ekenin bilmey, uzaq ómir kóripti.

## AQILLI BALA

Burıńǵı ótken zamanda bir patsha bolǵan. Onda kózdiń jawın alatuǵın jaqsı bir at bar eken. Sol atqa basqa bir eldiń patshası qızıǵıp sawǵaǵa soraydı. Álbette, bul attı soraǵan patshaǵa bermeydi. Bermegen soń qońsı patsha hasıl atı bar patshanıń eline urıs ashadı. Sebebi, sol at kisnegende urıs ashajaq bolǵan patshanıń eliniń on mıń biyesi ish taslaytuǵın qusaydı.

— Urısasań, bolmasa jılda bizlerge on mıń tillá bereseń, — deydı qońsı patsha.

Bul patsha áskerleriniń az bolǵanlıǵı sebepli bir jılda on mıń tillá beredi.

Kúnlerden bir kún patsha hasıl atınıń qasına altınnan arba soqtırdı. Sol arbanıń bahasın qoyıwǵa xalıq penen oylasıwǵa jıynaldı. Hesh adam baha qoya almadı, birew mıń, birew júz mıń dep, bul arbaǵa baha tabılmaydı. Patsha:

— Endi kim qaldı? — dep soradı.

— Tek shetki awılda bir bala ǵana qaldı, — dedi jasawıl.

— Sol balanı alıp keliń! — dedi patsha.

Olar balanı alıp keldi. Patsha balaǵa:

— Mına arbanıń bahasın qoy, — dedi.

Bala oylanbastan:

— Bul arbanıń bahası ashlıqta bir toyıp ishken as eken, — dep baha qoydı.

Patsha «bahası joq, ózi altın, biraq, ashlıqta toyǵanday asqa beretuǵım ıras» dep oylandı. Balanıń aqıllı ekenin sezdi. Onı sarayda toydırıp, kiyindirdi.

Birneshe kún ótken soń balanı shaqırıp alıp, qońsı patshanıń dushpan ekenligin, bir attıń kisnegeni ushın jılda on mıń tilla alatuǵının ayttı.

— Balam, bizlerdi jarastır, — dedi patsha.

— Yaqshı, taqsır, maǵan bir túye, bir mıltıq, bir teke beriń, — dedi bala.

Patsha barlıǵın da tayar etti. Bala solardı alıp qońsı patshaǵa ketti. Ol patsha «elshi keldi» dep jıllı kútip aldı. Olar elshini sıyladı, onnan keyin jol bolsın soradı. Bala kelgen jumısın ayttı.

— Onday bolsa, úlkenińdi alıp kel, — dedi patsha.

Bala túyeni alıp keldi.

— Onday emes, saqallıń bar ma, sonı alıp kel, — dedi patsha ashıwlanıp.

Bala tekeni alıp keldi hám jolda bes iytti atıp óltirdi. Patsha qáhárlenip:

— Bunday nárse emes, adam alıp kel, — dedi.

— Men adamman, — dedi bala.

Sol waqta eldegi iytlerdiń iyeleri patshaǵa shaǵım etip keldi.

— Mına miymanımız iytlerimizdi atıp tasladı, — dedi bir iyttiń iyesi.

Sonda patsha turıp:

— Miyman, bul ne qılǵanıńız? — dep soradı.

— Qullıq, taqsır, atadan úsh aǵayinli jigit edik. Qudayım eki úlkenin patsha etip jaratqan eken. Men sol ekewiniń inisi edim. Mine, olar maǵan qoy baqqızdı. Qoyshı qasqırdan qorǵaw ushın uyqı degendi bilmeydi. Siziń eldiń iytleri tınbay úredi, úre beredi. Soǵan ashıwlanıp iytlerdi atıp edim, — dedi bala.

— Bunday da ótirik bola ma? — dedi patsha tańlanıp.

— Qullıq, taqsır, biziń eldiń atı kisnegende siziń eldiń on mıń biyesi ish tashlaǵanda, iyttiń dawısı bizlerge jetpey me? — deydi bala nıqlap.

Sol waqta patsha sózden utılıp, barlıq ókpe-giyneni qoyıp, eki patsha bir jetim balanıń aqıllı sózleri menen dos-tatıwlıqta jasaydı. Balanı óz eliniń patshası bas wázir etip aladı. Solay etip, bala teńine úylenip, úbirli-shúbirli bolıp, murat-maqsetine jetti.

### ERTEGIM ERTE BOLDİ

Ertegim erte boldı,
Qulaǵım kelte boldı.
Bar eken de joq eken,

Ash eken de toq eken.
Ala ǵarǵa azanshı eken,
Qara ǵarǵa qazanshı eken.
Qara kópek qawınshı eken,
Sarı pıshıq sawınshı eken.
Qara qaplan qarawıl deydi,
Jolbarıslar jasawıl deydi.
Túlkiler qátip bolıptı,
Ishkeni qatıq bolıptı.
Qasqırlar ásker bolıptı,
Saǵallar láshker bolıptı.
Qozılar kábap bolıptı,
Patshaǵa awqat bolıptı.
Tulparlar elshi bolıptı,
Suńqarlar tilshi bolıptı.
Hákkeler kúnshil bolıptı,
Qırǵıylar sınshıl bolıptı.
Aqquwlar xatlar jazıptı,
Kepterler xatlar tasıptı.
Arıslan húkimdar eken,
Aytqanı aytqan eken.
Kimde-kim tıńlamasa
Ózi ólimdar eken,
Malı patshalıq eken,
Salıǵı barshılıq eken,
Peyili tarshılıq eken,
Peyili tar bolsa da,
Toǵayı molshılıq eken.

## TÓPPELEGISH TÓRTEW

Burıngı ótken zamanda bir ǵarrı menen kempir jasaptı. Olardıń xojalıǵında bir eshegi bolıptı. Eshek penen otın tasıp kún kóredi eken.

Bir kúnleri eshek qartayıp kúsh-quwatı qaytadı. Ǵarrı kempirge:

— Eshek qartaydı, burıngıday kúshi joq. Men bunı erteń bazarǵa sataman, — deydı.

Kempiri de ǵarrısınıń oyın maqul kóredi.

Eshek bum esitip, túnde qashıp ketedi. Jolda kiyatırsa, bir jerde bir tawıq otır eken. Eshek tawıqqa:

— Neǵıp otırǵan tawıqsań? — deydi.

— Iyem bir jorasın shaqırıp, meni soǵan arnalǵan qonaq asıǵa soyajaq edi, — dep juwap beredi tawıq muńayıp. — Sonnan soń sonı esite sala qashıp kettim.

— Olay bolsa, meniń menen joldas bol, — dep tawıqtı eshek arqasına mindirip júre beredi.

Bulardıń aldınan bir pıshıq shıqtı. Eshek pıshıqqa:

— Háy, pıshıq, neǵıp otırsań? — depti.

Pıshıq:

— Meni baydıń eki balası kózimdi baylap erteń dáryaǵa taslayman, dedi. Sonı esitip qashıp shıqtım.

Sonda eshek:

— Ekew edik, endi úshew bolayıq, min arqama, — dep pıshıqtı da arqasına mindirip júre berdi. Aldınan bir kópek iyt shıqtı. Kópekten jón-josaq soraǵanda ol:

— Meni iyem erteń adastırıp, taslap ketpekshi. Som esitip qashıp shıqtım, — deydi.

Bunı da qasına alıp, eshek kete beredi. Olar elden shıǵıp ketti. Dalanlıqta júrip, azıq tappay ashırqadı. Bir aǵashtıń túbine kelip eshek pıshıqqa qarap:

— Mına aǵashtıń basına min, el-elat kórine me eken? — deydi.

Pıshıq qarap edi, bul dógerekte el kórinbedi, tek bir jıltıldaǵan jarıq kóringendey boldı. Olar sol jarıqtı baǵdarlap júrip otırdı. Bir jayǵa keledi. Pıshıq heshkimge bildirmey qarasa, úsh adam otır eken. Bular úshewi oylasıp aladı. Eshek aytadı:

— Sizler meniń arqama miniń, men terezeden eki ayaǵımdı suǵıp ańqırayın, sizler sol waqıtta birewińiz shaqırıń, birewińiz úriń, birewińiz miyawlań, sonnan keyin bular úyden shıǵıp qashar.

Bular sonı islep edi, jańaǵı úydegiler qorqıp ketip qasha jóneldi.

Hámme qorqa-pısa qashıp ketkennen keyin úyge kirip qarasa, úydiń ishinde ne kerek, bári bar eken. Bulardıń kelgen jeri — urılardıń úyi eken. Tórtewi dásturqan dógeregine jayǵasıp, qarınların jaqsılap toydırıp aldı da, jatıwǵa qaradı. Jatarda eshek olarǵa:

— Men tórde jatayın, kópek, sen bosaǵada jat, pıshıq oshaqtıń ústinde jatsın, tawıq múyeshte qonaqlap tursın, — deydi. Jatqannan keyin bayaǵı úsh adam tereze tusına kelip ańlıydı. Heshkim kórinbegennen soń, «ketip qalǵan eken» dep úyge kirmekshi boladı. Birewi úyge kirip kele beredi, ekewi tayaq alıp bosaǵada turadı. Jańaǵı adam úyge kirip, oshaqqa qarasa jıltıraǵan bir nárseni kórip, úńile bergende pıshıq betin julıp aladı, iyttiń ayaǵın basqanda kópek wáwildep úrip,

sannıń etin julıp aladı, eshek jawırınan ıńqıldatıp tebedi. Tawıq ta párin úrpiytip, taslanadı. Bundaydı kútpegen kimse úyden shıǵa qashadı. Qasındaǵılar da qashadı. Jańaǵı adam joldaslarına jolıǵıp:

— Oshaqqa úńilip edim, birewi almas penen tildi, birewi tepti, birewi ayaǵımdı tisledi, tórtewi ántek-tentegimdi shıǵarıp, tóbelep, tebelep tasladı. Endi qaytıp ol úyge altın berse de barmayman, — dep zar eńirey berdi.

Qalǵanları da bunı esitkennen soń úshewi sol qashıw menen báder ketti. Endi bul úy eshek, pıshıq, kópek hám tawıq tórtewine qalıp, olar más bolıp jasay berdi. Óz awızbirliginiń arqasında tóppelegish tórtewdiń muradı murt boldı.

## ÓGIZ, ESHKI HÁM QORAZ

Burıńǵı ótken zamanda qoraz, eshki, ógiz iyelerine ókpelep, toǵayǵa shıǵınıp ketipti. Toǵayǵa barǵan soń, bular úshewi ayrılmastay dos bolıptı. Toǵaydıń ishinde más bolıp qıdırıp júripti.

Bir kúni úshewi ketip baratırsa, joldıń boyında bir jolbarıstıń ólip jatırǵanın kóripti. Olar kóp oylanıp otırmastan, onıń terisin sılıp alıp ógizdiń ústine jawıp, jolın dawam etip kete beripti. Biraz júrgennen keyin olardıń aldınan ólip jatırǵan bóri shıǵıptı. Úshewi bóriniń de terisin sıpırıp alıp, jáne jolın dawam ete beripti. Jáne biraz júrgennen keyin olar bul saparı túlkiniń óliginiń ústinen shıǵıptı. Onıń da terisin sılıptı.

Sóytip júrgende kesh jaqınlaptı. Dem alıw ushın bular toǵaydan jolsız júrip, bir úńgirdi tawıptı. Úńgirge kirip barsa, úsh ań — jolbarıs, bóri hám túlki bularǵa qarap jalańlasıp

otır. Bular da hawlıqpastan, qorıqpastan olar menen sálemlesip tórden orın alıptı. Bir waqıtta eshki ógizge qarap:

— Mına jolbarıstı búgin keshki azıq etsek, túlki menen bóriniń góshi erteńgi jemegimizge jaramas pa edi? — depti.

Sol waqıtta esik bette otırǵan túlki sıp etip dalaǵa shıǵıp qarasa, jolbarıstıń, bóriniń, túlkiniń terisine kózi túsip, jolbarıs penen bórige:

— Qashıp qutılmasańız, bular naǵız ańshılar eken, — dep baqırıp, ózi hayt qoyıp qasha jónelipti.

Jolbarıs penen bóri bul sózge hawlıǵıp úńgirden dalaǵa shıǵıp qarasa, aytqanınday, jolbarıstıń, bóriniń, túlkiniń terisi úyiwli jatır eken. Bular da qorıqqanınan aldı artına qaramay qasha jónelipti. Biraz jerge barǵanda, bóri ashkóz emes pe, oylanıp qalıptı: «Pay qorazdıń góshi qanday mazalı. Eshkini jesem bir awqat bolar edi. Ógizdi aytsesh» dep nápsiqawlıq etip, izine qaytıptı.

Úńgirge aynalıp kelip awızdan qarasa, «ańshılar» ele gúrrińlesip otır. Olar bóriniń kelgenin sezipti. Eshki úńgirge kirer awızda turıptı. Bóri ásten awızdan kirgen waqıtta eki shaqınıń arasına bóriniń basın kirgizip alıp:

— Al, ógiz jora! Shókkishińdi ura ber. Qoraz jora! Bizińdi suǵa ber, — dep baqırıptı.

Bunı esitken ógiz keyin sheginip, bórige taslanıptı. Qoraz bolsa, onıń kózin shoqıptı. Bóri julqınıp, tawlanıp, óldim-taldım degende bulardıń qolınan qutılıptı. Sol qutılıwdan qashıp basqa bórilerge bolǵan awhaldı aytıptı. Olar bóriniń óshin almaqshı bolıp, jolǵa shıǵıptı.

Ógiz, eshki, qoraz úshewi oylasıp, bul úńgirden ketiwdi maqul tawıptı. Óytpese, bóriler bulardıń mılja-mıljasın shıǵaratuǵının sezipti.

Sóytip, olar toǵaydıń ishi menen qashıp kete beripti. Bóriler de bulardıń izinen quwa beripti. Olardıń aldınan úlken bayterek shıǵıptı. Sonda eshki eki joldasına:

— Mına bayterekke mineyik. Bóriler bizlerdi quwıp kiyatır. Usı terektiń basında otırsaq qutılamız, — depti.

Bul sóz olarǵa maqul túsip bayterekke minip otırıptı.

Aradan kóp uzamay bóriler de bayterektiń túbine jetip kelipti. Bayterektiń basında otırǵan úshewin kórip, bóriler de biriniń ústine biri minip, eń astında bayaǵı jaralı bolǵan bóri turıptı. Bóriler bayterektiń basına jaqınlaǵanda eshki:

— Al, ógiz jora hám qoraz jora, men bulardı qısqısh penen qısa bereyin, sizler miyine ura beriń, — depti.

Bul sózdi esitip turǵan eń astıńǵı bóri qaymıǵıp qasha jónepti. Basqa bóriler astındaǵı tirewden ayırılǵan soń, nárwan daraqtıń túbine jıǵılıp, birazı sol jerde jan tapsırıptı da basqaları zorǵa degende qashıp qutılıptı.

Sol kúnnen baslap bul úsh dos toǵaydıń iyesi bolıp ómir súrıp, maqsetine jetipti.

## QİRMAN SÚZIW QİZİǴİ

Bir túlki sumlıq oylaydı. Sóytip, tasbaqa menen taskeneni shaqırıp aladı. Olarǵa túlki aytadı:

— Úshewimiz sherik bolıp diyqanshılıq eteyik, sizler maǵan járdemshi bolsańlar, barlıǵın ózim isleymen, — deydi.

Solay dep wádeleskennen keyin qayır jer tawıp, bir tanap jerdi ólshep, tórt burıshına qazıq qaǵıp belgilep bolǵannan soń túlki:

— Men gúnde aǵash, moyıntırıq, pazna sorap ákeleyin, — dep ketedi.

Sol ketkennen túlki qaytıp aylanıp soqpastan ketedi. Onı kúte-kúte, aqırı ol kelmegen soń tasbaqa menen taskene oylasıp, endi bul jerdi taslap ketpeyik dep, ekewi sherik bolıp tarı egipti. Túlki ne qılar eken dep bas baǵıp júre berdi.

Gúz waqıtı boladı. Tarılar pisip, onı orıp, aydap, qırmanǵa qızıllap úyip, keshte qırman súzemiz dep tasbaqa menen taskene más bolıp otırsa, túlki qabın iynine salıp:

— Qırmanlar tassın, joralar, qırmandı súzeyik, — dep keledi.

Tasbaqa menen taskene:

— Seniń endi ne jumısıń bar qırman menen? — deydi.

Túlki sol jerde daw shıǵarıp:

— Men de sherikpen úles alıwǵa, — deydi.

— Qanday sherik, ne úles, sen jıl basında búnde sorap kelemen dep ketip, sonnan báder kettiń. Sonnan berli usı kórip turǵanımız ǵoy, seni, — deydi tasbaqa menen kene kúyip-pisip.

Sonda túlki:

— Men ózim sizlerge bas bolıp, jerdi ólshep qazıqtı qaǵıp, atızdı belgiledim emes pe? — dewi menen jerge qaǵılǵan qazıqtı kórsetip:

— Men bolmasam, mınanı kim qaqtı? — dep kene menen tasbaqanı sózden qaldırdı.

Kene onı tıńlap bolıp:

— Yaqshı, áweli juwırıp jarısayıq, qırmandı kim ozǵan alsın, — deydi.

Túlki bul usınısqa quwanıp:

— Kórersizler, men ozıp kelip, hámmesin ózim alaman, — deydi.

Kene tasbaqaǵa:

— Sen de bir oy tap, men túlkiden qalay bolmasın ozıwım kerek, — deydi.

Tasbaqa túsinip, «yaqshı» dep, úshewi alısqa ketip qashar jerde túlki ortada, tasbaqa oń jağında, kene shep jağında turadı. Túlki qasharda oń jağına qarap, shep jağına quyrığın tawlap qashadı, tasbaqa «ilahiy ámin» degende túlki tura qashadı. Kene dárhal túlkiniń quyrığına jabısıp alıp, qırmanğa jetkenshe quymıshınıń awzına barıp qatadı.

Túlki jalğız kelip qırmanğa quyrığın basa bergende, kene dawısınıń barınsha «hay» dep ayhaylap jiberedi de:

— Túlki jora, arman otır. Tap bir jekke óziń ozıp kelgendey, kóziń hesh nárseni kórmeydi ğoy. Ne, kishkene bolğanımızdıń jazığı bar ma? — dep sóylengende túlki órre turıp artına qarasa, keneniń qırmannıń ústinde otırğanın kóredi. Túlki tańlanıp:

— Sen qashan keldiń-ew? — deydi.

— Ho-o, meniń kelip dem alıp otırğanıma álle máhál boldı, — deydi taskene qáterjam túrde.

Túlki hayrannan hayran bolıp, bası qatıp otırsa, ahılap-úwhilegen halda tırbanlağan tasbaqa da moynı sala qulash bolıp jetedi. Pánt jegen túlki tasbaqadan:

— Al, sen nege keshiktiń jora? — dep soraydı.

Tasbaqa:

— Wáy, túlki jora-ey, bir-birewge dos bolğan soń ólimge qıymaydı ekenseń, men sen ushın qudaydıń kóp ótirigin aytıp, zorğa degende bir báleden qutılıp kelip otırman. Jolda soğan ádewir eglenip qalğan edim, — deydi.

Túlki:

— Ol qanday bále? — dep soraydı.

Tasbaqa:

— He, nesin soraysań? Astında júyrik atı, qolında alǵır búrkiti, eki julqar iyti bar ańshı seniń izińdi kórip quwıp kiyatır eken. Meni kórip: túlki kórdiń be? — dep soradı. Men góne izge salıp jiberdim, iytleri izshil eken, tappay qoymas deymen. Sen basıńnıń ǵamın et, tez bul jerden ket, — dep tasbaqa kiyatırǵan jaǵına qolın kóterdi.

Sol waqta túlki kirerge tesik tappay:

— Qayda ketemen, endi? — dep keneden aqıl soradı.

Kene «bılay qarap ket» dep qolın bir siltedi. Túlki qorıqqanınan qabına da qaramay qashtı.

Tasbaqa:

Túlki jora, qabıńa az ǵana kewsen salıp bereyik, ala ket, — dep izinen baqırdı.

Túlki:

—Qap dep qapılıp qalarman, qabı qursın,—dep qasha jóneldi.

Sóytip, tarı qırmandı eńbek etken tasbaqa menen taskene ekewi teńara bólisip alıptı.

## PILLER NE USHİN TİSHQANNAN QORQADİ?

Erte zamanlarda toǵay haywanları bólek-bólek bolıp jasaydı eken. Keyin ala toǵayda, elde asharshılıq baslanǵannan soń hár qıylı haywanlar ózleriniń toparları menen birgelikte jasaytuǵın bolıptı. Asharshılıq penen birge elde suwsızhq ta baslanıptı. Bir topar piller suw izlep jolǵa shıǵıptı. Jolda olardıń aldınan hákke ushıp shıǵıp:

— Sizler áwdiygen úlken haywan bolǵanıńız benen sizlerdi ózińizdiń deneńizden mıń ese kishkene maqluq óltire aladı, — depti.

Bul gápti esitken pillerdiń bazıları júdá hawlıǵısıp, qorqıptı. Al, bazıları bolsa:

— Sizler qorqpańlar, aqırı bizler eń úlken haywanbız. Ózleriniz-aq oylanıp qarań. Qalaymsha bizdi kishkene maqluq óltiriwi múmkin. Hákke degen ózi ázelden bizlerge dos emes. Awzınan tek jaman xabarlar ǵana shıǵadı, — depti.

Solay etip, jolın dawam etipti. Jańa ǵana suwǵa jaqınlaǵanda bir pildiń ólip jatırǵanın kóripti. Piller haplıǵısıp barıp qarasa, ólgen pildiń janınan bir tıshqan qashıp baratır eken. Piller:

— Baǵanaǵı hákkeniń gápi shın eken. Bizdi tıshqan óltire aladı eken! — dep qorqısıptı.

Negizinde, ol pil ashlıqtan suwǵa da jete almay ólgen eken. Sonnan berli piller tıshqannan qorqatuǵın bolıptı.

## NANBAYDIŃ BALASÍ

Burıńǵı ótken zamanda bir nanbay bolıptı. Onıń qızı da, ulı da bolmaptı. Tek kempiri menen ekew ǵanası jasaydı eken. Bir kúni nanbaydıń úyine bir jas bala kelip:

— Ata, meniń heshkimim joq, ulsızǵa ul, qızsızǵa qız bolaman, — deydi.

Perzentsizlik daǵı basına tiygen ǵarrı:

— Balam, biziń qızımız da, ulımız da joq. Bizge bala bola ǵoy, — deydi.

Bala nanbaydıń úyinde bola beredi. Bala kelmesten burın zorǵa kúnin kórip otırǵan nanbay, bala keliwi menen biri eki bolıp, kún kórisi jaqsılanadı. Bala da erjetip jigit boladı.

Bir kúni ǵarrı:

— Balam, dúnya bolsa bar! Saǵan bir qız alıp, bizler de kelinli bolsaq qalay bolar eken? — depti.

— Meyli, ózleriniz bilesiz, — depti bala.

— Kimniń qızın alamız? — deydi balasına ırza bolǵan ǵarrı.

— Áperseńiz, maǵan xannıń qızın alıp beriń, basqa qız kerek emes, — deydi bala bir waqta.

— Haw! Balam-aw! — depti ǵarrı hayran qalıp, — bizdey qarapayımǵa xan qızın bere me? Bunnan basqa bir qızdı ayt, — deydi.

Biraq, bala sol bayaǵı aytqan sózinde qattı turıp aladı. Onıń aytqanınan qaytpaytuǵının sezgen ǵarrı ilajsız qayıl boladı.

— Balam, onı qalay ayttıramız? — deydı sarayǵa bararda.

— Siz hár kúni erte barıp xannıń esiginiń aldın sıpırıp qayta beriń. Onnan soń ózleri xabarlasar, — deydi.

Ǵarrı balanıń aytqanın qılıp, eshegine minip, qorjının eshegine bókterip, erte menen xannıń esiginiń aldın sıpırıp qaytıp keledi.

Azanda xannıń wázirleri oǵan bul waqıyanı jetkeredi. Xan xızmetkerlerine ańlıwǵa buyrıq beredi.

Azanda jáne ǵarrı kúndegi ádeti boyınsha xannıń esigin sıpırıwǵa barǵanda xızmetkerler onı tutıp alıp, xannıń aldına aparadı. Xan ǵarrıdan ne ushın saraydıń aldın sıpırıp júrgenin soraydı.

— Jalǵız balam bar edi, soǵan qızıńdı sorayın dep edim, — depti.

Bunı esitken xan ǵazeplenip, jállatlarına ǵarrını ólimshi etip sabawdı buyıradı. Olar ǵarrını óltire uradı. Ǵarrı súyretilip, úyine zorǵa keledi. Erteńine bala ǵarrını jáne sarayǵa jiberedi.

Azanda ǵarrı saraydıń esiginiń aldın jáne sıpırıp atırǵanda wázirler tutıp alıp, xannıń aldına alıp baradı. Xan, ǵarrını pushtarlap, qorjınına tıǵıp jiberiwge buyıradı. Xızmetkerler ǵarrını pushtarlap, bóleklengen múshelerin qorjınǵa tıǵıp jiberedi.

Bala ǵarrınıń keliwin asıǵıslıq penen kútip, kempirge:

— Apa, qarap jiber, atam kiyatır ma eken? — deydi.

Kempir dalaǵa shıǵıp qarasa, ǵarrı joq, eshektiń ústindegi qorjınnıń tolı kiyatırǵanın kóredi. Bala sırtqa shıǵıp, qorjındı ashıp qarasa, atasınıń bóleklengen múshelerin kóripti. Sonda bala bóleklengen denege dem salǵan eken, ǵarrı óz qálpine kelip:

— Qattı uyqılap ketippen-aw, — dep ornınan túrgeledi.

Bala ǵarrını erteńine jáne jiberedi. Bul barǵanda xannıń xızmetkerleri onı sheńgeldi úyip, ústine otırǵızıp, kúl etip, bir qısım kúlin qorjınǵa salıp jiberedi.

Bala qorjındaǵı bir qısımday kúldi alıp, bir dem saladı. Ǵarrı jáne «Uyqılap ketippen» dep ornınan turıptı.

Bala sonda da pikirinen qaytpay, ǵarrıǵa jalınıp, sarayǵa jáne bir ret barıp qaytıwdı soraydı.

Ǵarrı jáne sarayǵa kelip, onıń aldın sıpırıptı. Xannıń jasawılları onı jáne xannıń aldına aparıptı. Xan wázirleri menen oylasıp, oǵan orınlanıwı qıyın wazıypa beriwdi oylasıptı. Sóytip, xan ǵarrıǵa:

— Qızımdı balańa alatuǵın bolsań, seksen tulpar at, toqsan torı at, eki qos shınar, bir bayterek beresiz, — depti.

Ǵarrı úyine qaytıp kelip, xannıń aytqanın balaǵa aytadı.

— Ata, siz qıynalmań! Barlıǵın ózim tabaman, — deydi de, ǵarrını ertip, shólge qaray ketedi. Bir jerlerge kelgende bala jılanǵa aylanıp, ǵarrıǵa:

— Ata, sen usı jerde tur, aldıńnan bir at shıǵar, sonı jibermey uslap tur, — deydi. Bir waqıtta, ırasında da, ǵarrınıń aldında bir at payda payda boladı. Ǵarrı onı jibermey uslap tura beredi. Attıń keyninen seksen tulpar at, toqsan torı at, eki qos shınar, bir bayterek shıǵadı.

Bala ákesi menen qızdı alıp qaytıwǵa sarayǵa baradı. Patsha onıń jılan ekenin bilip, qızın bergisi kelmeydi. Biraq, wádesine bola ilajsız, qızdı beriwge kónedi.

Jigit ákesi hám xannıń qızın alıp úyine qaytadı. Úyine kelgennen keyin jigit qaytadan adam qálpine keledi.

Bir kúni jigit ańǵa shıqpaqshı bolıp, keterinde qızǵa jılannıń kebine qattı kózqulaq bolıwdı tapsırıp ketedi.

Sol kúni jigittiń úyine qızdıń jeńgesi qıdırıp kelipti. Jeńgesi qızǵa:

— Biykesh, seniń kúyewińniń jılan kebi bar eken, sonı bir kórset, — dep qoymaydı.

Qız jeńgesiniń ıqlasın jıǵa almay, onı arshadan alıp jeńgesiniń qolına uslatıptı. Jeńgesi:

— Kúyew balaǵa usı keptiń ne keregi bar? — dep, onı janıp turǵan oshaqqa taslap jiberedi. Sol waqıtta bayaǵı jigit kepter bolıp ushıp kelip, «Endi biz sizge joqpız» dep, kózden ǵayıp boladı. Jigitinen ayrılǵan qız júdá qapa bolıp jılaydı. Sóytip, ákesine barıp kúyewin izleytuǵının aytadı. Temirden hasa, gewish soqtırıp alıp, qálender bolıp izlep kete beredi.

Birneshe kún jol júrip, jolda ushıraǵan bir adamǵa basınan ótkenin aytıp beripti. Sonda jańaǵı kisi oǵan:

— Usı jerde bir góne tam bar. Soǵan kúnde bir qus kelip:

— Seksen meniń tulpar atım,
Saǵaǵınan jırıldı.
Toqsan meniń torı atım,
Tobıǵınan jırıldı.
Eki bayterek, bir qos shınar,
Shıqtı meniń janım-aw, — deydi de ushıp ketedi. Onda, izlegeniń sol shıǵar, qızım, — depti.

— Men om qalay qolǵa túsiremen? — deydi qız.

— Erteń keshki waqıtta ol qus keler, sen sol góne tamnıń ishine kirip, qolıńa bir kese pal alıp, jasırınıp jat, kúndegi aytatuǵın qosıǵın aytıp bolǵan waqıtta qolıńdaǵı paldı serpip jiber, «záhárdi pal aladı» degen, balam, ol qáhárinen qaytıp, seniń menen qosılar, — depti.

Qız onıń aytqan góne tamın tawıp alıp, qız qolına bir kese pal alıp jata beredi. Bir waqıtta bir qus kelip:

— Seksen meniń tulpar atım,
Saǵaǵınan jırıldı.
Toqsan meniń torı atım,
Tobıǵınan jırıldı.
Eki bayterek, bir qos shınar,
Shıqtı meniń janım-aw, —
dey bergende, qız paldı serpip jiberedi. Sol waqıtta qus bayaǵı jigitke aylanıp qızǵa:

— Ele meni izlep júrmediń? — depti.

Sóytip, ekewi qosılıp eline keledi. Kelse, bayaǵı xan atası qızı menen kúyew balasın izlep ketetuǵın bolıp, oyǵa shúmip, hasasına súyengen eken, hasası jawırnınan ótip, terek bolıp kógerip ketipti. Balalarınıń qaytıp kelgenin kórip, quwanıp

óz qáddine kelip, taxtın jigitke beripti. Olar úlken toy berip, hámmesi murat-maqsetine jetipti.

## JARTİBAS

Erte zamanlarda bir bay bolıptı. Onıń úsh hayalı bar eken. Olardıń úshewi de tuwmaydı. Aradan birneshe jıl ótedi. Bay qırq jasqa jetedi. Ol endi perzent dep ah shekti, kózinen qanlı jas tókti.

Solay etip, ol úsh hayalı menen birge áwliye qoymay zıyaratlap keledi. Olar jolda bir jolawshıǵa jolıǵadı. Bay jolawshıdan qay jerden kiyatırǵanlıǵın soraydı. Jolawshı qasındaǵı jetelep kiyatırǵan eshkisiniń awırǵanlıǵın, eshkisin áwliyede túnetip, táwir bolǵanlıǵın aytadı. Bay da óziniń arzıw-ármanın tógip saladı. Sonda jolawshı:

— Anaw sırıq kóringen áwliyege barıp, bir tún túneń, álbette, sharapatı tiyip, úsh hayalıńız da tuwıwı múmkin, — deydi olarǵa tilekles bolıp.

Olar jolawshıǵa minnetdarshılıq bildirip, jolawshı kórsetken áwliyege baradı. Sol jerdegi qazanǵa bir qoy saladı. Sol kúni túnde áwliyede túnep shıǵadı.

Erteńine azanda olar awılına qaytadı. Jolda baratırıp bay hayallarına:

— Tús kórdińiz be? — dep soraydı.

Úshewi de tús kóripti. Qızıǵı sonda, úsh hayalı da birdey tús kórgen eken. Bir ǵarrı jolda ketip baratırıp olarǵa «toǵayda bir túlkini kóresiz, sol túlkini toǵaydı úsh aylandırıp quwasız, sonda ol úsh altın alma tuwar, áne, sonı jeseńiz, úshewińizge qudayım úsh ul berer» degen qusaydı.

Bay bul ájayıp tústi jaqsılıqqa jorıp, hayalların ertip, úyine keledi. Olar jaqsı niyetler menen otıra beredi.

Sóytip, bay atına minip, toǵayǵa túlki izlep ketedi. Toǵaydıń shetinde turǵan bir qızıl túlkini kóredi. Sol jánıwardı úsh aylandırıp quwıwdıń ornına jeti aylandırıp quwadı. Toǵaydıń bir shetinde túlkı tuwıp taslaǵan úsh almanı tawıp alıp, úyine qaytadı. Úyine kelip úsh hayalına úsh almanı beredi. Hayallar bay kelgen waqıtta nan jasap otırıp edi, úlken hám ortanshı hayallar zuwala jasap, kishi hayal tandır órtep tur edi. Kishi hayal almasın bir tislep qalǵanın astaqtanıń ústine qoyadı. Ana eki hayal óz almaların jep bolıp, kishi hayaldıń almasın da bólisip jeydı. Kishi hayal úyge kelse, almanıń joq ekenin kóredi.

Aradan kún ótti, ay ótti, hayallardıń úshewine de hámile pitti. Kúnlerden bir kúni úsh hayal da tolǵatıp, kóp uzamay bosanadı. Úlken hayallardıń balalarınıń densawlıǵı bekkem, áneydey, al, kishi hayaldıń balası bayaǵı jartı almanı jegeninen keyin balasınıń bası jartı bolıp dúnyaǵa kelgen. Bay balaların kórip, quwanıp, úsh kún, úsh tún toy berdi.

Aradan aylar, jıllar ótti. Balaları erjetti. Bay úlken, ortanshı balalarına jaqsı kiyim-kenshek penen kiyindirdi, at mindirdi, al Jartıbasqa qoy-eshki, qara mallardı baqtırıp qoydı.

Jartıbas maldıń keyninde júrip, oqjay, sarıjay dúzetip, shımshıq, ǵarǵa atatuǵın boldı.

Kúnlerden bir kún Jartıbas maldı baǵıp júrip, «meniń ákem mınaw eki aǵama at mindirip, jaqsı kiyindirip álpeshleydi, meni bolsa, maldıń izine qoyıptı, ya at bermese, ya jaqsı kiyimlerdi kiydirmese» dep qıynalıp ah shekti, kózinen qanlı jas tókti. Ol jılap jatırıp, aqırında uyqılap qaldı. Túsinde bir ǵarrı kelip:

— Háy balam, qapa bolma, erteń azanda úsh kempirińnen úsh nan al da jolǵa túsip kete ber, — deydi.

Jartıbas shorshıp oyanıp edi, túsi eken. Sol kúni keshte bala malların aydap úyine keledi.

Erteńine azanda kúndegi ádetinshe Jartıbas úsh kempirinen úsh nan alıp, malların aydap kete beredi. Úydiń qarası kórinbegen waqıtta bala malların jaylawǵa jiberip, túsinde kórgen ǵarrınıń aytqanı boyınsha bir gúzar jolǵa túsip, piyadalap júrip otırdı.

Ol jolda ketip baratırıp bir túyinshik tawıp aldı hám qaltasına saldı. Jáne bir jerlerge barǵanda joldıń shetinde úlken háwizdi ushırattı. Háwizge barıp, ishine túsedi. Soń suwdıń túbinde bir qudıqtı kórdi. Qudıqtıń awzınan úńilip qarap edi, úlken altın qapını kórdi. Áne, sol waqıtları Jartıbastıń bayaǵı eki aǵası keldi. Jartıbas aǵaları menen kórisip, saw-salamat ekenligine quwanıp, olarǵa sol qudıqtıń túbinde úlken altın kánin kórgenligin aytadı. Aǵalarına:

— Anaw awıldan uzın arqan ákeliń, men qudıqqa túsemen, — dep ótinish etedi.

Aǵaları awıldan arqan alıp kelip beredi. Sonda Jartıbas:

— Háy, qudayım, mına eki aǵamnıń baxtına túnde de qorıqpawım ushın kúndizgidey etip qoyǵaysań, — dep tilek bildirdi. — Eger men qudıqqa túskennen keyin, jeti kúnge deyin arqandı qıymıldatpasam, onda ólgenim.

Inisi aǵalarınıń, aǵaları da inisiniń qudıqtan aman-saw shıǵıwın shın kewilden tiledi.

Jartıbas aǵaları menen xoshlasıp, qudıqqa túsedi. Bayaǵı kóringen altın qapını ashıp edi, ishinde ay dese awzı, kún dese kózi bar bir periyzattıń dáwdiń betin jelpip otırǵanın kóredi.

— Háy, periyzat, ne qılıp otırsań? — dedi Jartıbas áste ǵana sıbırlap.

Sonda periyzat:

— Mına jatırǵan dáw meni «alaman» dep, meni qorqıttı, sonnan keyin oǵan qayılshılıq bildirdim, — deydı.

— Onda maǵan tiyeseń be? — dep ol sulıwdan soradı.

Periyzat:

— Eger mınaw dáwdi óltirseń, tiyemen, — deydi.

Jartıbas «dáwdi uyqılap atırǵan jerinde óltirsem, ol námárttiń isi bolar» dep, onı oyatadı.

— Alıspaq kerek pe, shabıspaq kerek pe? — dep Jartıbas dáwden soraydı.

Sonda dáw:

— Alıspaq kerek, — deydi.

Áne sonnan keyin Jartıbas dáw menen kún ayqasadı, tún ayqasadı, aradan eki kún ótkende ol dáwdi jıǵıp bolıp, bayaǵı joldan tawıp alǵan túyinshikti ashıp edi, ishinen bir jarqıraǵan almas qılısh shıqtı. Sol qılısh penen dáwdiń basın kesip aladı da hayalǵa:

— Barlıq zatlarıńdı shıǵar, — deydi.

Sonda hayal:

— Joq, ele bunıń ishte inisi bar, sonı da óltir, — deydı.

Úlken bólmeni ashıp, ishkerilew kirip edi, anaw birinshi jaydaǵıdan da sulıw bir periyzat otır. Ol da dáwdiń betin jelpip otır eken. Ol ekinshi dáwdi oyatadı.

— Sen qayaqtan kelgen adamzatsań, meniń tatlı uyqımdı buzǵanıń ushın seni óltiremen, — deydi dáw ǵazepke minip.

Áne, bunı esitken Jartıbas batır oǵan qarap:

— Alıspaq kerek pe, shabıspaq kerek pe? — deydi.

Dáw alıspaq kerek ekenligin bildiredi. Ekewi birden ayqasıp ketedi, qanshelli urınsa da sirá birew-birewin jıǵa almaydı. Aradan úsh kún ótkende Jartıbas dáwdi jıǵıp, almas qılıshı menen onıń gellesin qaǵıp aladı.

Jartıbas gózzal qız benen jaqsılap sóylesedi.

— Bar, zatlarıńdı jiynastır, júreyik, — deydi ol sulıwǵa.

— Mınaw dáwdiń tórgi jayında jáne inisi bar. Sonı óltirmeseń, meni ala almaysań, — deydi gózzal.

Jartıbas tórgi jayǵa kirip edi, anaw ekewinen de sulıwıraq bir periyzat dáwdiń betin jelpip otır edi. Jartıbas dárhal dáwdi uyqısınan oyatadı. Shiyrin uyqısın buzǵan adamzattı kórip qáhárlenedi hám oǵan qarap:

— Ne qılıp júrgen adamzatsań? — dep soraydı.

Jartıbas sulıw qızdı qutqarıw ushın kelgenligin aytadı.

— Alıspaq kerek pe, shabıspaq kerek pe? — dep soraydı.

— Maǵan alıspaq kerek, — deydi dáw.

Kún ayqasadı, tún ayqasadı, bir-birewin jıǵa almaydı. Aradan úsh kún ótkende bayaǵı dáwdiń betin jelpip otırǵan periyzat dáwdiń ayaǵınıń astına bir qap tarını tógip jiberedi. Bunnan keyin dáwdiń ayaǵı tayıp ketip, jıǵıladı. Jartıbas almas qılıshı menen dáwdiń basın kesip aladı.

Áne, bunnan keyin Jartıbas bayaǵı eki aǵası uslap turǵan arqandı silkip-silkip jiberedi. Eki aǵası da arqandı qaǵadı. Jartıbas anaw úsh qızdıń dúnya-malların, baylıqların arqanǵa túyip, joqarıǵa tartadı. Sonnan keyin úsh periyzattı da birim-birim arqan menen dalaǵa shıǵaradı. Eń sońǵısında arqanǵa ózi asılıp, eki aǵasına «tartıń» dep silkip edi, joqarıdaǵı tuwısqanları qápelimde sumlıq oylaydı.

— Jartıbas dalaǵa shıqsa, dúnyanıń kóbisin, periyzatlardıń da eń sulıwın sol alar, onnan da dalaǵa shıǵarmayıq, — dep

aǵaları arqandı kesip jiberedi. Jartıbas jerge «gúrs» etip qulaydı. Aǵalarına oǵada qapa bolıp biraz únsiz otıradı. Sóytip, ol jan-jaǵına qaraǵan payıtında bir qapını ushırattı. Sol esikti ashıp edi, bir elattı kórdi. Dalaǵa shıqsa, eki qolı joq, eki ayaǵı bar bir adam tur eken. Jáne armanıraq júrse, eki qolı bar, eki ayaǵı joq adamdı kórdi. Armanıraq barsa, eki qolı, eki ayaǵı bar, al, eki kózi joq adamǵa duslastı. Qarap júrgenshe ermek bolsın, bularǵa da jaqsılıq oylayın dep, jańaǵı úsh adam menen sálemlesip, olardan hal-awhal sorap bolǵannan keyin tanısa baslaydı.

— Qáne, qanday ónerlerińiz bar? — dep Jartıbas olardan soraydı.

— Men jer tıńlayman, dúnyada ne bolıp atırǵanın bilemen, — dedi eki ayaǵı bar, eki qolı joq adam.

— Meniń kásibim — tapqısh, — deydi eki qolı bar, eki ayaǵı joq adam.

— Men tulparman, — dedi eki ayaǵı, eki qolı bar, biraq eki kózi joq adam.

Jartıbas eki ayaǵı bar, eki qolı joq adamǵa qarap:

— Qáne, bir tıńlap kór, dúnyada ne bolıp atırǵan eken? — dedi.

Ol jer tıńlap edi, bir jerlerde eki adam bir qazanǵa talasıp atırǵan qusaydı. Áne, sol qazandı Jartıbas alıp, ekewiniń gápin tıńlap kóriwi kerek ekenligin, sóytip tulparǵa jaylasıp otırıp alıp, qazandı alıp qayta beriwin sol adam tapsıradı. Jartıbas soqırǵa minip kete berdi. Bir jerlerge barsa, haqıyqatında da, eki adamnıń qazanǵa talasıp turǵanın kórdi. Jartıbas at ústinde turıp:

— Qáne, sizler ne ushın jánjellesip atırsız? — dep soraydı.

Birewi:

— Bul menıń qazanım edi, — deydi qazandı tartıp.
Ekinshisi de:
— Qazan meniki edi, — deydi qazandı ózine tartıp.
Sonda Jartıbas:
— Qazandı mağan áper, men sizlerdiń qaysısıńızdıń qazanıńız ekenin aytaman, — deydı.
Olar qazandı Jartıbasqa beredi. Ol qazandı attıń aldına aldı da, atqa qamshı basıp óta ketti. Sol ketkennen anaw qalğan eki dostına jetedi. Jartıbas tapqıshqa:
— Qáne, endi seniń oylaw qábiletińdi teksereyik, — deydi.
Tapqısh uzaq oylanadı. Bir waqıtlarda tapqısh:
— Bir awılda birew qız ákelip, sonıń toyı bolıp atır. Áne, soğan bar, «shılım alıstırıp ber» dep úydiń sırtınan aytsań, jańa túsken kelinshek sağan qoz shoq alıp shığar. Shılımıńdı alıstırıp, qozdı qolına qaytarıp bergen waqıtta ol qolın sozar, sen kelinshektiń qolınan tart ta, artıńa mingizip qayta ber, — deydi.
Jartıbas soqırğa minip kete beredi.
Bir awılğa jetkeninde toydıń ústinen shığadı. Jartıbas úydiń sırtında turıp:
— Shılım alıstırğanday qoz áperseńiz, — deydi.
Úyden bir jas kelinshek shığıp, qoz áperedi. Jartıbas shılımın tutandırıp, qozdı kelinshektiń qolına qaytıp berip atırıp, om tartıp alıp, artına mingestirip qayta beredi. Úydegi adamlar uw-shuw bolıp, izinen atlı hám piyada bolıp quwıp, alısta qala beredi.
Jartıbas kelinshekti bayağı eki dostı turğan ılashıqqa ákeledi. Sóytip, ol kúnde soqırdı minip, bir dostın artına mingestirip,

kiyik-qulan awlawǵa shıǵıp, tapqan ańların úyine ákelip, pisirip jep júre beredi.

Kúnlerden bir kún bulardıń shaqmaq tası tawsılıp qaladı. Kelinshek dalaǵa shıǵıp qarasa, bir jerde ot shıǵıp turǵan eken. «Sonnan barıp otın alıstırıwǵa qoz alayın» dep kelinshek ot shıqqan jaqqa baradı. Barsa, bul jerde bir mástan kempir otır eken. Kelinshekti kórip kempir:

— Kel shıraǵım, kel, — deydi.

Kelinshek te iybe menen sálem berip, soń kempirge óziniń qozǵa kelgenin aytadı.

Kempir túbi tesik tabaqqa kúldi toltırıp salıp, ústine qoz saladı da, sóytip kelinshektiń qolına beredi. Kelinshek raxmet aytıp, qozdı alıp úyine qayta beredi. Úyine kelgenshe bayaǵı tabaqtıń túbinen kúl sızlanıp túsip kelgen eken. Qullası, sol kúni Jartıbas hám onıń doslarına awqatın beredi.

Erteńine Jartıbas ańǵa bir dosti menen shıǵıp ketedi. Bayaǵı tógilip kelgen kúldiń izi menen Mástan kempir kelip, kelinshekke óziniń hiylekerlik qúdiretin kórsetedi. Oǵan shashın qaratadı. Kempir sóytip otırıp, kelinshektiń qanın sorıydı. Keshte ketip, erteńine taǵı kelip, kelinshekke basın qaratadı. Jáne qanın sorıydı, keshte qaytadı.

Biraq, kelinshek bum heshkimge bildirmeydi, túri appaq bolıp ketedi. Úyde otırıp eki ayaǵı joq, eki qolı bar:

— Sen nege birden azıp kettiń? — deydi kelinshekke.

Kelinshek sonday-sonday, mástan kempirdiń kúnde kelip basın qaratatuǵınlıǵın, qanın sorıp ketip júrgenligin aytadı.

Erteńine mástan kempir kelip, basın qaratıp otırǵanda, eki ayaǵı joq eki qolı bar adam Mástan kempirdi bir tayaq penen urıp jiberedi. Kempir awnap túsedi, jáne túrgelip, shashınan

bir qıl julıp alıp, eki ayağı joq, eki qolı bardıń eki qolın baylap, awqatların iship ketedi.

Kelesi kúni Mástan jáne kelip, basın qaratıp otırğanda, eki qolı joq eki ayağı bar onı tewip jiberedi. Kempir awnap túsedi de, ornınan órre turıp, shashınan bir qıl julıp alıp eki ayağı bar, eki qolı joqtıń eki ayağın baylaydı da, awqatların iship ketedi.

Bul awhaldı eki dostı Jartıbasqa aytadı. Ol dostın atqa mingizip, ózi kórpege oranıp jata beredi. Bir máhálleri Mástan kempir kelip, kelinshekke basın qaratadı. Jartıbas túrgelip, kempirdi tewip jiberedi, kempir awnap túsedi. Batır kempirdi almas qılısh penen óltirmekshi boladı. Kempir ólerdegi sózin aytıp jalınadı.

— Men ayağı joğına ayaq bolayın, qolı joqqa qol, kózi joqqa kóz, bası jartığa bas bolayın, — deydı.

— Onı qalay isleyseń? — deydi Jartıbas.

— Bir jutıp shığaraman, — deydi mástan.

Bunı esitken Jartıbas batır kempirdi óltirmeydi. Sonıń arasında eki dostı ańnan keledi.

— Kózleri joqtı jut, — deydi.

Kempir jutadı, kózli bolıp shığadı.

— Ayaqları joqtı jut, — deydi.

Kempir jutadı, ayaqlı bolıp shığadı.

— Qolları joqtı jut, — deydı.

Kempir jutadı, qollı bolıp shığadı.

Úsh dostına, hayalma almas qılıshtı berip:

— Eger meni jutıp bolıp shığarmasa, usı qılısh penen jarıp, ishinen tawıp alarsız, — deydi.

Olar da kelisim hám wáde beredi. Kempir Jartıbastı jutadı.

— Tasla, — deydi oǵan dosları, biraq Mástan kempir onı taslamaydı.

— Qılısh penen óltiremiz, — deydi tórtewi.

Olar sóylep turǵanında shaqqanlıq hám epshillik penen kempir olardan qılıshtı tartıp aladı. Solay bolsa da tórtewi jıynalıp, kimi tayaq penen, kimi sheńgel menen, kimi tas penen uradı. Kempir sonda da taslamaydı. Aqırında, kempir jerge qulaydı. Qılıshtı alıp, kempirdi qaq bóledi. Ishinde Jartıbas joq. Súyek pe súyek, etpe et qaraydı. Jartıbastı taba almaydı. Bir waqıtta kempirdiń ayaǵınıń bas barmaǵınıń ústinde turǵanın kóredi. Jartıbastıń bası da pútin bolıp, bir sulıw jigit boladı. Jartıbas dosların jıynap:

— Qáne, bunday hallarǵa jetistik, sizler de jaqsı bolıp kettińiz, endi tarqasayıq. Hárkim óz kúnin kórsin, men de elime qaytaman, — deydi.

Olar da buǵan qayıl boladı. Jartıbas burınǵısınsha soqırdı minip, aldına qazandı alıp, bayaǵı jerge barsa, eki adam ele qazanǵa talasıp:

— Sen berdiń, men berdim, — dep atır eken.

Qazandı taslaydı da ketedi. Onnan keyin kelinshekke:

— Seniń menen birge az ǵana kún ómir súrdik, bizlerge awqat pisirip bergenińiz ushın saǵan minnetdarshılıq bildiremen. Ómir usılardı etiwge májbúr etti. Endi nekelesken kúyewińizge barıń, bizlerge qapa bolmań, — dep onı da atqa mingestirip, bayaǵı úyge aparsa, úy ishi «kelinnen ayırıldıq» dep aza tutıp, qapalanıp otırǵan eken. Kelinshekti taslap qaytıp keledi. Qıyametlik úsh dostı menen gúrrińlesip, óziniń jerdiń ústine qalay shıǵıwın soraydı.

Olar:

— Pálen degen jerde bayterek bar, sonda qara qustıń úsh balası bar, sonı bir áydarha jeyjaq eken. Áne, solardı ólimnen qutqarsań, Qaraqus seni jer ústine shıǵaradı, — deydi.

Jartıbas dosları menen jılasıp xoshlasıp jańaǵı bayterekke qaray kete beredi. Bir máháli sol terekke barıp, oǵan minip edi, súykimli úsh palapandı kórdi. Qarasa, bir palapannıń kózinen qan aǵıp jılap otır, ekinshisinen jas aǵıp jılap otır, al úshinshisi kúlip otır. Bul úshewine Jartıbas hayran qalıp:

— Sen nege kózińnen qan aǵıp jılap otırsań? Al, sen nege kózińe jas alıp otırsań? Sen nege kúlip otırsań? — dep úshewinen soraydı.

Kózinen qan aǵıp jılap otırǵan palapan:

— Háy, nesin soraysız, bizler Qaraqustıń balaları edik. Jılda biziń anamızdıń tuwǵan balaların bir áydarha kelip jutadı eken. Mine, búgin meni baslap jutadı eken. Soǵan kózimnen qan aǵıp jılap otırman, — depti.

— Meni erteń jutatuǵın edi, soǵan bir kún bolsa da jaqtı dúnyam kórip qalaman-ǵo dep, jılap otırman, — deydi ekinshi palapan.

— Meni usı ekewinen soń jutatuǵın edi, soǵan eki kún bolsa da, tirishilik etkenime quwanıp otırman, — depti úshinshi palapan.

Jartıbas úshewiniń áńgimesin tıńlap bolıp:

— Qáne, sizlerdi sol áydarhadan azat etsem, anańız meni jerdiń ústine shıǵara ala ma? — dep palapanlardan soraydı.

— Shıǵaradı, — dep juwap beredi úshewi birden.

Jartıbas terekte otıra berdi, bir máháli alıstan áydarha ısqırıp kiyatır eken. Batırımız jerge tústi. Qılıshın eki qolı menen uslap, júzin áydarhanıń awzına tuwrı qarattı. Áydarha

jaqınlap kelip balanı jutpaqshı boldı. Jartıbastıń qılıshın tuwrı qaratıp turǵanda aydarha ishine tartıp edi, qılısh aydarhanı teń bólip kesedi. Sóytip, Jartıbas terekke minip, palapanlarǵa ólgen aydarhanı kórsetedi. Qaharmanlıq etken batır palapanlardıń qanatınıń astında jata beredi.

Bir máháli qattı jawın jawadı, tınǵannan keyin qattı dawıl turadı. Bul da tınıp, bir máháli duman túsedi.

— Bul neniń belgisi? — dep ol palapanlardan soraydı.

— Jawın jawǵanı meniń anamnıń jolda kiyatırıp, bizlerdi aydarha jep qoymasa bolar edi, dep jılap kiyatırǵanı edi, — deydi birewi. — Dúbeley turǵanı onıń jaqınlap kiyatırǵandaǵı qanatınıń samalı. Duman túskeni anamız házir terektiń túbine kelgenligi.

Jartıbas jata beredi, Qaraqus palapanlarına awqat ákelip beredi.

— Balların, adamzattıń iyisi shıǵıp ketti ǵoy, — dep palapanlarınıń qanatların tekserdi hám Jartıbastı kórip shoqıy baslaydı.

Palapanları anasına:

— Qoyıń, shoqımań, bizlerdi ólimnen alıp qalǵan usı jigit, — deydi úshewi birden. — Áne, tómende aydarhanı óltirdi.

Qaraqus keshirim sorap, Jartıbasqa shınnan minnetdar bolıp:

— Ne tilegiń bar? — dep soraydı.

Batır:

— Meni jerdiń ústine shıǵarsańız, — deydi.

Qaraqus jigitti ústine mingizip:

— Kózińdi jum, ash degende ash, — deydi.

Qus Jartıbastı alıp ushadı, bir máháli «kózlerińdi ash» deydi. Kózin ashsa, jigit jerdiń ústinde júrgen eken. Qus jáne

«kózińdi jum» deydi. Jumıp edi, sońınan «ash» dedi, kózlerin ashti. Qus kózden ǵayıp bolıp ketti. Jartıbas sarıjayın qolǵa alıp, «dosqa tiyme, dushpanǵa tiy, eki inimniń birewine tiy» dep atıp edi, inisiniń birewine tiyipti. Jáne jańaǵıday etip atıp edi, ekinshi inisi de óledi. Jartıbas bayaǵı úsh sulıwdı tawıp alıp, birewine úylenip, súygenine qosılıp, murat-maqsetine jetipti.

## BALA BATÍR

Burıńǵı ótken zamanda bir diyqan bolıptı. Diyqannıń jalǵız balası bolǵan eken. Ol on jasqa kelgende ata-anası qaytıs bolıp, on jasar bala jetim qaladı. Jetim bala isherine as, kiyerine kiyim tappay, jalańayaq, jalańbas hár jerde júredi. Bir kúnleri quw tamaǵı ushın bir bayǵa barıp, onıń qozıların órgizip-baǵıwshı qozıbaǵar bolıwǵa soranadı. Bay qayıl boladı.

Bala sol baydıń esiginde on segiz jasına sheyin shopan bolıp júredi. Ol dástiyarlı halǵa kelgennen keyin «meniń bul júrisim qalay boldı, usılay shopan bolıw menen ómirim óter me, bunnan azamat bolǵanımnan ne payda?» dep ózinshe oylanatuǵın boladı. Aqıllasıwǵa adam tappay bir kúni «aqılıń jetpese, shógirmeńe oylas» degen sózdi qıyalına keltirip, qolındaǵı shopan tayaǵın jerge shanshıp qoyıp, onıń ústine shógirmesin ildirip, bas kiyimi menen oylasadı.

Shógirmege oylasqan bolıp «Qoy, men bul jerden keteyin, medresege jeteyin. Medresedegi mollalardan sawatımdı ashıp, batır bolǵım keletuǵının aytıp, oyımdaǵı niyetimdi bildireyin» degen sheshimge keledi. Bala ebin tawıp, baydan juwap alıp, «medirese qaydasań?» — dep tartıp otıradı.

Mediresege kelgen shopan bala dańmollalarǵa óziniń hal-jaǵdayın túsindirip bolıp, óziniń ilim-bilim iyelewdi arzıw etetuǵının hám el-jurtqa belli batır bolǵısı keletuǵının jasırmay aytıptı. Dańmollalar balanıń minez-qulqın sınap, onı oqıtıwǵa alıp qalıptı.

Aradan birneshe aylar ótkennen keyin shınında balanıń ziyrekligi sezilip, bilim dárejesi kem-kemnen arta beripti. Bunı ańlaǵan dańmollalar «Bul bala mına barısınan bizden ozıp keter, túbinde bizlerge jaqsılıq alıp bermes, bunı qayımın tawıp, qaytıp kelmeytuǵın jaqlarǵa jibereyik» dep oylasıptı. Oylasıq sońınan olar balanı shaqırıp alıp, talabannıń kelgen kúni awzınan shıqqan «bilimli bolǵım keledi, batır bolǵım keledi» degen sózin qaytalap aytıp beripti hám soǵan say ózleriniń bir qararǵa kelgenin bildiripti. Onıń beline «Bala batır» dep jazılǵan kámar taǵıptı. Balaǵa:

— Sizdi basqa bir elge sayaxatshı batır etip jiberemiz, siz soǵan barasız, — depti.

Bala mollalardıń hiylesin bilmey:

— Taw qopar deseńiz, taw qoparayın, aytqan jerińizge barayın, — depti.

Dańmollalar aytıp otırǵan jerdegi patshalıqta basqa bir patshalıq penen mawasasız urıs júrip atırǵan eken. Onıń ústine, bir jolbarıs olarǵa kún bermey, tez-tez hújimge ótip turadı eken.

Bala sol ketiwden ketip, sol aytqan jerge barıp jetipti. Barǵan waqtında patshanıń sarayınıń aldında turǵan jállatlar balanıń túr-túsine qarap:

— Naǵıp ılaǵıp júrgen balasań, patshanıń aldına sendey adamlar barıwǵa bolmaydı, — dep quwıp jiberedi.

— Qalay da meni sol patshanıń aldına aparıń, — dep ol hár kúni arız etip kele beripti.

Tağı kelip turğanında, jállatlardıń birewi balam tutıp alıp, qolın artına baylap, patshanıń aldına aparıptı. Patsha kelgen balanıń ayağınan basına sheyin qarap turıp, balanıń belindegi altın kámarğa kózi túsipti. Kámardağı altın sıya menen jazılğan «Bala batır» degen jazıwdı oqıp kórip, jállatlarına:

— Bul balanı monshağa aparıp juwındırıń, saraydan hasıl kiyimler menen kiyindiriń, bir ay bağıń, sonnan keyin meniń aldıma alıp keliń, — dep buyıradı.

Olar bárin patsha aytqanshelli etip bárjay qıladı. Bir ay amq bağadı, bala da payızlı dem aladı. Múddetli kúni azanda balanı patshanıń aldına alıp keledi. Patsha balağa qarap turıp:

— Qánekey, balaqay, sen batır ekenseń. Al biziń jurtımızda eki túrli urıs baratır. Birewi — jolbarıs penen shayqas, ekinshisi — irgeles dáwlet penen júrip atırğan sawash. Qaysısına barasań? Sağan qandayın qarıw-jaraq kerek? — dedi. — Eger usı jawdıń birewin jeńip, birewin jeńe almasań, ózińniń basıńdı alaman. Eki jawdı da jeńseń, óz qızımdı nekelep beremen hám bu patshalıqqa áskerbası bolasań, — dep shárt qoyadı.

Bala oylanıp turıp, patshağa qarap til qattı:

— Patshayım, bir awız sózim bar. Ruqsat áyleseńiz, aytayın — dedi. Patsha ruqsat etti.

— Onda sol eki jawıńızdıń eń qáwiplisi qaysısı? Ádep sol qáwiplisinen baslayın, — dedi bala. Patsha tıńlap bolıp:

— Biz házir sol jolbarısqa jemlikke mezgiline bir adamnan berip turmız, bolmasa qoyajaq emes, aldı menen sol jolbarısqa barıwıńdı másláhát eter edim, — depti patsha.

— Olay bolsa, maǵan bir aybalta berińiz hám jolbarıstıń mánzilin kórsetip jiberińiz, házirden baslap-aq jolbarısqa atlana bereyin, — deydi bala.

Patsha balanıń qasına bir adam qosıp, balanı jolbarıstıń hár mezgilde jemtik ushın keletuǵın bayterektiń qasına aparıwın tapsıradı. Ol balanı bayterektiń janına ákelip, ózi keri qaray qaytıp ketedi. Bala sol jerde túske shekem turadı. Keletuǵın jolbarıs joq. Balanıń ábden uyqısı keledi. Ol «sayada uyqılasam, jolbarıs jep qoyar» dep oylanıp turadı da, joqarı qarasa, bayterektiń basında qaraqus salǵan góne uyanı kóredi. Quwanǵanınan bayterektiń basındaǵı uyaǵa órmelep shıǵadı da hápzamatta-aq uyqılap qaladı.

Bir waqıtta jolbarıs kelip qarasa, kúndegi wádeli jerde adam joq. Qarnı ash jolbarıs qáhárlenipján-jaqqa qaraydı, hesh jerde dıbıs joq. Sóytip tursa, bayterektiń basında jatqan adamnıń qurıldısın esitedi. Dárriw terekke órmelep barıp balanıń betinen tisleyjaq bolǵanda, jolbarıstıń awzınan burın soyawday-soyawday murtı balanıń betine tiyip ketip, ol birden shorshıp oyanadı hám «ha-aa» dep qulashın sermep jibergende, jan aybat penen siltengen qol oǵan qattı soqqı bolıp, ańsız turǵan haywan bayterektiń basınan bar salmaǵı menen eńterile qulap túsedi.

Bala jerge qarasa, jolbarıstıń awzınan qan ketip ólip qalıptı. Ol jerge sekirip túsip jolbarıstıń mańlayına aybalta menen bir uradı da, onıń ústine minip otıra beredi. Tús awa balanıń halın biliw ushın patshadan adam keledi. Ol adam kelip kórse, bala jolbarıstıń basın jarıp, ústinde otırǵan eken. Quwanıp ketip, balanı qol ushında tikke kóteredi. Jolbarıstı balanıń aldına óńgerip, alıp keledi. Kútilmegen jeńis patshanı da,

xalıqtı da quwanıshqa bóleydi. Patsha quwanǵanınan jeti kún toy berip, jeti kún oyın quradı.

Bala sarras bir ay dem alǵannan keyin patshanıń aldına kelip:

— Endi bizge bir tulpar at penen jaw-jaraq berińiz. Men tóbeńizden dónip kelip turǵan jawıńızǵa atlanaman, — depti

Patsha bárin tayın etipti. Jas batırǵa qolǵa jańa úyretilgen tulpardı ákelip tartıptı. Bala burın at minip kórmegen eken. Ol tulparǵa miniw boyına bir qamshı urıp edi, burın etine shıbıq tiyip kórmegen janıwar birden shapshıp ketip, ján-jaqqa taralıp ósken jiydeniń ústi menen tuwra tarttı. Keń jayılıp ósken jiydeniń shaqası erdiń basına ilinip qalıp, bular jiydeni túbir-shúbiri menen qoparıp alıp, súyrey jónelipti. Aldın jolbarıstı mert etken balanıń dańqın esitken jawlar, endi otawday bir nárseni sıpıra súyrep, tulparı menen ala-quyın etip shawıp kiyatırǵanın kórip zárreleri ushadı. Áskerbasıları bolsa:

— Bul bala anaw zatınıń bir jaǵınan uslap bir sermese bolǵanı, bárimiz de tegis qırılıp qalamız. Qáne, hámmeń qol kóteriń, baǵınayıq, — dep baqırıptı.

Onı kórgen Bala batır baǵınǵanlıǵın qabıl etip, jawdı tınshıtıp, patshaǵa jeńis penen qaytıp baradı.

Patsha onıń shınında da «Bala batır» ekenine ámin bolıp, qırq kún toy, qırq oyın jasap, oǵan óz qızın nekelep beredi. Tilegi qabıl bolǵan Bala batır awıl-aymaǵına da barıp toy beredi hám maqset-muratına jetedi.

## ÚSH AǴALI-INILI BATIRLAR

Burıngı erte zamanlarda qaraqalpaqlardıń tiyrelerge bólinip atırǵan waqtı eken. Sonıń bir shaqapshası

ashamaylı ruwınan Qudaynazar, Baynazar degen eki adam ómir súrgen eken. Bulardıń atası jas waqtında ólip qalǵanlıǵı sebepli, eski salt boyınsha ákeden qalǵan miyrastı ekewi bólisip, xojalıqların ayırıp basqa shıǵadı. Ákeden tek bir pútin qazan, bir nan qatıratuǵın jartı qazan, bir mıs quman hám bir qara quman ǵana miyras qalıptı.

Aradaǵı kátqudalar jartı qazan menen qara qumandı Qudaynazarǵa, pútin qazan menen mıs qumandı Baynazarǵa beredi. Qoradaǵı sıyır menen qoy, azǵantay arpa, on aǵarı másh, on seri biyday ákeniń asına, jetisine ketedi.

Qudaynazar menen inisi Baynazar ekewi eki úy bolıp, jaqın-juwıqlarınıń kórsetken qayırınan, kómeginen paydalanıp diyqanshılıq etıp, egin egedi. Sol zamannan qalǵan «Atanıń jaman ulı jurt soraydı» degendey, Baynazardıń diyqanshılıǵı pitip, isi kelisip, bayıp ketedi. Ol eki perzentli, kóp jılqı, qaramal, qoy, eshkili boladı. Al, onıń tuwısqan aǵası Qudaynazardıń ekken daqılı kógermey, jılma-jıl talap etip, kúnin zorǵa kóredi. Bala-shaǵası da bolmaydı. Biraq, Qudaynazar qansha qıynalsa da, júrgen jerinde namazın qaza qılmay júredi eken. Hayalı bolsa, Baynazardıń malın sawıp, gúbisin pisip, ayranın atlap, bergenin alıp, shańaraǵına qosent etedi eken.

Qudaynazar ómiri boyı miynet etip, ókshesi qırq jarıq bolıp, qartayıp, ózi jetpiske, kempiri alpıs tórtke shıǵadı. Soǵan deyin Baynazardıń qaptalında ılashıq etip otıra beredi. Bulardıń ǵayratı kemip, burıńǵıday kúshi, qol-qabısı joq bolǵannan keyin Baynazardıń hayalı olardı ólerdey jaman kórip, kún bermeydi.

Bir jılı Baynazardıń malınıń jaylawı tarılıp, mal otlaytuǵın jer tappay basqa jaqqa kóshetuǵın boladı. Kósh ketkennen

keyin bir kúni Baynazar aǵasına kelip, olardı úsh kúnnen keyin kelip alıp ketetuǵının aytıp ketedi.

Qudaynazar menen kempiri Baynazardı kóp kútedi, biraq inisinen xabar-atar bolmay ketedi. Sonda ol jaynamazınan bas kótermey jılap otırıp:

— Arba aydaǵanday halım bolǵanda, birewdiń arbasın sorap-aq úyimdi kóshirer edim. Inime isenip, qula dalada qalmasam bolar edi-aw, — dep otırsa, sırttan birewdiń:

— Assalawma-aleykum, — degen dawısı esitilip, ishke bir aq saqallı biytanıs ǵarrı kirip keledi. Qudaynazar dárriw onı tórge mirát etedi.

— Saqallas, bizdi búgin qudayı miyman etseń, úyińde bir aqsham qonıp shıǵayın, — depti ǵarrı.

— Miyman atańnan ullı degen, kelgenińiz maqul bolıptı, — dep, kempirin shaqırıp:

— Kempir, jalǵız eshkiden mal bolmas degendey, kóshsek, kóshke ermes. Mınaw bir tuwrı kelgen adam eken, soǵan soyıp berip pátiyasın alayıq, — depti.

Kempiri de buǵan qarsılıq etpepti. Olar eshkini soyıp, basın otqa úytip, góshin qazanǵa salıp pisirip, qonaqtıń aldına qoyadı. Tamaǵın jep bolǵan soń miyman Qudaynazardıń kempirine qarap:

— Kelin, jay qolıńdı, — depti.

Kempir qolın jayıptı.

— Alla-taala jas bergey! Toqpaqtay úsh ullı bolǵaysań, — depti.

Miymannıń pátiyasın esitken kempir:

— Óyppey! Bizdi qartayǵanda búytip masqara etpe, aǵa, — depti.

Sonda jańaǵı ǵarrı oǵan:

— Kelin, bala menen dáwlettiń erte, keshi joq, degen. Quda qálese, úsh ullı bolarsań. Úlkenniń atı Xojanazar, ortanshısı Qosnazar, kishkenesi Tóles bolsın, úshewi de shoq, zor bolsın, allahu-akbar, — dep ǵarrı kózden ǵayıp bolıptı.

Sol waqta ǵana olar ekewi kelgen ǵarrınıń Qıdır ata ekenin biledi.

Qudaynazar menen kempiri «Jaratqan qartayǵanda bala berse, basqasınan da qurı qaldırmas, berer» dep shúkirlik etip otıra beripti.

Aradan kúnler ótip, bir kúni kempir ǵarrısına kelip:

— Ǵarrı-aw, men bir ayǵırdıń basın jegim keledi-áy, — depti.

Ǵarrı biysharada jan bar ma, qassap qoymay izlep, kempirine ayǵırdıń basın ákelip beripti.

Aradan aylar ótip kempir qoshqarday bir ul tuwıptı. Aradan bir jıl ótken soń kempir buǵanıń basına jerip, ekinshi ulın dúnyaǵa keltiripti. Úshinshi ulın kótergende kempir qoshqarǵa jeripti. Olar úsh balanıń atın Qızır ata aytqanday etip Xojanazar, Qosnazar, Tóles dep qoyadı.

Qudaynazardıń usı balaları tuwılmastan burın inisi Baynazar onı kóshirip áketiwge keledi. Inisine ókpelegen Qudaynazar ata jurtta qalıwdı maqul kóredi.

Aradan kóp waqıt ótpey, bulardıń jasap atırǵan mákanınıń ústine bazar jol túsip, Qudaynazar endi ótken-ketkenge shay, suw qaynatıp berip, shaypurısh bolıp kúnin kórip júredi.

Aradan jıllar ótip, balasınıń úlkeni on tórtke, ortanshısı on úshke, kishkenesi on ekige shıǵadı. Balalarınıń úshewi de erjúrek, qasarısqan jerinen qan alatuǵın márt, hadal hám aqıllı

bolıp erjetedi. Olar kárwan joldan ótken kárwanlardan bajı pul alıp, olardıń tınıshlıǵın támiyinlep turatuǵın dárejege jetedi.

Bulardıń dańqın esitken sol jurttıń xanı óziniń eki jasawılın jibertip, olardı sarayǵa aldırmaqshı boladı.

Xannıń jasawılları kókireklikke salıp, bulardı xannıń aldına barıwǵa májbúrlemekshi bolǵanda, olar eki jasawıldı sabap, minip kelgen atlarınıń quyrıq-jalın kesip, ózlerin quwıp jiberedi.

Xannıń tek úshinshi mártebe jibergen jasawılları Quday-nazarǵa xabarlasıp, balalar menen de kelisimge keledi. Qudaynazar balalarına:

— Xan — xalıqtıń atası. Men sizlerge ırzaman. Biraq, endi sol atańızdan bul isińiz ushın keshirim soraysız, — dep, olardı kelgen jasawıllardıń izine ertip, xannıń aldına jiberedi.

Xan óziniń jek kórgen adamların ayıw, jolbarıs usaǵan jırtqısh haywanlardıń ústine kirgizip olardıń júregin jarıp óltiredi eken. Ol úsh balaǵa da usı kárin islemekshi boladı.

Erteńine xannıń adamları úsh balanı baǵqa kirgizip, olardıń aldına asaw pil menen qabaǵan iytti kirgizip jiberedi. Qosnazar ózine qaray juwırıp kiyatırǵan iytti uslap alıp, asaw pildiń mańlayına uradı. Pil de, iyt te sol jerde til tartpay óledi.

Xannıń jasawılları azanda baǵqa kelip qarasa, eki haywan teńkeyip ólip atır eken. Olar bul waqıyanı juwırıp barıp xanǵa jetkeredi.

Kelesi kún xan olardı qabıllaw aldında esiktiń aldına jolbarıs baylatıp, ózi tórde otıradı. Úsh bala xannıń aldına kirip kelgende, julqınıp turǵan jolbarıs birden juwasıp, basın ayaqlarınıń ústine qoyıp jatıp qaladı.

Bulardıń er júrekligine tań qalǵan xan olardı óziniń ata dushpanı, xannan qızın hayallıqqa sorap qoymay júrgen qalmaqtıń xanına qarsı urısqa jiberiwdi oylaydı.

Úsh bala xannıń buyrıǵı menen xannıń qırq láshkerin alıp qalmaqlar menen urısqa atlanadı.

Qalmaqlar úsh bala baslap barǵan láshkerden jeńilip qaladı. Qalmaqtıń xanı olardıń jurtına qaytıp ayaq baspaytuǵınday bolıp, qattı qorqıp qaladı.

Qudaynazardıń úsh balası elinde úlken saltanat penen kútip alınadı.

Sonnan berli xalıq bul úsh batırdıń ata-tegi haqqında gáp bolǵanda:

— Bular qaraqalpaqtıń úshbas ashamaylı ruwınan shıqqan, — dep, olar menen elege deyin maqtanıp júredi eken. Sol úshbas ashamaylıdan órbigenler ele de sol atı menen atalıptı.

## ALTÍN AYDARLÍ QÍZ

Bayaǵıda úsh jigit birge joldas bolıp kiyatırıp, joldan úsh máyek tawıp alıptı. Birinshi máyekti jarsa, ishinen muz, ekinshisinen duz, al úshinshi máyekten bir sulıw qız shıǵıptı. Úsh jigit qızǵa talasıp qalıptı.

Sonda qız olarǵa:

— Sizler men ushın talaspań. Jolıńızdı dawam ettire beriń. Qaysıńızdı qálesem, sonıń izinen eremen, — depti.

Úsh jigit onıń aytqanınday etken eken, qız úshinshi jigittiń izine eripti. Jigit óziniń awılına jaqınlaǵanda, aldı menen ata-anamdı xabarlandırayın dep, qızdı bir terektiń basına otırǵızıp ketipti.

Sol waqıtta bir xızmetker qız qolında gúzesi menen suw alıwǵa kelipti. Ol endi gúzesin suwǵa batıra bergeninde, terektegi qızdıń suwdaǵı sáwlesine kózi túsipti. Qız suwdaǵı sáwleni óziniń súwreti dep oylap, «usı sulıwlıǵım menen xızmetker bolıp júrippen-aw» dep qolındaǵı gúzeni suwǵa ılaqtırıp jiberipti. Bunı terek basındaǵı qız kórip kúlipti. Xızmetker qız joqarıǵa qarasa, terektiń basında sulıwlıqta teńsiz bir qız otır eken. Suwdaǵı súwret óziniki emes ekenin bilgen xızmetker qız sulıw qızdan ósh alıwdı oylaptı.

— Háy, dostım, jerge tús. Ekewimiz suwǵa shomılayıq, — depti ol terektiń basındaǵı qızǵa.

Qız terektiń basınan túsip, xızmetker qızdıń qasına kelipti. Sulıw qızdıń basında altı qulash altın aydarı bar eken. Ol xızmetker qızǵa:

— Men shomılǵan waqıtta sen meniń aydarımnan uslap tur, — depti.

Xızmetker qız altın aydarlı qız suwǵa túsken waqıtta onıń aydarın kesip jiberedi. Qız suwǵa ıǵıp ketipti. Sum xızmetker qız altın aydardı basına taǵıp, terektiń basına minip otıra beripti.

Jigit qızdı alıp ketiwge kelse, onıń túri ózgerip ketipti.

— Saǵan ne boldı? — dep soraptı ol qızdan.

— Seni kútemen dep usınday halǵa keldim, — depti qız.

Sol kúni jigittiń awılı qıslawdan jazlawǵa kóshipti. Bayaǵı altın aydarlı qız suwdan shıǵıp botalaqqa aylanıp, kóshke ere beripti. Olar jazlawǵa kelgennen keyin xızmetker qız kóshke erip kelgen botalaqtıń altın aydarlı qız ekenin sezip qalıptı. Ol jigitke:

— Mına botalaqtı maǵan soyıp ber, — depti.

Jigit botalaqtı soyıp atırǵanda bir súyek ananday jerge ushıp túsipti. Sol súyekti sol awıldıń bir kempiri tawıp alıp, onnan ózine urshıq islep alıptı.

Qız kempir úyden shıǵıp ketken waqıtta úy ishin jıynap, sıpırıstırıp, kempirge awqat pisirip qoyıptı. Kempir úyine kelip qarasa, úyi sıpırıstırılıp, tazalanıp qoyılǵan, qazanda awqat pisip tur.

Ol erteńine úydiń sırtınan ańlıptı. Qarasa, urshıq sulıw bir qızǵa aylanıp, úyde xızmet etip júr eken. Bunı kórip, kempir dárriw ishke kirip kelipti. Urshıqqa aylanıwǵa úlgere almaǵan qız basınan ótkenin kempirge aytıp beripti.

Erteńine kempir jigitke barıp, qızdıń basınan ótkenlerdi aytıptı. Jigit kempirdiń úyine kelip qarasa, onıń úyindegi qız bayaǵı máyektiń ishinen shıqqan, altın aydarlı qız eken. Ol qızdı úyine alıp barıp qırq kún toy berip oǵan úylenipti. Ekewi kóp jıllar baxıtlı jasap, murat-maqsetine jetipti.

## TAQÍWA DIYQAN

Burıńǵı ótken zamanda bir taqıwa diyqan bolǵan eken. Ol nayatıy qanaatshıl adam eken. Qanday qıyınshılıq bolsa da, jumısqa jaramay qalsa da, hesh nalımay, tek shúkirshilik etedi eken. Awıl arasında jumıs tabılmasa, qońsı jurtlarǵa barıp talap islewdi ádetke aylandırıptı. Kúnlerdiń birinde irgeles jurtqa talap etiwge shıǵıp júrip, bir sárhawızdıń boyında úsh otawdıń tigiwli turǵanın kóredi. Bul jerden qol ushı talap tabıların oylaǵan diyqan birinshi úyge kirip:

— Talap izlep kiyatırǵan adam edim, eger miynet haqı tóleseńiz, esigińizde talap isleymen, — depti.

— Keshirersiz, haqı tóleytuğın qárejetimiz joq, — deydi úy iyesi.

Diyqan ekinshi úyge kirip baradı. Ol úydiń iyesi de:

— Mınaw qońsı úydiń gúndesi menen jer aydaytuğın edim, bizde de ulıwma puldıń bolmay turğanı, — dep úshinshi úyge siltepti.

Diyqan úshinshi úydiń esigine de barıp sonı aytadı. Ol úydiń xojeyini tap házir aqsha joqlığın, biraq pul bolgan waqıtta haqısın tóleytuğınlığın aytadı. Diyqan úshinshi úyde talap islewge qalıp qoyıptı. Sol úyde altı ay xızmet islepti.

Bir kúni diyqan óz jurtına baratırğan kóp kárwanlardı kórip, altı ay xızmet islegeni ushın úy iyesinen on teńge alıp, kárwanbasıdan úyine berip jiberedi.

Kárwanbası jolda onıń on teńgesine bir balıq alıp, diyqannıń úyine alıp barıp beredi. Diyqannıń hayalı balıqtı asayın dep ishin jarsa, ishinen gáwharı-shamshıraq shığıptı. Hayal gáwhardıń birewin satıp, mol dúnyalı bolıptı. Ekinshi gáwhardı satıp, sawlatlı háwli-háremli jay alıptı.

Bir jıldan keyin diyqan qalğan altı ayına on teńgesin alıp úyine qaytadı. Jolda bazarlıqqa alma alıp keledi. Kelse, óz úyiniń ornında úlken saraydı kórip hayran qalıptı. Úyine kelip, bala-shağasın kórip, apaq-shapaq bolıp kórisedi. Kútpegen jaqsılıqtı esitip, jáne de shúkir etedi.

Diyqan usılay kún keshirip júrgende, sol jurttıń patshasınıń balası qattı awırıptı. Balasın táwipke kórsetken eken, táwip onıń emine alma buyırıptı. Biraq, patshalıqtan alma tabılmaptı. Patshanıń alma izlewshi adamları diyqannıń alıp kelgen almasın alıp xanğa barıptı. Sol almanı balağa jegizgen eken, balası táwir bola baslaptı. Bul xızmeti ushın patsha diyqanğa ğáziynesinen kóp dúnya berip qaytarıptı. Sóytip,

diyqan óziniń haqqa shúkirshiliginiń arqasında bay-dáwletli adamǵa aylanıptı. «Bir nársege bir nárse sebep boladı» degen danalıq usınnan qalǵan eken.

## ATANIŃ NÁSIYATI

Burıngı ótken zamanda Qáwender degen bir bay bolıptı. Onıń Erkinbay degen balası bar eken. Sol Qáwender baydan Dosbergen degen bir jarlı jigit mıń tilla qarızǵa alıp, basqa bir elge sawdagerlik etip ketedi. Sonsha jol azabın, qáwip-qáterdi jeńgen Dosbergen sol jurtqa barıp, sawda-satıq isleri menen bolıp, oǵada bayıp ketipti.

Aradan birneshe jıl ótti. Qáwender bay balası Erkinbaydı jolǵa tayarlap, qarız alıp, xabar-atarsız ketken sol Dosbergen degen jigittiń izinen sawdaǵa jiberetuǵın bolıptı. Bay balasına:

— Jolda júrseń joldasıńnıń atın sora, qonaq bolıp barǵan jerińde keshegi aytqan násiyatlarımdı esińde tut, balam! — dep aqıl-keńesin beredi.

Erkinbay ata-anasınan aq pátiyasın alıp, jolǵa rawana boladı. Jolda aldınan bir ǵarrı shıǵıptı. Ádeplilik penen oǵan sálem berdi. Sálem-álikten keyin ol ǵarrı menen jolın dawam etedi. Bul ǵarrı Qıdır degen kisi edi. Olar sheksiz úlken bir jolǵa shıǵıptı.

Kóp júrgennen keyin bir qalaǵa kiripti. Sol qalanıń turǵınlarınan «Bul kimniń qalası?» dep soraydı. Sonda bir ǵarrı turıp:

— Bul Dosbergenniń qalası, — depti.

Sol aytqan adam baydıń izlep tabıwdı tapsırǵan adamı eken. Dosbergen Ámiwdáryanıń boyına qatırıp úlken bir jay saldırǵan eken.

Sonnan Dosbergenmiń úyine bardı. Olar hal-awhal sorasıp, tanısıp, bir-bir bayanın aytttı.

Úy iyesi olardı jaqsılap kútti. Endi jatıwına gezek keldi. Dáryanıń boyındağı jayğa barıp, tósek salıp jatqaratuğın bolıptı. Bayağı ákesiniń aytqanı yadında bar eken. Jańağı joldası Qıdırğa «men hawlığıp turman» depti de, sırtqa shığıp, Dosbergenge kelgendegi jumısın bildiripti. Sonsha bay-dáwletli bolsa da, Dosbergen onıń soraǵan mıń tillasın bergisi kelmeydi.

— Erteń azanda mıń tillanı beremen, házirshe jatıp dem alıń! — dep Dosbergen kúlip qoya beredi. Erkinbay «erteń bolsa erteń» dep, uyqığa ketedi.

Azanda tursa, tań atıp ketken. Ján-jağına qarasa, qudaydıń hámiri menen bayağı sháhár joq bolıp ketipti. Endi mıń tillanı sorayin dese, adam taba almaydı. Sonnan keyin ğarrı menen ekewi jolğa rawana bolıptı. Aqırında patshanıń sarayına keledi. Bala patshağa arzı etipti.

— Men Dosbergen baydan mıń tilla alatuğın edim. Búgin aqsham dáryanıń degishine ketipti. Men mıń tillanı kimnen alaman? — dep soraptı Erkinbay.

Sonda patsha:

— Óziń jat jurttan kelgen ekenseń. Pármanlardı bilmeytuğın shığarsań. Elimizde birewge qarız beriwge de bolmaydı, alıwğa da bolmaydı. Eger sol Dosbergenniń qarız alğanı ıras bolsa mağan tilxatın ákeliń! — dedi.

Átteń, bay Dosbergennen tilxat almağan edi. Endi paydası joq, qazılarğa barğan menen, olar da patsha sorağan dálillewshi hújjetti sorawı anıq.

Eń aqırında Qıdır menen izine qaytadı. Jolda kiyatırıp Erkinbay salmağı bes batpan tas tawıp aladı. Ol qımbat bahalı

tastı alıp qorjınǵa saladı. Ǵarrı menen birge qaytadı. Baydıń balası úyine keledi. Bolǵan waqıya-hádiyselerdi birme-bir bayan etedi.

Sonda bay:

— Ne ákeldiń, balam? — dep balasınan qorjındı alıp, tekseredi.

Ishindegi tas altınnan eken. Bul baylıqtıń deregi bolıp, olarǵa bir ómirge jetipti. Al, bayaǵı jalatay Dosbergenniń bir neshe jınayat isleri ashılıp, zindanǵa túskeni haqqında xabarlar tarqaydı.

Erkinbay sawda-satıq islep, hadal miyneti menen muradı-maqsetine jetedi.

## MAZMUNÍ


Altın kese........3
Qara atlı bala........17
Túlki menen bódene........24
Ógiz, teke hám qoraz........28
Shımshıq túlkini qalay jeńdi?........30
Arıslan hám túlki........31
Qoy hám pıshıq........32
Sumlıqlı shaǵal........32
Altın shaqlı kiyik........34
Aqıllı bala........36
Arıq mergen........40
Bay balası hám jarlı balası........45
Aldar kóse, Muxtar kóse, Duxtar kóse........52
Mójenetas........60
Sum eshek........63
Aǵalı-inili talapkerler........66
Ádil qutlıq........69
Dúnyanıń zorı........72
Dáw menen bala........73
Aqıllı bala........74
Ertegim erte boldı........76
Tóppelegish tórtew........78
Ógiz, eshki hám qoraz........80
Qırman súziw qızıǵı........82
Piller ne ushın tıshqannan qorqadı?........85
Nanbaydıń balası........86
Jartıbas........91
Bala batır........103
Úsh aǵalı-inili batırlar........107
Altın aydarlı qız........112
Taqıwa diyqan........114
Atanıń násiyatı........116